ISSN 0235 - 0130

16+

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

1 / 2016
январь - февраль





**МухІаммад ШАМХАЛОВ**
**1916 - 2016**

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Дагъистан Республикаялъул хIукумат

**Учредитель:** Правительство Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**1**

**2016**

**январь - февраль**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**
Фазу ГIалиева,
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова - *жавабияй секретарь*
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

**Номералда руго:**

**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**

РакIал рацIцIалъани, гIумруги роцIинаан ....... 3

**МУХIАМАД ШАМХАЛОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 100 СОН**

ГIадамазул рекIелъ хутIила даим ....... 6

**М.Шамхалов.** Чиярал *(хабар)* ....... 7

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Чанго бицен ....... 15

**ЦIИЯЛ АСАРАЛ**

**М.ГIабдулхIалимов**. ГIурччинаб гвермендо *(хабар)* ....... 17

**КУЧIДУЛ**

**С.ХIасанова.** БолмацI. ....... 25

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**

**З.Батирова.** Борхалъиялде нух. ....... 29

**ПЬЕСАБИ**

**Ж.ГьитIинав.** Лъутарав. ....... 41

**КУЧIДУЛ**

**Н.Гъазиев.** Дур квербакъи буго. ....... 56

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**Ш.Шагьмарданов.** Солдатасул эбел *(хабар)*. ....... 60

**РАКIАЛДЕЩВЕЙ**

**М.ГIабдулхIалимов.** Дов вукIана магъил чи ....... 67

**Т.Таймасханов.** *КучIдул* ....... 68

**КАВКАЗАЛЪУЛ ХАЛКЪАЛЪУЛ КIАЛЗУЛ АСАРАЗДАСА**

Киназего гIаммаб талихI. *(Асатиназул маргьа)* ....... 76

**ЦIИЯЛ ЦIАРАЛ**

**П.МухIамадова**. Дир магIаруллъи *(кучIдул)*. ....... 83

**УМУМУЗУЛ КIАЛЗУЛ ХАЗИНА**

**Н.ГIисаев**. МагIарулазул халкъиял кучIдул. ....... 86

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБ ЦОЯБГИ**

**М.-Р.Дациев.** Дица гаишникасда каратI бахъана *(хабар)* ....... 91

**КЪО-МЕХ ЛЪИКI, НИЖЕР ФАЗУ**

**М.АхIмадов.** Фазу ракIалде щвеялъе ....... 94

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Журнал зарегистрирован Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций. Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0013 от 20 мая 2009 г.

**Типография:** ООО Издательство “Дельта - Пресс”
**Адрес типографии:** 367000, РД г. Махачкала, Промшоссе, 10[а]

**ДРУЖБА №1 2016 г.**
январь - февраль
*На аварском языке*

Выход в свет 9.03. 2016 г. Тираж 715 экз.
Заказ №1 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367025, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова 55.*

## РАКIАЛ РАЦIЦIАЛЪАНИ, ГIУМРУГИ РОЦИНААН

*КIудияб кIиго сумкаги босун, хIалицаго гIадин уней йигоан лъабкъойилъе сонал рахарай гIадай гIадан. Хадув гIунтIарав гIолохъанчияс гьелда абуна, ункъачIо, дица дуе кумек гьабилин, цояб сумкаги дихъе кьейин.*

*- Лъала дида мун гIадазул кумек! ТIагIа цевеса, гъачагъ...» ва гь.ц. , «ункъачоца» гIолохъанчиясде ахIичIеб жо течIо.*

*КIудияб такъсир жинцаго гьабураб гIадин, сверухъ рукIарал гIадамаздаса намуслъарав гьев вас, хIетI хех гьабун, цевехун ана.*

*ХIакъикъаталдаги гьев гIолохъанчиясе бокьун букIун батизе бегьула ригь арай гIаданалъе кумек гьабизе. Амма гьей гьесда божичIо. Ратулеллъулха «кумек», дой гIаданалда ракIалде кковухъе, гьабулелги. Амма гьадаб ахIи-хIур гьабичIого, берцинго гьесул кумек нахъчIварабани, рекъараб букIана, гIолохъанчиясулъ гьелда божи гьечIев чи вихьун ватани.*

*ГIисиназ чIахIиязул адаб-хIурмат гьаби нилъее умумузулъанго ирсалъе щвараб букIана киналго заманабазда. Гьеб хасият гIолохъанаб гIелалъулъ рагьулел хIужабиги кигIан бокьаниги рукIунаан. Масала, газеталдацин хъвалаан магIарухъе унеб автобусалда, ригьалъ кIудиязе жидерго бакIалги кьун, гIолохъанчи, яги гIолохъанчIужу щуго-анлъго сагIаталъ рахъун чIеялъул. Доб мехалда ракIалде кколаан, лъица гьедин гьабулареб, газеталда хъвазегIанаб жойищ гьебилан. Гьанже балагье, хасго шагьаралда, чIедераб нухдасан ригьалъ кIудияв вачIунев вугони, гьесие нух тезе хиял гьабуларо гIемерисел гIолилаз. Ургъел гьечIолъийищ гьеб? ЧIухIийищ? Гьезул цонигияб батиларо, тарбия щвечIолъийин абизе бегьила гьелда. Гьанжесеб заманалъул тарбияги тадбирги батIияб буго. Жалго гьел рагIабазулго магIна билун буго. Адаб-хIурматги гIаданлъиги гIадаллъилъун толеб буго.*

*Шагьаралъул поликлиникаялда жиде-жидер унтуе хIажатав тохтурасухъе ине ирга щвезегIан гIодор чIун щиб, рахъун чIун щиб рукIана гIезегIанго гIадамал. ТIаде ячIарай гьоркьохъеб ригьалъул чIужугIаданалъ «киназего рорчIами» («всем доброе утро») – илан абуна. Гьелъул киназего кьураб рорчIамиялъе цо-кIигояз жаваб гьабуна. Цогияз гьелъул кIварцин гьабичIо, гIемерисел гьей гIаданалъухъ гIабдалалъухъ гIадин ралагьана.*

*ГIадалаб жо щибха гьей гIаданалъ гьабураб? ТIаде рачIараз гьоркь ратаразе рорчIами кьей гIадаллъийищ кколеб? ГIадаллъи гуро – гIаданлъи буго. Амма гьединаб гIаданлъиялдаса нилъ къо бахъанагIан рикIкIалъулел рукIиналъ гIадлъун бихьулеб буго гьеб. Босилин цоги гьадинабго мисал:*

*Мун унев вуго пуланаб идараялде къваригIелалъ. Гьениве унеб мехалъго дур ботIролъ рещтIунеб буго, къваригIел, хехго тIубаладай абураб пикру. Щай гурелъул, гIисиналгIанасел хъулухъчагIазул «хIакимлъи» кIудияб батула. КIудиязулги батIалъи щиб. ХIисаб гьабеха, чанго сагIатальцин чIезавулев вуго хIакимас балагьун доба магIарухъа жиндихъе хIажалъи ккун вачIарав херав чи. Рекъон букIинароандай бачIинахъего гьев кабинеталдеги вачун, гьекъезе чайги кьун, берцинго гьесда кIалъаралъазе. Бажарани, херасул къваригIелги тIубан, бажарулеб гьечIони, ракI-макI гьабунгIаги гьев гIодове виччазавуни.*

*Гьелъ буго, къваригIелалъ щвараб бакIалда адабалда чи кIалъанигицин нилъ гьесдаса намуслъулелги, гьесда гIажаиблъулелги, гьесие щиб букIаниги кьун рази гьавизе ккелинцин ракIалде кколебги. Цо-цо мехалъ гьединав чиясе нилъедаса кьолеб-толеб жо хIажат бугодаянцин хIисаб гьабулебги.*

*ГIадамасде божи хвараб заман букIиналъ, божизе бегьулев, лъикIав чиго хутIун гьечIин абураб пикру щулалъун буго гIемерисезулъ. Цо гIакъилас абун буго, киналго гIадамал лъикIал ругилан ккейги гIадаллъи бугин, лъикIав чиго гьечIилан ккейги хIалихьалъи бугин.*

*Щивав чиясулъ буго лъикIабги квешабги. Кинасулъ кинаб кигIанасеб бугебали – гьеб батIияб суал буго.*

*Дунялалъул тарихалда бищун кIудияв бидулав хIисабалда цIар тIибитIарав Гитлерица лъеберабилел соназда Германиялда кIудияб тIалаб-агъаз гьабулеб букIана лъимал гIемерал хъизамазулги, язихъалзагIипазулги. Гьединазе кумек гьабиялъе ургъараб хасаб социалияб программацин букIана гьесул. Гьединал мисалал, квешал рахъаз, лъикIал тIуранго рахчизарурал гIадамазул гIемер руго инсаниятальул тарихалда.*

*Руго жидер гьунаральги, бажариялъги, гIакъиллъиялъги гIалам хIайран гьабурал гIадамазул, гIисинлъималцин тIадрелъизе гIадал загIипал рахъазе мисалалги. Киназдаго лъалеб кIодолъиялда цадахъ, дагьазда гурони лъалареб гьитIинлъиги батула цIакъго цIакъ машгьуралги гIадамазулъ.*

*Рижиги хвелги гурони, цониги чиясул цоцазда релълъараб жо щибниги гьечIо гIамалалъулги цоги хутIанциналъулги. Квешккараб жо буго, хасго нилъер заманалда гIадамал цоцаздаса рикIкIалъулел рукIин. МагIишаталде гIищкъу цIикIкIанагIан, гIаданлъиялъул рухьен расгIанги тIеренлъун, тIутIун унеб букIин.*

*Маршруткаги лъалхъизабун цо гIадан къватIие яхъунелъул, кIудияб ахIи-хIур бахъинабуна шоферас.*

*- Рокъоб гIарацги тун машинаялда рекIине бегьуларо. Лъелго ине ккола. Мун чIойого ячине кколев чи гуро дун… ва гь.ц.*

*Гьесул ахIи-хIур лъугIизе бокьиялъги, гIадамазда цее гьес дой гIадан намуслъизаюрай куцальги рахIат хвезабун батила, гьелъие гIоло гIарац дица кьелин абуна цо гIолохъанчияс. Дун дуе гьардухъан гурилан гьесдеги дагьавги цIакъ хъетIана шофер.*

*Гьей гІаданалъул гІарац хІакъикъаталдаги рокъоб кІочІон хутІизе бегьула, яги гьелъул рекІадухъ кьезецин гьеб букІунгутІизе рес буго. Гьединалги руго гІадамал. Нилъеда гІемерисеб мехалъ бечедал гурони, мискинал, ресукъал рихьуларо, гьединал гьечІилан ккола. Амма руго. ГІемер руго. Кин щиб батаниги, гьадаб ахІи-хІур гьабизе ккелаандай дов чияс?*

*Гьебги, гьанир ресхсарал цоги хІужабиги бицинегІадал жалищин абулелги камиларо. Гьезде нилъ ругьунлъун ругелъулха. Гьеле гьеб кинабго жоялде ругьунлъи, гьединал лъугьа-бахъинал гІадатиял ишаллъун рихьи буго квеш ккараб жо. ХІисаб гьабе, кинаб букІаниги данделъиялде, дандеруссиналде унелъул нилъ маххул ункъбокІоналда жанисан риччала. Гьелдеги нилъ ругьунлъун руго, гьедин букІине кколеб гІадин. Унго-унголъунги гьедин букІине кколебги буго. Гьединал бакІазда гурищ дол терракталгьарулел? Гьелъ буго гІадамазе хІинкъи гьечІолъи цІуничІого рес гьечІебги. Лъидаса? Рохьор ругел жанавараздасайищ, яги зодосан, гІодосан рещтІунел балагьаздасанищ? Гуро. Нилъго гІадин кІалъа-ралъалел, квана-гьекъолел, рега-рахъунел гІадамасул сураталда рижарал (лъаларо цІар кинаб лъелебали) гьездасан.*

*Гьеб киналъего гІиллаби батІи-батІиял ратила. Гьезул гІемер бицуна. Такрар гьабиялъул мурад букІинаро.*

*Буго цогияб рахъги.*

*Ригьалъухъ, гІамал-хасияталъухъ, хъулухъ-ишалъухъ, цоги гьабулебтолелъухъ балагьичІого Аллагьасде руссараб, как-диналда ругеб мехалъ, киналго рукІуна цого къагІидаялъ. Цого къагІидаялъ къула-рорхула, цого къагІидаялъ, цодагьаб мехалъниги цоги хутІанщиналъул хІисаб гьабичІого, нилъ рижарав БетІергьанасе хІелула, цого къагІидаялъ дугІаялъе кверал цере ккола…*

*Хадуб, нилъерго, щивасе хасиятаб, щивасда гІумруялда батараб иш-пишаялде руссуна. Щай бегьулареб гьадабго хІалалъ ракІалги хІеккинарун гьабизе цогиябщинабги. Ццин бахъани, Аллагьасе гІоло, сабруялъ гьеб къинабизе, квешлъиялде пикру гьесани, мунагьалдаса хІинкъун гьелдаса нахъе къазе, цогияб какарабщиналде ракІ цІани, илбис къезабизе къуват батизе. Напсалда, хасияталда, къасдазда сверухъ ахІвал-хІал роцІинабуни, бецІлъиги канлъиялде сверила, квешлъиги лъикІлъиялде буссина.*

*Улкаялъул бутІрузгицин ахир-къадги хІисаб гьабулеб буго инсанасулъ, хасго тІаде гІолеб гІелалъулъ, гІаданлъи-чилъи, патриотизм борчІизабизе ккеялъул. Гьелъие хасаб программацин ургъун буго щуго соналъе хІисаб гьабураб. Нилъер республикаялдаги гьаризе ратила гьелъие хІалтІаби. Амма лъие-лъиениги цІар-реццалъе хІужаби хІисабалда рехсезесел данделъабаздаги дандеруссиназдаги гьел къокълъиладай абурабги бижичІого хутІуларо пикру. Гьеб нилъер заманалъе хасиятал гьай-гьуй бугелъулха. Данделъабазги дандеруссиназги хІасил кьолеб букІарабани, нилъ кинабго рахъалъ цІакъго цІакъ тІадегІанлъиялде рахун рукІинаан.*

*Кин щиб биданиги, гІадамазул ракІал рацІцІалъани, цадахъго гІумруги роцІинаан.*

***МухІамад ПАТАХІОВ***

## ГIАДАМАЗУЛ РЕКIЕЛЪ ХУТIИЛА ДАИМ

Исана 100 сон тIубала нилъер машгъурав хъвадарухъан, журналист МухIамад Шамхалович Шамхалов гьавуралдаса.

Шамхалов гьавуна ЦIумада районалъул Лъондода росулъ, гьоркьохъеб лъай ва тарбия щвана школа-интерналалда ва хадуса лъугIизабуна партиялъул тIадегIанаб школа. ЗахIматалъулаб гIумруялда байбихьана районалъул «Социализмалъул байрахъ» газеталъул редакциялдаса. 1836 соналда хIалтIизе лъугьана республикаялъул «МагIарул большевик» («ХIакъикъат») газеталъул редакциялде. Гьениб гьес корректорлъиялдаса бетIерав редакторасде щвезегIан нух нахъа тана.

Шамхаловас тIоцере хъвалел рукIана кучIдул ва 1954 соналда гьезул тIехьги бахъана. Амма хеккого гьев, кучIдул хъвайги тун, хабариял асаразде вуссана. 1965 соналда Дагъистаналъул ТIахьазул издательствоялъ бахъана гьесул харбазул «КIудияв вац» абураб тIехь. Хадурккун цоязда хадур цоял Москваялда гIурус мацIалдаги магIарул мацIалдаги рахъарал «Гьанжесев магIарулав», «ГIумруялъул дарсал», «Дир эмен», «Салтанат», «КIкIалахъ бахъараб кьвагьи», «Намус», «Гьаб маргьа гуро», «КIудияб гIумруялъул къоял», «ГIадамал руго гIадамал», «ХIалхьи гьечIел гIадамал» абурал тIахьаз.

ГIемерал соназ Шамхалов МухIамад вукIана Дагъистаналъул Журналистазул союзалъул председательлъун, МахIачхъала шагьаралъул ва районалъул исполкомазул членлъун, партиялъул МахIачхъала шагьаралъул комитеталъул членлъун.



**М. Шамхалов бакьулъ**

Дагъистаналъул литература бечед гьабиялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъе ва хIалтIулъ бихьизабураб хIаракатчилъиялъе гIоло гьесие кьуна «ХIурматалъул гIаламат» орден, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъанасул цIар, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул грамотаби.

Шамхалов МухIамад вукIана жинда божилъи гьабураб хIалтIи ракIбацIцIадго ва кIудияб хIаракатчилъиялда тIубазабулев ватIаналъул патриот, гIакъилаб, гьуинаб, гIодобе биччараб каламалъул, гьитIинасдаги кIудиясдаги рекъезабизе лъалев, берцинаб гIамалалъул, лъикIав инсан.

Гьединал руго гьесул къисабазул, харбазул аслиял героялги. Нилъеда гьенир ратула цIияб гIумру гIуцIулел захIматалъул бахIарзалги, гIадамазе лъикIлъи гьабизе хIадурал, гIаданлъи цIикIкIарал лебалал гIадамалги, хIинкъи-къай лъаларел, гIумруялъулъ ритIухълъиялъе гIоло къеркьолел ва цIияб гIумру гIуцIулел гIолилалги.

Гьале Шамхалов МухIамад гьавуралдаса ана 100 сон. Амма гьесул асарал добго гьираялда цIалулел руго, малъулел руго школазда. ЧIаго букIина гьесул цIар.

## ЧИЯРАЛ

### I.

Гьеб букIана роцIараб ихдалил къоялъул радал гIуж. Рорхатал мугIрузда гьоркьосан бугеб, кьураби рорлъун гьабураб, кIичI-кIичIараб нухги нахъа тун, ниж районалъул централде щвараб мехалъ, бакъ лъикIаланго эхеде бахун букIана. Нижеда тIад, мугIрузда хъван-хъвачIого ругин кколел, лъикIго бацIцIун къачIараб, рагIа-ракьан гьечIеб цIорол матIу гIадин рихьулел хъахIилал зобалазги, зодире рахине хиялалда квачIид рахъун чIарал гIадал, ихдалил кьер чIварал гургинал мугIрул-щобазги, лъелъ ччун рахъарал гIадал гIурччинал кIкIалазги сверухълъиялъул цIакъго гьайбатаб сурат лъугьинабун букIана. Районалъул централда цебесан къокъун унеб бугеб хехаб ГIанди гIоралъухъги, магIардехунисеб хьунлъиялда, бецIгIурччинаб ралъад гIадин, рихьулел чIахIиял накIкIил рохьазухъги ралагьараб мехалъ, ракIалде ккола гьеб кинабго берцинлъи инсанас жинцаго ургъун гьабураб жо бугилан. ТIоцеве гьениве щварав чи гьечIониги, гьеб киналъго дие кIудияб ва ракIалдаса унареб асар гьабулеб букIана.

Айвазги  дунги, райцентралъул школалда цере щвана. Гьенир кIудияб цIулакьодул гьотIокь кидаго гIемер гIадамал рукIуна. Гьале жакъаги гьеб гIадамазул цIун буго. Лъале-хъвалелгун гьикъарилев вугеб мехалъ, дида рагIулеб букIана гьитIинаб лъимадул роцIараб цIурмил гIадаб гьаракь. ТIатIалаго «дада…», «дир дада», «нижер дада» – ян ахIтIелеб букIана лъимер.

– Дой яс нилъеде ахIтIелей йигин ккола, – ян абуна Айвазица дида гIункIрукьги тункун.

Гьес дида йихьизаюна лъикIаб тахта гIадаб кIургIараб, сатингIанги чIегIераб, керчаб катIариялъул, гургинаб гьумералъул гьитIинай берцинай яс. Гьей, гIисинал кверлаги гIебеде ритIун, битIахъе боржине къачIараб хIинчI гIадин екерунги ячIун, дир махIабазулъ хурхун чIана. ПонцIорал гIеч гIадал багIарал гIанабазул, тамашаго чIагоял чIахIиял беразул гьитIинай ясалъ, щибго щак-

даричIого дадян абураб мехалъ, дир черх цIунцIрахун ана. ГIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ гьей ясалъ абуна дида дадайилан. КигIанха гьеб хIикматаб лъимадул дадалъун дие вукIине бокьилебан. Дида ккана гьей ясалъул цIолбол гарал гIадал кенчIелел бераз жий кодое ячеян гьарулеб бугилан. Кодое ячине дун къуларавго, габурги ккун, хурхун чIана дида гьей. Тамашаго лъикI букIана диеги. Дица гьей лъикIго каранде къана.

Бицине букIарабщинаб жо кIочон тараб гIадин, гьей лъикIалан заманаялъ юцIцIухIун чIана. Таваккалго гьечIого дихъги ялагьун, бабадулеб мацIалъ, гьей гьитIинай жоялъ рекIелъ хIинкъигун дида гьикъана:

– Мун тIокIав иналиш базалалде, дада? – ян.

Дица хIисаб гьабуна гьелъул эмен кивениги ун ватилин ва эбелалъги гьелда «базаралде анилан» абулеб батилилан. Гьей цIакъ йохана базаралде инарилан дица абураб мехалъ. Дица еэданагIан, ясалъул таваккал гьечIолъи дагьлъулеб букIана. Гьоркьо-гьоркьоб уъ-уъиланги абун, гьелъ дида гIемераб хабар бицунеб букIана. «Мун тIокIав хIинкъуге, дада, – ян абуна гьелъ разиго, инсухъ гIадин дихъги ялагьун, – богIологи, хъамалоги, бацIги бабаца чIвана».

– Лъимадул берцинлъи бихьулищ? – ян абуна Айвазица, ясалъул гьитIинаб мегIералда килищги кIутIун. – АллагьасхIа эбелги ятизе йиго берцинай гIадан.

Гьес дихъа яхъилилан хIинкъарай гIадин дир каранде кьерун чIана яс.

– ЦIар щиб дуда?

– А-ш-и-ят буго, – ян абуна гьелъ, цо рахъалде бетIерги гьетIизабун. ЛъикIго ва тIубанго ракI чIезе бокьун бугеб гIадин, нахъеги: – мун дада вугищ? – ан дидаги гьикъана гьелъ.

Дие цIакъ бокьун букIана уйилан абизе, гьей гьитIинай жо йохизайизе. Кинха лъимада гьереси бицинеб. Дица гьелъул бетIералда квер бахъана.

Асиятица щулаго ккураб дир габур биччалеб букIинчIо. Гьей хIинкъун йикIана хIалицаго ватарав дададаса гьанжеги ятIалъилилан, гьев нахъеги базаралде инилан.

Щиб бугониги Асият йохизайизе жоялъул пикруялда, гьейгун гара-чIвариялда вукIадго, нижеда аскIое щвана гIадатиябго къагIидаялъ ретIа-къарай, чIурканаб, борхатаб черхалъул гIолохъанчIужу. Гьей Асиятида цIакъ релълъарай йигоан. Гьединлъидал, захIматго букIинчIо гьей гIадан ясалъул эбел йикIин лъазе.

– Лъимада гьабилеб жогIаги щиб, Аллагь, – илан абуна гьелъ, дагьай нечарай гIадинги лъугьун, дихъа яс нахъе ячине квералги регьулаго. – Инсудаса бихьараб лъикIлъигIаги щиб дуда, къасиги къадги гьев валагьулей йикIине. ЯчIа бабахъе.

– ГьитIинай жоялде ягъизе бегьуларо, гъарим, – илан абуна эбелалъул тIарамагъадисел рагIабаз тамашалъизавурав дица.

– БитIахъе нечон йигоха, вац… Росулъе цIияв чи вачIине ресго гьечIо – дадаго дадаян хадуй лъугьун йикIуна.

– Эмен кивниги унищха гьалъул вугев?

– Унев, унев хутIаги жив, Хангищил хIелеко гIадин, – илан абуна, лъалаго гьурмалъе рехун бачIараб пашманлъи бахчизе жигарги бахъулаго, гIолохъанай эбелалъ. – Гьале гьав дуда цадахъ гьанив вахъун чIун вукIарав хIалихьат вуго гьалъул эмен…

Гьелъ гьел рагIаби абуна дидаги ццим бахъараб гIадин.



**М. Шамхалов цебесеб кьерда квараниса кIиабилев**

– Айвазищ?!

– ТIокIав щивха вукIинев?

Дир тIагъур каралъ эхеде борхун ана ва тIуркIун нахъехун вуссана. Ракьалъ кIкIварав гIадин, тIагIун ватана чIухIарав, гьайбатав, дица дунго гIадав, азаазар цогидал гIолохъабиго гIадав чилъун рикIкIунев вукIарав Айваз.

– Дун ячIиней йихьарабго, цIе гIадин, лъарахъехун валагьун тIурун ана, – ян абуна гьелъ нахъеги. – Дица бадибе тулеблъи лъан батилаха, хIалихьатида.

Ясалъул эбелалда абизе рагIи бачIунарого, Айваз вихьилародаян, рахърахъалде валагьана дун. Амма Айвазил лъалкIцин хутIун букIинчIо.

– Асиятида довги досда Асиятги лъалел гьечIо гури? – абун гьикъана дица, хъахIаб квербацIцIалъ ясалъул магIу бацIцIунеи йигей эбелалда. Асият ракI бекун, гьарзаго магIуги тIун гIодилей йикIана, жий «дадахъа» нахъе ячунилан.

– Жий гьайилелдего лъутун арав эмен ясалда кинха лъалев? – ан абуна, ццимги пашманлъиги цоцалъ жубарай эбелалъ. – ГIахьвахъ вугилан рагIана. Гьенийги ятун гуккизе дунго гIадинай гIабдал. Дунго гIадин ургьиб лъимергун гьейги тун, Буйнакскиялде щун вугилан, гьений цо лъарагIайги ячун, васги гьавун кепалда вугилан хабар рагIун букIана. Гьалеха, жакъа мунгун гьанив вихьана, вихьизе хъван ватугеяв, – ян абуна меседил гъуни гIадай ясги каранаде къан, рокъоехун унаго, эбелалъ.

– Лукъу вилълъа, дада, лукъу вачIа дада, – ян ахIтIелей йикIана магIил цIурал бералги къапезарулаго, гьитIинай Асият.

Гьанжеги дида кIочон тун гьечIо ва кидаго кIоченеги гьечIо, дун жиндир дадаян ккараб гьитIинаб лъимадул хьулазулги магIилги цIурал берцинал берал.

II.

Гьелдаса нахъе гIемерал сардаз къоял хисана, хасел ун ихал щвана, ралъдалъе гьарзаго лъим чвахана. ГIадамални щиб гурин, жибго тIабигIатгицин гьеб заманалда жаниб лъалаго хисана. Хисун ратиларищха нилъер Асиятги, гьединго Айвазги.

Цо кидаялиго чIобого букIараб гIурул рагIалдаса гIебеде батIи-батIиял пихъазул – цIулакьодул, генул, гIечул гъутIбузул кIудияб ах гIун букIана. Ахикь свердулеб букIана хаслихълъиялъул хъачIаб гьури. Жидерго бакIалдаса къватIиреги гъун, санагIатаб бакI балагьизе рачIунел ругел гIадин, хьвагIделаго ракьалде роpтун рачIинел рукIана тIогьиллъарал тIамхал.

Дун больницаялде щвараб мехалъ, гьури дагьабги гьалаглъана. Сунданиги щцим бахъараб гIадин, гьеб гъутIбузда жемардилеб, гордазда кIетIелеб ва гьештIолаго, цебе батанщинаб жоги хъамулаго, бортанхъилеб букIана. Дун данде ккараб мехалъ къватIиве унев вукIарав, хъахIаб, гъункараб михъмегежалъул бетIерав врач СагIид тIадвуссана.

– Гьадин щцидахараб гьури дида киданиги бихьичIо, – ян абуна гьес, тIаждал кисинисаги бахъун, кIудияб сагIтидеги валагьулаго. – Дур бетIер унтунцин гурищ бугеб?

– Гуро, валлагь, дир щибниги унтун гьечIо. Нижехъа чи вугила гьанивилан абидал, гьесде щвезе вачIун вукIана.

– ЦIакъ бегьула, гьудул, цIакъ бегьула,

Берталъ кьурдизе гуребги, къварилъи ккараб мехалъгийин гIадамал къваригIунел, – ин абуна гьес, лъикIго дихьги валагьун. – Лъабго-ункъо моцI буго гьав пакъирасул гьанив вегун. Гьале цо жакъа мун гурев гьасухъе щвезе цо инсул вахIид ваккичIо. Нич… намус… БахIараб гIумру херлъизегIан больницабазда хIалтIаниги, бихьараб жо букIинчIо. МагIарулаз магIарул лъикIаб гIадаталде мугъ рехизе дие бокьулареб куцха.

Живго унтарав чиясдасаги тохтур разиго гьечIоан. СагIидица гIемер бицен гьабуна гьесул хIакъалъулъги.

– Тамашаяб хIара буго гьеб, – илан абуна херав тохтурас, – вацалги яцалги гьечIел ратани, гьеб бичIчIулеб жо буго. Гьеб гьесул гIайиб гуро. ЧIужугийищха гьечIей, лъималгойищха гьаричIел, живгойин абуни херлъун гIодов ккун вуго. Жал эбел-инсуца гьаруралго гIадин, жалгоги эбел-эменлъун рукIине ккеялъул хIурмат гьабичIого тей кIудияб гьалатI буго.

Тохтурасул гьеб гIакълилаб, амма киназдаго лъалеб философия гьоркьоб къотIизабуна телефоналъул цIурмил гьаракьалъ. Гьесул кIалъаялдасан дида бичIчIана гьев унтараб лъимадухъ валагьизе росулъе ахIулев вукIин. Гьес «сагIатгун бащдалдасан тIаде щвелиланги» абун, трубка магIида бана. Цинги ниж унтарасухъе щвезе рилълъана.

Палатаялде жанире лъугьараб мехалъ, дида гьенив вихьана хварав чиясул гIадаб гьурмал кьералъул, рукьбиги щукIдулги хутIун вакъварав херав чи. Жиндир щекъер къакъалеб бугеб, рахIму гьечIеб хвел бачахъизе дида кIвелеб гIадин, гьесул нур сварал, къваридал ва жанире ротарал берал кIудияб хьулалда ралагьун рукIана дихъ. Гьес, жив жеги чIаго вукIин лъазего гIадин, дагьабго бетIер гьанкIизабуна ва, щапун магIил цIун бералгун, дихъе квер кьезе жигар бахъулеб букIана. Кинго гьесул хIалкIвечIелъул, дица гьесул бакъвараб, цIорораб квер бачана. Гьеле гьеб мехалъ дида лъана унтарав чи

щивали… Гъев лъазе дие кумек гьабуна, гьитIинаб килщил бащалъи гьечIеб, гьесул кваранаб кквералъ. Гъев вукIана Айваз…

Айваз хисун вугеб куц ва гьесда бугеб хIал бихьараб мехалъ дун тIуркIана. Заманго щвелалде гьесул меседил кьераб, гьарзаяб ботIрол рас рахь гIадин хъахIлъун букIана. Доб чамги яс ва живго Айвазги гуккараб берцинаб гьумерин абуни, жибго аргъан гIадин, букIкIуркIкIун ва гъотIодаса бортараб тIамах гIадин тIогьиллъун букIана. ТIаде жоялъеги, гьесул гьурмал сипат квешго хвезабун бугоан, гIинда нахъасан михъибакIалде щвезегIан, багIараб чалу ккураб гIадаб, хонжрол ругьуналъул хутIараб гъваридаб лъалкIалъги.

Айвазие цIакъго захIматго букIана кIалъазе. Амма гьесул пашманал, свакарал ва рахIатхварал бераз бицунеб букIана гьесие бокьарабги гьесда ракIалда бугеб жоги. Гьесие хIажат рукIана гIадамал, гIагарал чагIи… Гьесие бокьун букIана цониги жив хирияв, жинда ракI гурхIулев чи вихьизе, цониги хинаб, лъикIаб рагIи рагIизе. Амма гьитIинай Асиятида ватичIев гIадин, гьесдаги бищун хIажатав чи ватулев вукIинчIо… Дица жигар бахъулеб букIана унтарасе ракI-макI гьабизе, бищун лъикIал хIеренал рагIаби ралагьизе.

Язихъав Айвазида тIаде валагьун вугев дида цереса унел рукIинчIо, ватизего ватуларев дада валагьулей йикIарай гьитIинай ясалъул магIил цIурал берцинал берал. Гьениб дида бихьана ракIалда гьечIеб жо кIалалъ абизе кигIан захIматаб бугебали. Гьелъ батизе ккола «гьедин букIинаро гьудул, Айваз, мадар лъугьина», – ян, щибниги жо кьоларел цого рагIаби такрар гьаризе кколел рукIаралги.

«Лъугьинадайха дир мадарго», – янги абун, Айвазица бералги къанщун, загIипго бетIер гьанкIизабуна. Амма гьесул тату хварал бераздасан бихьулеб букIана чIаго хутIизе гьесул бугеб хIасрат ва хьул.

Гьеб мехалъ, нечадго нижее саламги кьун, бадиса нурги бецIцIулаго, хъахIмикки гIадин, палатаялде жаниве лъугьун ячIана, рачлихъа гIодоре ротарал, риццатал чIегIерал гъалазул, йорхатай чергесай, гIолохъанай яс.



**М. Шамхалов квараниса тIоцевесев**

Гьелъ кӀудияб адаб-хъатиргун унтарасул хал-шал гьабуна, тӀад тӀамураб юргъан битӀа-бищизабуна, жиндирго хӀеренал квераз гьесул бетӀерги борхизабун, гьитӀинабго хӀулидул къандалъу битӀа-бищизабуна, хьибил хисизе гьесие кумек гьабуна.

– Гьале, соналде данде ккун кӀудияб мадар буго, – ян абуна гьелъ, бидул хӀалтӀул халги гьабун, Айвазида. – Жеги мадар букӀинаан мун пашманго вукӀунаревани.

Айвазица щибго абичӀо, гӀицӀго лъалеб-лъалареб хӀалалъ бетӀер гьанкӀезабуна. Гьесие цӀакъ лъикӀ букӀана гьей гьайбатай ясалъ жиндир гьабулеб бугеб тӀалаб, гьелъул недегьлъи ва хӀеренлъи. Гьес цо минуталъги гьей ясалда тӀаса бер босулеб букӀинчӀо. Гьев гьелъухъ валагьулев вукӀана жиндирго рухӀ гьелда бараб бугеб гӀадин.

– Чай босун ячӀинищ, эмен? – илан абуна гьелъ, Айвазил надалдаса гӀетӀги бацӀцӀун. – Цо нухалъ къулчӀизе кӀвани, дуе мадар букӀине буго.

Айвазил берал щапун магӀил цӀуна.

Унтарасулгун къо-мех лъикӀ гьабун, бищун гьесие хӀажатаб ва бищун гьесдаса рикӀкӀадаб сахлъиги гьесие гьарун, бигьа гьабун къватӀире лъугьана СагӀидги дунги. Кидаялиго вихьарав ва хехго кӀочонги тарав гьев чияс, жиндирго бакӀаб ургъалил цо бутӀа дихъе кьураб гӀадаб хӀал букӀана дир къватӀиве лъугьараб мехальги. Ниж лъикӀалан заманаялъ руцӀцӀухӀун чӀана.

– Огь, гӀумру, гӀумру, – ян абуна СагӀидица, бетӀерги гьанкӀизабун, дир бугеб хӀал лъараб гӀадин.

– Гьай, Айвазида «эменилан» абурай яс щий нужер кколей? – ан гьикъана дица, тохтурлъуналдасаги философлъун вукӀине рекъарав СагӀидида. – Цо лъидаялиго цӀакъ релълъун йихьана дида дой яс.

– Цосинай гьесул ясиланцин ккечӀищ дуда? – иланги абун, тамашаго дихъги валагьун, риццатал ращдал хъахӀлъарал михъалъе гьимана СагӀид. – ЦӀакъ хӀеренай, недегьай, гӀаданлъи бугей жо йиго дой. Институтги лъугӀун гьание ячӀаралдаса анкьцин гьечӀо. Досул чиякълъиялъухъ ялагьун къварилъахъдилейцин йикӀуна. Дов пакъирасдаги кколеб буго жив гьелъ ккун вугилан.

– Дуда лъазе ккола Анадаса машгьурай кочӀохъан Мусаласул ГӀашат, – ан абуна, СагӀидги гьоркьов къотӀизавун, медсестраялъ. – Гьеле гьениса йиго нижер цӀияй тохтур.

Дун тӀуркӀана. Бортун ана кодоб ккун букӀараб папирус.

– Дуе щиб… Кеп гьечӀогунищ лъугьарав?

– Гуро…гуро. Щибго гуро. Дун гьадинго… Рилълъа.

ГӀодоеги йиччан медсестраялъ, гӀадатияб къагӀидаялъ абурал рагӀабазулъ букӀана цӀакъго гӀадатияб гуреб жо.

Дунялалда кколареб жого букӀунеб гьечӀилан ккана дида. Нужеда бичӀчӀун батила кинабго… Нилъеца бицен гьабулей яс хӀакъикъаталдаги Айвазил яс – Асият йикӀана. Лъимер кидаго лъимерлъун букӀунареблъи лъалеб жо бугониги, дир пикрабазулъ Асият тӀоцее дида йихьараб мехалъго гӀадин хутӀун йикӀана.

Сон-церекъад букӀараб гӀадин ккана, магӀу тӀун валагьулелъул, жиндирго лъимада вихьизе чӀечӀев Айваз, гӀинтӀа базабун цӀахӀилаб хъурайсингун цевеса цеве тӀурулев вукӀараб заман. Доб мехалъ Асиятие дада хӀажат вукӀаралдасаги, гьанже Айвазие Асият хӀажат йикӀана. Цебе Асиятидасаги гьанже гьев къуват гьечӀевлъун вуго. Асиятил кидагосел гьудулзабилъун рукӀана дада

ватизе ругел хIасратал анищал, гьуинал хьулал. Гьез кумек гьабулеб букIана гьелъие. Айвазие анищазги кумек гьабулеб гьечIо, гьесул хьулги къотIун буго. ХIатта гьес гьереси бицине ккана жиндир чIужу-хъизан гьечIилан…

Дие цIакъ бокьун букIана Асиятилгун гара-чIвари гьабизе, доб цебего гIадин гьанжеги валагьулев вугищ гьелъ жиндирго дадаяли лъазе. Дир рахIат хвезабулеб букIана Айвазида бицун лъикIдай, бицинчIого тун лъикIдай абураб пикруялъ. Дица хIукму гьабуна къаси лъикI ургъизеги ургъун, метер, гIицIго цохIо дида гурони лъалареб балъголъи рагьизе.

Гьеб сордо дица гIодов чIун рогьана.

Радал больницаялде щвараб мехалъ, СагIидица бетIер хьвагIана.

– ЛъугIана дов пакъирасул хIалтIи, – ян абуна гьес, дихъе кверги кьолаго. – Нолъ боголидаса хадув, Асиятида кодоб бетIерги лъун хун ана мискин. Холев вукIин лъанищали Аситида гьарун буго гьаримас къаси жинда аскIой чIаян.

Ахир къадги жиндие хIажатав чи вихьилародаян ругел гIадин, ралагьахъе бералгун хварав Айваз вугеб палатаялдаса къватIие ячIуней ятана дида пашманго Асият.

– Чамго нухалъ абуна дос дуда абизе цо жо бугила жиндир, метер вакилародайилан. Вихьани абичIого тогейилан дидаги гьарана. Мун вугеб бакI дидаги лъачIо. Гьале метерилъезигIанги хутIичIо гьарим, – илан абуна гьелъ, чIахIиял чIегIерал тIелхазда магIуги хулун. – Гьадинал чиякъал гIадамазда ракI гурхIула дир.

Абизе жоги бачIунарого Асиятихъ валагьун хутIана дун. Гьеб лахIзаталда дир букIана Айвазида цебеги Асиятида аскIобги кIудияб такъсирияб иш дицаго гьабураб гIадаб хIал. Щай дица сонго тохтурасдаги, Асиятидаги, живго Айвазидаги дирго балъголъи бицинчIеб. Дида гьеб рагьизе кIвечIо гIолохъанлъиялда ккарал жиндирго гъалатIаз гьесул рахIат хвезабилин, цосинаб гьанжениги гьесухъе бачIун букIун батани намусалъ, загIипав, язихъав Айваз гьебсагIаталъго гьанкъун рехилаан. ЛъачIого лъикI гьесда Асият жиндир яс йикIин. Щибха Айвазил дида бицине букIараб жо… Гьелда тIад дун гIемер ургъана ва кинго лъазе кIвечIо. Айвазица гьеб, ясалъухъецин кьечIого, хабалъе босун ана.

– Дур гIагарав гIунтIаравгIагийищ гьав кколев? – ан гьикъана, дир хIалалъухъги ялагьун, Асиятица.

– Гуро, Асият. Дур ватаниги дир гуро.

Щаялиго дир гьел рагIабаз Асиятил тамашаго берцинаб гьурмада загIипабго гьими кунчIизабуна.

* * *

Къаде нахъе нижеца Айваз вукъана росдада нахъа бугеб, ахил рагIалда, хераб цIулакьодул гъотIода гIагарлъухъ. Гьев вукъизе рачIана Асият, СагIид, нахъеги больницаялъул цо-кIиго хIалтIухъан ва ракI гурхIарав чамго чи.

«Гьале, вукIана Айваз…гьале гьечIо Айвазилан» пикру гьабуна дица, гьесде ракьги хъван унаго.

– Чиякъалги рихьана, къо бухIаралги рагIана, амма гьадигIан гIадамазги гIумруялъги мугъ рехарав чи киданиги вихьун вукIинчIо, – ян абуна, гьурмалъ пашманлъигун Асиятица, росу рагIалде щвараб мехалъ, кинабалиго доба

нахъа хутIараб, янгъизаб инсул хоб бугеб рахъалдехунги юссун. – Цо нухалъ гьадин чиякъго хвезегIан, къаданир гIодор чIун гIага-божарал гIадамалгун, щибниги хабалъе босизе ккеларедухъ ракIалда бугебщинаб жоги гьезда бицун, лъабго нухалъ тIатIала хвезе бокьилаан.

Асиятил гьел рагIабаз кьвагьизабуна тIухьигIан бакIго бугониги ургьиб цIунараб дир балъголъи.

– ГIагаралги божаралги гьечIев чиясда гуро, Асият нилъеца тIаде ракь хъвараб, – илан абуна дица, дирго изнуго гьечIого, – амма магIу тIун валагьулеб мехалъ рагIадгIанги кодове щвезе чIечIелъул, жакъа чиякъго хутIун ватана.

ТIоцебе дир рагIабаз Асиятие кIудияб асарго гьабичIо. Хадубин абуни, дие абизе бокьараб жо бичIчIараб гIадин, гьей борхун габургун, гIажаибго дихъ ялагьана.

– Цо тамашаяб жо абуна дуца, – ян абуна гьелъ, тIад речIчIизе гIадин, дида аскIоеги ячIун. – Щиб бугониги дуда лъалеб жо букIине ккола талихIкъарав чиясул. Бегьулеб батани мухIканго бице, вац.

– ГIайиб гьабуге, Асият… Гьанже валагьулев вукIаравищ дуца гьавали дида лъаларо, гьитIинай жо йигеб мехалъ, къасиги-къадги валагьулев вукIарав ва кинго духъе щвечIев чи вукъана нилъеца жакъа.

– Дир э-э-менищ дуца абулев?! – ян абуна Асиятица, хурхун дир гъежги ккун, ракI бухIараб гьаркьидалъун. Щаялиго лъицаниги абуларабгIан берцинго абунин гьелъ «эмен» абураб хирияб рагIийилан ккана дида.

– У, дур эмен.

КъотIун биччараб гъветI гIадин рехун уней йикIарай Асият нижеца куна. Рокъое щвезегIан тIокIаб щибго жо абичIо гьелъ, амма багIарал гIанабазда мухъалги лъугьинарун, цоялда хадуб цояб гьабун бакъуде дандеги кенчIон, гьарзаго ва киреялиго гIедегIарал гIадин, хехго гирун унел рукIана гьелъул бадиса бухIараб магIил чIахIиял гарал.

Лъабабилеб къоялъ радал бакъ баккулеб гIужалъ, дагьабго гохI ккараб бакIалда бугеб цIияб хабада аскIой, цIорораб ракьалде тIадеги ялагьун яхъун чIун йихьулей йикIана чIегIераб ретIел ретIарай, йорхатай гIадан. Гьей гIадан йикIана Асият. Лъаларо «мун щай дада дидаса тIуранхъарав, щай цониги нухалъ рокъове вачIинчIев?» абун гьикъизейищ, ялъуни «цо чамго къоялъ цебе щай мун дада вукIин дида лъачIебилан» абизейищ Асият ячIун йикIараяли. Амма дидани ракIалде ккана «нилъ гьадин чияр гIадамаллъун хутIиялъе щив гIайибияв, дада?» абун гьикъизе ячIун йигин гьейилан.

# ГӀакълуялъул дандерижи

***

Бицуна, гьалмагъзабазда ГӀали-асхӀаб (р.гӀ.) цо къоялъ ракӀбекун гӀодулев ватанилан. Ккараб-тараб щибилан цӀакъго рахӀатхун лъугьанила гьелги.

- Гьале анкьабилеб къо буго дихъе гьобол вачӀинчӀого, Аллагьас дун жиндирго цӀобалдаса махӀрум гьавун ватизе гурилан хӀинкъун вуго, - ян абунила гьес.

***

950 сонги дунялалда бан, холеб мехалъ НухӀ аварагас (гӀ.с.) абураби-ла гьадигӀан къокъаб жойищха гьаб гӀумру букӀарабилан. Гьел рагӀабазул пикруялда кидаго вукӀунев Лукъман абулев цо гӀакъилас гӀумру гьабулеб букӀанила нуцӀа-гордоцин гьечӀеб чӀвадан гӀадаб бакӀалда. Щай гьеб къачӀа-кӀатӀан рукӀалиде бачунаребилан абуразе Лукъманица жаваб кьолаанила, кида-къадги дунял тезе бугев чиясе гьабги гӀунги тӀокӀаб бакӀ бугилан.

***

Византиялъулгун гьабулеб рагъулъ бусурбабазул лъабгояв асирлъуде кканила. Тушбабазул аскаралъул бетӀерас гьезда абунила Исламияб диналдаса инкар гьабуни, жидеца нуж щибго гьабичӀого эркенго телилан. Гурони – чӀвазе ругин.

Гьезул цояв вукӀанила шаргӀияб диван къотӀулев къади. Гьес гьалмагъзабазда абунила, дица тушманасе бокьухъе гьабилин, хӀал гьабун абизе тӀамурал рагӀаби шаргӀалъ хӀакъикъияллъун рикӀкӀунарин. Гьелдалъун дие мунагьги букӀунарин.

КӀиабилев вукӀанила ГӀали асхӀабасул (р.гӀ.) наслуялъул чи. Гьесги абунила, дицаги гьединго гьабилин, хӀисаб-суалалъул къоялъ дун цӀар тӀадегӀанав дирго умумас хвасар гьавичӀого теларин.

Лъабабилев вукӀанила квана-гьекъон, бикъа-хъамун, батанщинаб квешлъи-ялда гӀумру арав чи. Гьес абунила:

- ШаргӀ къотӀулев къадиги дун гуро, цӀар тӀадегӀанав умумги дир вукӀинчӀо, дунялалда букӀунебщинаб квешлъи гьабулаго къоялги ана. Гьединлъидал дица дирго диналдаса инкар гьабиларо. Биччанте дун тушбабаз чӀвазе. Дагьабго букӀаниги, лъикӀаб цӀаргун хунго лъикӀ, нус-нус мунагьалгун дунялалда вукӀиналдаса.

ХӀасил – цевесев кӀиявго хвасарлъанила, лъабабилев чӀванила.

ЦохӀо Аллагьасда лъала щив гьезул витӀарав – бищунго Исламалъе ритӀухъав вукӀаравали.

***

ВукӀанила хӀалал-хӀарам батӀалъи гьечӀого бакӀарун гӀемераб магӀишат данделъарав цо чи. Гьесул цо йигей яс жидерго бугеб бечелъиялдаса йохуларо-анила, кидаго пашманго, къваридго йикӀунаанила. Хъурмал-бацӀаз гӀи-боцӀи

чIванги, хурул бачIин щвечIеб сон бачIунги, букIарабги магIишат цIогьаз бикъунги, гьев чи цогиялго гIадин мискинлъанила. ЦIакъ ракIбакъван, сундасаго ракI буссун лъугьанила гьев. Ясин абуни, доб пашманлъи-къварилъиги ун, йохун, чIаголъун ячIанила.

Инсул гьелда цIакъ ццим бахъанила.

- Нилъ киналго гIадамал урхъараб хIалалъ бечедго рукIараб мехалъ дунял тIаде бегараб гIадин лъугьине, гьанже ресукълъиялде ккараб къоялъ йоржине куркьбал рижарал гIадин, ракI регьун йикIине, мунго кинай гIабдал, - ин семанила гьев ясалде.

- Доб мехалда дун пашманго йикIана Аллагьасул цIобалъ нилъ рехун тезе гурилан. Гьанжейин абуни йохун йиго, нилъее Ахираталъул рокъоб Алжан щвелеб батилин абураб хьулалъ, - илан жаваб кьунила ясалъ.

***

Цо улкаялъул къиралас жиндихъего ахIанила гьеб вилаяталъул гIакъил. Ва гьикъанила, дица дуе гьабизесеб кумек кинаб бугебилан, сунде дур хIажалъи бугебилан.

- Сунде дир хIажалъи букIинеб, - илан абунила гIакъилас, -кигIан кIудиял къиралзабазда тIадгицин ханлъи гьабулев кIиго лагъ дир вугеб мехалъ.

- Дида тIадгийищха гьез ханлъи гьабулеб? – илан гIажаиблъанила, жеги ццин бахъунцин лъугьанила къирал.

- Мунги батIалъи гьечIо.

- Щал гьел?!

- Анищги жахIдаги, - илан гьесие жавабги кьун, жиндир рагIабазда ургъизе къиралги тун, нахъе анила гIакъил.

***

- Мунищ, дур мегежищ ригьалъ кIудиял ругел? – абун гьикъанила цо херав чиясда гIакъилас.

- Дун вукIинарищха, - илан гIажаиблъанила херав.

- Дун божуларо.

- БожунгутIизе жо гьениб щиб бугеб. ГьитIинаб мехалъ дир мегежцин букIинчIо. ГIолохъанлъуда чIегIераб букIана гьеб, гьанже херлъидал хъахIлъанаха.

- Мегежалдаса мун кIудияв ватани, чIегIераб мегежцин хъахIлъараб мехалъ, ракI щайха дур чIегIерго хутIараб? – илан тIадеги суал кьунила гIакъилас.

***

Ресалда вугев лъикIав чиясухъе ячIанила цо мискинчIужу цодагьаб гьоцIо кьейилан. Гьес тIубараб рахълъен гьацIул кьунила гьелъие. АскIор рукIараз абунила долъие гьадабщинаб кьечIониги дагьабги гIезе букIанин гьоцIо.

- Долъ жиндие хIажатабгIан гьарана гьоцIо, - ян абунила гьев чияс, - дица долъие дир ресалда рекъараб кьуна.



**МухӀамад**
**ГӀАБДУЛХӀАЛИМОВ**

## ГӀУРЧЧИНАБ ГВЕРМЕНДО

ГӀелмияб идараялъул хӀалтӀухъан ГӀащикъов Парукъ унев вукӀана санаториялде. Автобус къватӀибе бахъинегӀан гьев вукӀана, гъотӀол рагӀдукь, халабакӀида тӀад гӀодовги чӀун, хиялазда.

ТӀаде вачӀуна гьесда лъикӀ лъалев гьалмагъ ГӀариф, цадахъ берцинай, ретӀа-къарай гӀолохъанай чӀужугӀадангун. ГӀащикъовас кӀвар кьуна чӀужугӀаданалъул гургинал гъеж-рукьалдеги чалухал бераздеги.

– Вагь, Парукъ, ассаламу гӀалайкум!

ГӀащикъов, бичӀчӀулеб жо, тӀаде вахъана.

– ВагӀалайкум салам!

– Нух битӀаги!

– ХӀухьбахъи гьабизе ракӀалде ккана. Живго хӀакимас абуна, Парукъ МухӀамадовичила, санаториялде ине бокьиларищила, учузаб путевка бачӀун бугила, дудаса мустахӀикъав чи гьечӀин хӀукму гьабунила жиндицаян. Лъицаха гьединаб хӀурмат-хъатиралдасаги ресалдасаги пайда босилареб, – ан, кӀалдиб хӀацӀуги ккун, гӀамал кӀодого бицана ГӀащикъовас, гьоркьо-гьоркьоб чӀужугӀаданалда берги речӀчӀизабулаго.

– КивехунгӀаги?

– Кисловодскиялдеха.

ГӀариф, лъикӀаланго гӀажаиблъарав чи, воха-хинлъун лъугьун, гьалмагъалдехун вуссана:

– Света, дуе битӀккана, – ян абуна гьес. – Гьале Аллагьасул рахӀмуялдалъун, божарав лъикӀав чи ккана дуда цадахъ, – гьес ГӀащикъовасде квер гьесана: – Лъай-хъвай гьабе, дир гьудулги гьайбатав инсанги Парукъ, – ан абуна ГӀащикъовасул хӀал лъикӀ лъалев ГӀарифица, – мун божа, дуе чӀамучӀго букӀине гьечӀебха.

– Дун йохарай йиго, – янги абун, Светацаги разилъи загьир гьабуна, сверун мухъ бахъарал, сурьма хъварал бералги "божарав", лъикӀав чиясда» речӀчӀизарун ва лъугьинчӀеб гьимигун.

ГӀариф рукьалда сагӀтихъ валагьула ва гьес Светада абула:

– Света, жеги чанго минут буго, йилълъа, дуего мороженое босилин.

Светада гьев вичIчIичIо, гьединлъидал гьей гьесухъ ялагьана.

ГIарифица гьей, «йилълъа, йилълъа», – янги абун, кверги ккун ячана.

ГIащикъовасул берзукьа тIерхьарабго, ГIарифица Светада абула ГIариф чIужугIаданалда аскIов цIакъ лъамияв хIара вугин, досдаса кеп босизе бегьулилан, амма зарал бугев чи гурилан.

– Амма, – ян абуна гьес хадубги, – дуда рекъезабизе лъани, лъимергIанги абулеб жоялдаги божулев, дуе гьарухъияв чи вуго; дуца абуни, зодоса цIваги дуе щвезабилин лъугьуна.

Светланада ГIариф гIемер лъикI вичIчIана. Гьей елъанхъана.

– ГIадада хун чIеларо, даци ГIариф, дур гьудул кIвар гьечIого теларо.

ГIарифица Светае мороженоеги босула, гьелги автобусалъухъе тIадруссуна.

Нух битIун, гьел тIоритIулелъул, ГIарифица ГIащикъовасда абула:

– Дуде аманат гьаюлей йигоха…

– Дуе ургъел ккоге, ГIариф, дуда дун лъаларищха, – ян жаваб кьуна ГIащикъовасги, рази-ракиго, меседил цаги цебе рехизабун гьимизеги гьимун. – Абизейищ ккелеб!

ГIащикъовги Светланаги автобусалъур аскIор ккечIо: гьей квегIаб рахъалда цеегIан ккана, гьав – нахъегIан ва кваранаб рахъалда. Гьединги къисматалдаса разиго вукIана ГIащикъов нахъехун вуссине ккечIого, гьей йихьулей йикIиндал.

«ЦIакъ кIвана ГIарифида гьаб микки дида божун йитIизе, – ян пикру гьабулеб букIана гьес. – Амма «дуда аманат гьаюлей йигин» абичIищха. Аллагьас жиндицаго витIун вачIана ГIариф дие гьайги ячун. Гьолъул гъуждузул гургинлъиги цIвакиги бихьуларищ; ботIрол расалъул берцинлъи: гьелчолеб, чвахулеб чIагояб меседин ккола; жеги гIундулгицин руго гIисинал, чинидул риун тIурал гIадал… Цо нахъехунгIаги юссунеяни – гьимизе, ишан гьабизе бегьилаан ва жеги рагIи рехизегицин…»

Гьединал хиялазда ГIащикъов вукIаго, автобус «заправкаялдехун» сверана ва чIана.

– АнцIила щуго минут! – ан лъазабуна водителас.

«Аллагьасе рецц!» – ан абуна ГIащикъовас рагIун ва Светланахъе хIалакана.

– Света, къватIие яхъунарищ? МахIу-квачI битIизе…

Яс берцинго гьимана, гьелда лъалаан бихьиназул ракI биинабиледухъ гьимизеги рукIкIинарун бералгун чалухго ялагьизеги.

Гъирараго гьечIого гIадин, гьелъ абуна:

– Дуе бокьун батани…

ГIащикъов бачIинчIого гьимана:

– Дица гьарула…

Светланаца гьесухъе кьуна, тIаде яхъине кумекалъе ва автобусалдаса гъоркье ячине багIарал кенчIолел малъазул гьитIинаб хIеренаб квер.

Гьел ана, гIисинал тукабазде раккарулаго, ГIащикъовас букIана «гьаб бокьилищ? доб босилищан?» цIехолеб.

Ясалъе рекIее гIолеб жоги ккечIо. Гьес разилъи гьечIеб ххвел гьабуна.

– Светка-а, цветочек! ЩибгIаги… – ян абуна гьес чара къосараб гIадин, хIеренго, хIасратго гьелъухъги валагьун. – Цо щибгIаги…

Цоги рахъалдехун сверарабго батараб тукадаса ГIащикъовас босана шоколадалъул къоно «Аленка», Светланаца бихьизабуна мороженое.

– Кофе-чай гьекъеларищ? – ан гьикъана гьес. Гьесие бокьун букIана гьелъулгун хаба-чIабар гьабизе – Светаца квер хьвагIана.

– Нилъго гъоркь хутIизе гурин, рилълъа, – ян абуна гьелъ, гьесдаса кIудияб разилъи загьир гьабулеб гIадин, гьимулел бераз гьесухъги ялагьун ва жеги, керен туриялъе, гьесул рукьги ккуна гьелъ.

Гьеб букIана ГIащикъовасул хIасраталъулги хьулазулги цIураб лахIзат. Гьайбатай чIужугIаданалъ рукь ккуна, ккунги течIого, гьимизеги гьимана гьей. Гьеб букIана, гьесул пикруялда, ишалде тIоцебесеб гали. ЧIа, щай тIоцебесеб букIунеб – кIиабилеб. ТIоцебесеб букIана шоколад, хадубго мороженое боси. НухтIа цо хIетIе лъунани, кIиабилебги лъола, хадуб – лъабабилебги.

Гьедин пикру гьабуна ГIащикъовас, автобусалъув гIодов чIейгун. «Амма, – ян пикру гьабуна гьес хадубго, – цо хIеренал рагIаби абизе санагIалъи ккечIоха, гъолда дандвитIун гIодовги чIун, ва жеги гъолъул кверги беэдулаго, гъолъул гьайбатал беразухъги валагьун. РекIелъ бугеб жо кIалалъ абичIого, бераз лъикI бицунин абулелъулха. Амма жеги заман цебе бугелъулха, къого къо», – ан жиндирго ракI гIодоцине гьабуна гьес.

Гьеб заманалда Светланайин абуни йикIана, таргьиниб шоколадалъул къоноги лъун, ракIалъ ГIащикъовасда тIад елъанхъилаго, мороженоялъул лазат босулей.

«Ал бихьиназул гIантлъи, азул тIадагьлъи, цIуяб жо гьимани, тIажу бортулел», – ан абулеб букIана гьелъ жиндаго.

КIиябго рахъалдасан бигьародул гъутIбиги ругеб, гIатIидаб, цIвакараб нухда хьурхьуриялда унеб букIана автобус, кьижарилелин, харбидайин ругел пассажиразе гьаругьинан аххги бачунаго, нахъа тун километрабигун. НекIого цIункIун лъугIана Светал мороженоеги, мороженое лъугIилалдего, гьелда кIочана ГIащикъовги, кьижарилей лъаларого, чIванкъотIи гьечIел хиялазда лъаларого гьейги йикIана. ЦинтIаго гьелъул щокъроб бакъвараб тIагIан рехана. Гьелъ къватIибе бахъана шоколадалъул къоно.

«ГIащикъовас цоги босила гурищ, – ан пикру гьабуна гьелъ ва бащдаб плиткаялдаса фольгаялъул меседил кьераб хъал бахъана ва гьей, щаяли, нахъехунги юссун, ГIащикъовасухъ ялагьана.

Гьев вугоан гьелтIа лъун бералгун, хаган.

РакI гурхIана гьелъул гьесда. Гьей гьесие гьимана, амма гьелда лъачIо ГIащикъов данде гьиманищали.

ГIащикъов, Светланахъги валагьун, хиялазда вукIана. ХIапара гIадин, гьесул рекIелъ кваналеб букIана, гьелда цун хьибилгун, аскIов гIодов чIун жив гьечIолъи, хьолбохъ гьечIониги гьелда нахъагIагиха.

«БакIал хисизе щай бегьуларел?» – ан ракIалде ккана гьесда. Светланада аскIой йикIана херай чIужугIадан, нахъа – кIиго гIолилав. «Херай чIужугIаданалъулгун бакI хисиялъул жо ккедаро, – ян хIисаб гьабуна гьес, гIолилазул цоясулгун бегьулаан».

Гьединал пикрабазда гьев вукIадго, автобус щола цо шагьаралъул рагIалде ва чIола.

– Пятигорск, – ан лъазабула водителас. – КIикъого минут!

ГIащикъовасул ракI чIаголъана, хIалакана. Амма Светланаца къватIие яхьине гIамал гьабичIо. Автобусалъур хутIана кIиго-лъабго херай чIужуги гьейги. ГIащикъовас, аскIовеги ун, гьелда хIурматалда ва рокьигун абуна:

– Света, Светочка, къватIие яхъунарищ?

Света, дагъабго гьетIизабун бетIергун, хъвалсан гъоркьа-тIаде ялагьана ГIащикъовасухъ.

– Бокьун гьечIо, – ян шурана гьелъ кIвахIалго, гогьго.

ГIащикъовасул къасд ккана, Светланал кIаркьада гъоркь кверги лъун, убач гьабизе – херал руччабазда рокьукъго beралги речIчIизарун тана.

– Све-ет-а-а! – ян абуна гьес, ракI биун унеб хIалалда.

Гьей ялагьун чIана.

– Бокьун гьечIин, дун те, – ян шурана гьелъ, гьединго гогьго.

РакIхвараб гIадаб асарги лъугьун, чIухIиги бачIун, гьев живго ана къватIиве. Гьенив гьесда ватана Светланада нахъа гIодор чIун рукIарал гIолилазул цояв.

– Дуда цIар щиб, бахIарчи?

– Салим.

Щиб миллаталъул?

ГIолилас бицана.

– Дур гьалмагъ?

– Лъаларо, – ян къокъго кьуна гIолилас жаваб.

ЦIакъ кеп щвараб ххвел гьабуна ГIащикъовас:

– ВахI, хьолбохъ гIодов чIун вугев мунго гIадав гIолиласулгун лъай-хъвайищ гьабулареб? Щиб миллаталъуланищ цIехолареб? Гьедин бегьилищха?

ГIолилас гъуждул рукIкIинаруна.

– ЛъикIха, бахIарчи, – янги абун, ГIащикъов цо рахъалдехун ана.

**– 2 –**

Автобус цIидасан нухда бахъаралдаса ун букIинчIо ичIго-анцIго минутгIанаб гурони заман. Автобусалда жаниб ккана гIолилазул рагъ, багъарана гьалмагъзаби. Автобус чIана.

– Автобусалда жанир рагъуге, къватIире а! – ян лъазабуна водителазул цояс.

Ана гIолилал къватIире ва данд хурхана.

Гьеб параялда тIаде щвана полициялъулал – лъабгояв. Гьениб пост бугоан гьезул. Рачун гьенирегун гьабуна цIех-рех.

– Протокол цIезе ккелаха. Цин лъай-хъвай гьабилин, – ан абуна капитанас, столалъул хъурщиниса босун, кагъатги гьелда тIад ручкаги столалда тIад лъун.

– Шарип, – ан абуна цояс.

– Салим, – ан абуна цогияс.

– Гьа, щиб ккараб?

– Гьас дида кьабуна, – ян бицана Салимица.

– Гьас дун инжит гьавуна, – ян бицана Шарипица.

Салим хIалакана.

– Лъай–хъвай гьабизелъун, дица гьасда гьикъана щиб миллаталъулавилан. Гьас абуна магIарулавилан, амма жинда магIарул мацI лъаларилан. Дун гIажаиблъана. Дица абуна мун магIарулав кколарилан. Кколин жив магIарулавилан чIана гьев. «Кин дуца чIезабулеб мун магIарулав вукIин?» – ан гьикъана дица. Жиндир эбелги эменги магIарулал ругин абуна гьес. «Гьеб гIоларо, дуда дурго магIарул мацI лъалеб гьечIо. МацI кколин миллаталъул паспорт», – ан абуна

дица. «Щивха дун кколев?» – абун гьикъана гьес. «РещтIине бакI гьечIев къотIолав гIадав чиха, – ян кьуна дица жаваб. Гьес дида кьабуна – дица гьесда кьабуна.

– Дело гьабизе ккелаха нужеда тIад, – ан абуна капитанас, гьираго гьечIого...

Жанире рачIана водителал. Гьелги полициялъулалги цоцазда лъалел ругоан.

– Нижее ине къваригIун буго, гьалмагъ капитан, пассажирал зигардилел руго, – ян абуна гьезул цояс. – ГIолилаз гьабураб бицинесеб такъсирги батичIони, риччан щай гьел толарел?

Капитан разилъана.

– ЛъикI буго, – ян абуна гьес, «такъсирчагIазухъги» валагьун. – Цоги рагъизе тогеха.

Гьедин, гьумер цIиго, хъал цIиго, полициялъулаз риччан таниги, «рагъухъабазул» цоцазде бугеб бербалагьи бихьарал водителаз, гIолилал аскIор гIодор чIезе течIо. Гьезул цоясулгун бакI хисизе щив разилъилеван водителас гьикъидал, гьеб къваригIарав ГIащикъовас, хIалакун разилъи загьир гьабуна.

Жиндаго нахъа ГIащикъов эркенлъаравго, Светланаца нахъехунги юссун, гьикъана:

– Гьазул ккараб щиб?

– Жив магIарулав вугилан цояв, гурин мун магIарулаван цогияв.

– ХIелкал гIадин рукIуна бихьинал, – ан абуна Светланаца, бихьиназул хIакъалъулъ жиндирго пикру лъикIаб гуреб букIин загьир гьабулеб магIнаялда.

«Дун щиб миллаталъулдай кколей? – абун ракIалде ккана гьелда, рекIее рахIатхвейги лъугьун. – Гьедин дида гьикъани, дица кинаб жаваб кьелеб? Эмен даргинав, эбел – азербайжанай…»

Гьелда ракIалде щвана, жиндир мацI сабаблъун эбелалъулги инсулги ккараб кIудияб питна. Светланаца ункъо сонги хадубги бараб гIуж букIана, гьезухъе гьоболлъухъ гIемер вачIунев инсул вацгIалас гьесда цо нухалда абуна:

– Дур гьал лъимал рахьдал мацIалда кIалъалел гьечIолъи лъикI гьечIо, СалахIудин.

Балагьеха гьанже, дур гьал лъималаздаса байбихьун, дур тухум умумузул мацIалдаса махIрумлъарал рахьине руго. ГIурусалха, гIурусал… Гьелъул гIайиб кколеб буго дутIе тIаде. Нилъерабгоги тун, чияр мацI малъула лъималазда: немцазулин, ингилисин ва гь.ц. ТалихIалъул къосин.

ВацгIал ана, амма гьес бухIараб гьумер, гьабураб кьогIаб бадибчIвай гьеб къоялдаса нахъе хIунсулеб-хIунсулеб хутIана СалахIудинасул рекIелъ. Цо къоялда гьес лъадуда абула:

– Гьай нилъер яс ячунев чиго ккечIого хутIиладаян ургъел букIуна дие.

– Щай гьеб, ясалда бугеб багьана щиб? – ан абуна эбелалъ, кIварго гьечIого. – ГIинкъайищ, беццайищ?

– ГIинкъайги беццайги, – ян абуна хъачIго СалахIудиница.

Лъадуда бичIчIичIо росасул ургъел. Гьеб квеш букIана СалахIудинида.

Живго жиндаго кIалъалев гIадин, СалахIудиница абуна:

– Дир талихIалъул къосин. Гьай къажарай гурони, чIужугIадан щвелариландай ккун букIараб дида?

– Вай пакъи-и-ир, – ан абуна, хIакъир гьевги гьавун, гьесда тIад елъанхъулаго. – Лъица мун тIамулев вукIарав къасиги къадги дида хадув векерахъдизе? Дунги йикIинаан, ханасул яс гIадин, дирго улка-ракьалда,

дуда гурхIун гуреяни. Гьаб кIала-гъоркье буссараб чорокаб-чамгIалаб Дагъистаналде ккечIого.

СалахIудинил ццин гьалаглъана:

– ГъалатI ккана! ГъалатI!

– Гьанжеги бегьула гурищ гьеб битIизабизе, – ян, пахруго ва ккезе бегьулеб жоялъул пикру гьабичIого, абуна лъадуца.

– Валлагь бегьула, биллагь бегьула, гьабизеги гьабила дица гьеб битIизе! – кьварун ва таваккалго лъазабуна СалахIудиница.

Гьабизеги гьабуна. Биххана берцинаб букIараб хъизан: Светалана эбелалъухъ хутIана, вац инсуца вачун ана.

СалахIудиница жиндирго миллаталъул цIияй лъади ячана ва васасда рахьдал мацIги малъана.

«ТалихI къосарай дун гьадин хутIана», – ян абуна Светаланал жанисеб гьаркьица, щокъробе рокьукъаб тIагIанги рехун.

Нахъехунги юссун, гьелъ гьикъана:

– Парукъ, дуда лъалебищ рахьдал мацI?

– Ва-а-а, – гIамал кIодого кьуна гьес жаваб, – лъачIого бегьилищха.

Заманалдасан ГIащикъовас Светланал гIинзунибе шурана:

– Дур кIаркьаде даларaб расул гIенталъул берцинлъи.

– Дуе рекIее гIолеб бугищ?

– Меседил кIиликIин ккола. Килищ хъвазе бегьилищ?

– Хъвайха…

Цин цо килщил рагIал хъвана ГIащикъовас ясалъул расазул гIенталда, хадуб кIиго хъвана, цинги гIинда гъоркьа кIаркьада кIиго килищ хъвана.

Светлана гIенеккун чIана. «Шуршудуге, шуршудуге», – ян абулеб букIана гьелъул ракIалъ.

– Дур хIеренлъи, – ян шурана ГIащикъовас, таваккаллъиго гьечIого, хIеренго.

Жавабалъул бакIалда гьелъ гьикъана:

– Дур отчество щиб?

БукIкIун ана ГIащикъовасул ракI.

– Света, дир отчество щай дуе?

– ЦIар абун тезе рекъон гьечIо, дун гьедин ругьунлъун гьечIо, – ян абуна Светланаца, ГIащикъовасул рекIелъе лъугьараб хIалги лъан.

ГIащикъовасе рекIее гIечIо гьел рагIаби. Гьел гьес къабул гьаруна гьелдаги жиндаги гьоркьоб гIурхъичIвайлъун.

– Нилъеца къотIи гьабун букIана гурищ? – ан бадибчIвай гьабуна гьес, ракIхвараб гIадин.

Гьесул ракI гIодицинабизе лъугьана гьей. Нахъехун кверги бегьун гьесул наку лъулълъана.

– ЛъикIин, лъикIин…

Заманалдасан Светланаца абуна:

– Пару-укъ!..

– Гьа, хирияй.

– Лъади йигейищ дур?

– Лъади?.. Лъади йиго.

– Дица гьадинго цIехолеб букIана.

Дагьалъ гIенеккун хутIарав ГIащикъовас, чIужугIаданалъул ращадал цере рехарал гургинал хъахIал гъуждузухъги берцинаб горбохъги валагьун, хIасраталъул хIухьелги гьелда речIчIизабун, гIинтIе шурана:

– Света.

– Гьа, Парукъ?

– Дур горбода, гьаниб гIинда гъоркьа баизе бокьун бугеб куцха дие.

– Щайха баулареб?

ГIащикъов доехун йигей гIаданалъухъ рокьукъго валагьана, гьесие бокьараб жо гьабизе гьелъ гьукъулеб бугеб гIадин.

– Парукъ, мун щиб миллаталъул?

Гьес пахруго кьуна жаваб:

– Дун вуго аварав.

Гьей кьурун нахъехун юссана, ГIащикъовасулгун гIакълу дандбалеб гIадин, абуна:

– Дагъистаналда букIине ккола цо мацI, цо миллат.

– Гьелде бачIунеб бихьуларищ дуда гьаб, – Светал суал гIемер рекIелъеги биччачIого кьуна гьес жаваб. – Нилъер букIине буго берцинаб гIадатаб гIурус мацI! Цо жо хутIун буго: гIурус миллаталъулин хъвазеги миллиял театрал, тIахьал, газетал къазеги. Дагь–дагьккун билълъанхъизабулеб буго «политика партии в области малых наций».

Светлана, къварилъун ракIги лъугьун, гIенеккун чIана. ВуцIцIухIун чIана ГIащикъовги.

Светлана заманалдасан нахъехун юссана «гьав гIенеккун чIун вуго гурищ», – ан ракIалдеги ккун.

– Пару-укъ!

Парукъ тIуркIана – намуслъун лъугьана.

– Мун кьижунищ вугев?

– Дагьавго…

– Макьу кинаб бихьараб?

– Макьу?.. – гьев бицинадай бицинародаян, вас-васдана. – Дуда щиб лъалеб?

Гьей дагьайго елъана.

– Гьанже нилъер ракIазулъ бухьен гьечIищха.

– Гьал макьаби рокьуларо дие, – ян мукIурлъун бицана ГIащикъовас. – ЦIакъ рокьуларо!

– Гьединищ мун, кьегIер гIадин, кьижун вукIарав? – кIутIбузулъ гьимигун, гьикъана Светланаца.

ГIащикъов велъанхъана.

– БихьизегIаги гурищ макьу бихьараб?

– Уха.

– Гьа, щибгІаги?

– Щибха букІинеб – цер. Цер бугоан, – ГІащикъов гьимана, – хІалакъаб, цІира гъунеб. ГІанкІу хъамизе хьулалда. ГІанкІуял рукІана мокъитІа. Мокъ борхатаб гьечІоан, амма цер эхеде кІанцІарабщинахъе мокъ эхедегІанищ унеб букІарабали, гьелъухъе гІанкІу щолеб букІинчІо. Свакван гІодоб ккезегІан кІенцІана, цІабуцІахъдана цер. Ахирги, эхеде кІалги битІун, чвахулаго хІацІугун, кІусун чІана, тату хвараб пакъир. БагІар-чараб кІудияб хІелеку гІигІидана, гьой хІапдана – цер гузгузиялда нахъе ана.

КІарун елъанхъана Светлана.

– Мун макьабазда божулевищ?

– Цо–цо мехалда релълъараб жо ккола…

Автобус цинтІаго чІана, пассажирал кІорокІана.

– Щвана! – ян лъазабуна водителас.

Пассажирал хехго жидерго къайи-къоногун къватІире рахъана.

Гьеб сагІаталдаса нахъе, санаториялда ругебгІан заманаялда ГІащикъов Парукъ рагІадгІанги Светланадаса вичІичІо. Гьелъги гьев рикІкІад гьавичІо. Гьелда гІемер ракІалде щолеб букІана ГІарифица кьураб  гІакълу.

ХІакъикъаталдаги музеязде, тукабазде, экскурсиялъ, квана-гьекъезе, суратал рахъизе – кире унел ругониги ГІащикъовасул сахаватаб чвантил кІал рагьун букІунаан.

Лъазего лъачІого гІадин ана санаториялъул заман. Кидаго рагьун букІунеб букІараб ГІащикъовасул чвантиниб гьури букІана хьвадулеб. Гьеб гьорохъе парпалеб букІана Светаланалал габур сверун бухьараб, рагІалалда меседалъ гІебаб мохъ бахъараб, гІурччинаб кьералъул хирияб гвермендо.



**СалихIат**
**ХIАСАНОВА**

*ЦIумада районалъул ТIиндиса ХIасанова СалихIатие, гIагараб росдал школалда анкьго классги лъугIизабун, гьоркьохъеб лъай щвана Хасавюрт районалъул Яхсай росулъ. Хадуб лъугIизабуна Хасавюрталъул педучилище. ГьабсагIат СалихIатица гIумру гьабулеб буго Гъизилюрт шагьаралда.*

*С.ХIасановалъул кучIдул рахъана магIарул районазулги республикаялъулги газетазда, «Гъудуллъи» журналалда. «Дун ячIуней йиго» абураб шигIрабазул тIоцебесеб тIехь гьелъ къватIибе биччана 2001 соналда. КIиабилеб «Пикрабазул роржен» абураб техь бахъана 2011 соналда.*

## БОЛМАЦI

**ГIедегIараб гIорлъун унеб замана,**
**ГIасраби хисунан, свинаро дир мацI.**
**Анкьумумулъ гIураб рахьдал мацIалда,**
**ЦIилъила жегиги лъикIал асарал.**

**Къисабалъ бахIарзал, маргьабалъ нартал,**
**Нилъер тарихалда дагьал гьечIо гьел.**
**МугIрулгIан къвакIарал, къадру борхатал**
**Васал гьаб жакъаги камун гьечIо нилъ.**

**Дун божарай йиго дирго халкъалда,**
**Хириял, рокьулел магIарулазда,**
**ГIун рачIунел ругел цIиял гIелаца**
**ЦIорозе теларин нилъер гъастIа цIа.**

**КIочене теларин умумузул мацI,**
**ЦIадулъ лъадарараб нилъерго болмацI.**
**Халкъ цолъизабулеб цоги хазина,**
**Цо гьеб гуреб гьечIо магIарулазе.**

## МАГIАРУХЪ

**Дун гьаюраб, гIураб росдал къватIазда**
**Гьале, жакъаги дун йиго терелей;**
**Доб лъимерлъиялъул лъалкIал цIехолей,**
**ГIолохъанлъиялъул гIуж балагьулей.**

**Дида зобалазул гьаракь рагIула:**
**«Дур лъалкIал сонаца, иххаз хъвагIанин.**
**Гьеб дур гIайиб гурин, гьедин букIунин,**
**ГIодоб бортараб жо, заманалъ унин.**

**ГIадамал рижулин, гIолин, херлъулин,**
**ГIуждаса кьуризе рес букIунарин,**
**Ракьалде рачIунин, ракьулъе унин,**
**РахIманас малъухъе гIелал хисулин».**

**Дица, гIодой йикIун, тавбу гьабуна,**
**Цере квералги ккун, дугIа цIалана,**
**Щукру Аллагьасе, АлхIамдулиллагь,**
**Гьабулеб рецц цохIо дуе, БетIергьан.**

## ЭБЕЛАЛДЕ

**Хирияй дир эбел, гьечIо мун чIаго,**
**ЧIобоголъана рукъ мун аралдаса;**
**Амма ккола дида дол зобалазда**
**Дида хадуб халккун дур рухI бугилан.**

**Гьаб ратIухълъи дагьаб дуниялалда,**
**Дир къисматалда мун хIинкъулей йигин;**
**ГьетIараб нухдасан дун ине гурин,**
**Дида гIадамаца гIайиб гьабилин.**

**Дун янгъиз хутIидал, къварид йихьидал,**
**ЯчIуна мун дихье макьилъ кинигин.**
**Дир ботIрол расазда тIад кверги бахъун,**
**РакI–макI гьабула дий пашманлъугейин.**

**Гьеб балагьиялъ дий бигьалъи кьола,**
**БукIараб къварилъи гьелъ бачахъула,**
**Чорхолъе батIияб къуват бачIуна,**
**ГIумрудул квекIвенал нахъе хъамула.**

**Абадияб рокъой даимлъаниги,**
**Дир хIалхьи лъалареб рекIелъ мун йиго.**

## МАГIАРУЛ РАГIИ

**Абизе бокьула магIарул рагIи,
МагIна хисичIого, аслу хвечIого.
РагIизе бокьула гIагараб калам,
Ахир къунцIичIого, къокъ гьабичIого.**

**Нилъее бокьулеб, нилъер авар мацI,
ЦIунилеб лъицаха, нилъеца гуреб?
Цоги мацIаздаса рагIаби росун,
Хис–хисизе гьабун хIабургъуна гьеб.**

**ЦIале магIарулал, магIарул тIахьал,
МагIарул мацIалъул тIокIлъи бичIчIизе.
Нилъер мугIалимал МахIмудгин ХIамзат,
Даимаб хазина нилъее тарал.**

**ХIамзатил Расулил ирсалде ракке,
Дунялалда тIадго цIар тIибитIарав.
ТIолалго халкъазе гIагарлъараб кечI
МагIарул мацIалъин шагIирас хъвараб.**

**ГIумрудул дарс кьола хъвадарухъабаз,
Хъварал асараз мацI бечедги гьабун.
Кидаго рекIелъа ине бегьилищ
Багьа тIадегIанал гьезул асарал.**

**ЦIале, магIарулал, магIарул мацIалъ,
Нилъер гIакъилазул магIна босизе;
ГIамалгин хасият камил гьабизе,
Квешлъиги лъикIлъиги батIа бахъизе.**

* * *

**Дие маркIачIуда кенчIола цIваби,
Каранзул хIалалъул хIенхIазде сверун.
Дие рогьалида гьимун щола бакъ,
Къаси дица хъварал кочIол мухъаллъун.**

**Сардида угьарал дир калимаби
Керен–ракI къваридал, бакъан пашманал.
Рогьалида хъварал дир хъахIал мухъал,
Баккулеб бакъалъул чIоралъ чвердарал.**

**Дица дирго рохел буго бикьулеб,
Бокьулеб, хирияб дирго халкъалъе.
Дица дир ургъалил буго бицунеб
Бидулъ ияхI бугел магIарулазе.**

## Р О КЬ И

**ГIумрудул гIезегIан сонал раниги,
Рокьул шигIрабазде щай дун юссуней?
Рокьи инсанасе – гьеб буго аслу,
ГIищкъу гIадамасе – гьеб буго гIумру.**

Рокьи рогьо бугин, гIищкъу нич бугин
Биччанте абизе рокьи лъачIеца.
Рокьуца гурищ нилъ тIадегIанлъулел,
Рокьи лъачIездаса ратIа рахъулел.

Рокьи гьечIеб гIумру – тIегьачIеб гIадра,
ГIадада тIамулел гIумрудул къоял.
Рокьи лъаларев чи – лъим гьечIеб гIеретI,
Лъиего жиндаса пайда щоларев.

Биччанте цIализе цIиял гIелаца,
ГIашикъал саринал сунареб рокьул.
Биччанте рацIцIадал рокьул хIенхIаца,
ЦIидасан баккизе хIасраталъул цIа.

* * *

Цин доба, цин гьаниб пирхулеб пири,
Цин доба, цин гьаниб бахъунеб кьвагьи;
ГIадамал, нилъее лъугьараб жо щиб, –
Лъазабураб рагъги нилъеда гьечIин.

Лъукъарал чан ругел, чIварал чан ругел, –
Шагьаразул бакьулъ боркьараб жужахI.
Бидул хIоринире ран жаназаби, –
Жидер гIайиб щибан гIодулел лъимал.

Буйрухъ лъица кьолеб гьал кьвагьиязе,
Кьалда бергьунел щал, яги къолел щал?
Мажгитал гIунагIан гIасилъулеб халкъ,
Хал гьабулареб кин, кире нилъ унел?

Хъурмица хъурмие гIажал кьоларо,
ГIалхул жанавараз жалго чIваларо,
ГIадамал, щайха нилъ гIасилъун ругел?
ГIумру жужахIалде сверизабулеб?

* * *

МагIарухъе щведал щибаб лахIзаталъ
Щущарал пикраби руссуна данде.
Дир рекIел урхъигун ургъел, къварилъи,
Дица дуй бикьула, гIагараб дир ракь.

Рорхатал кьураби, гIедерал гIорал,
ГIащикъ йикIуна дун гьезда берчIвазе.
ГIурул чвахиялъухъ гIенеккарайго,
МугIрул тIамуралъул бакънал рагIула.

Дие мун бокьула, дир Аваристан,
Аллагьас дий кьураб рекIелаб ватIан.
Дур тIадегIанлъиялъ хIайран гьаюрай
Дун дуй ритIухъайлъун хутIила даим.

## БОРХАЛЪИЯЛДЕ НУХ

МухIамад АхIмадов магIарулазе загьирлъана цIакъго гьитIинго, школалда цIалулеб мехалъго. Гьес хъвараб чанахъанас чIвараб бисил чаниде гьабураб кечI рекIехъе лъалел чагIи гIемер рукIана. Гьеб ракI унтиледухъ ахIулеб букIана Синдикъовасги.

Гьеб гьитIинаб кечIалда жаниб авторасда лъезе кIвараб гъваридаб философиялъулаб магIнаялъул суал гIадамаз къабул гьабуна вахIшилъиялда данде балеб ахIиялъун, аманатлъун, амрулъун.

**Гьаб кинаб гIажаиблъи гIумрудул сухъмахъазда**
**ГIужие щай босулеб берцинлъиги гьунарги?**
**Гьеб суал гIолохъанчияс кьолеб букIана чIахIиязе.**

Гьелдаса нахъе ана гIемерал сонал, «гIужие берцинлъиги гьунарги босулаго». Гьаб жакъа къоялъеги кIвар цIикIкIараблъун хутIана гьеб суал. Рахъана МухIамадил гIезегIан тIахьал, къо бахъанагIан камиллъана гьесул махщел, вахана гьев поэзиялъул борхалъуде, амма гIолохъанго гьес кьураб суалалъе жеги жаваб щвечIо. Жиндицаго гIолохъанго кьун букIараб суал, дагьабги камилго, гъваридго гIумруялъул гIемерал рахъазде пикруги щвезабулаго, гьаб жакъаги кьолеб буго ракI унтарав шагIирас гьанже гIагар къватIибе бачIараб «Поэт» абураб тIехьалда.

Гьеб тIехь гIуцIун буго анцIго бутIаялдасан. Киналго бутIабаз рагьулеб буго шагIирасул рухIияб дуниял, гьесул гIаданлъи, гьудуллъи, гьесул мугIалимзаби, гьесие гIагарал, хириял мисалалъе хутIарал гIадамазул цIарал.

АнцIабго бутIа батIа-батIа гьабун босаниги, гьеб цолъизабулеб буго аслияб пикрабаз – ватIаналде рокьи, бигъараб гIумру, рухIияб дуниялалъул берцинлъи. ТIехьалда ругел батIи-батIиял жанрал авторасда кIун руго, пикрабазул цокIаллъиялъ цолъизаризе, цIалулесул пикрабалъе лъугьунеллъун гьаризе, гIумруялъул сурат бахъизе. РагIулеб бугищха нилъеда гьеб сурат бахъараб гIумруялъул угьи? Бихьулеб бугищ сундулъ бахчун ццин бугебали? Сунца рачарал гIадамал гьаб къоялде? Батун бугищ авторасда гьелъие гIилла? Гьеле гьел суалазе жавабалги ралагьулаго бегулеб буго дица гьаб тIехь.

Гьаб тIехьалъ чанги гьаваялдасан унел гIодоре рещтIинарила, жидерго рагIад кIодолъун бихьулезада «стоп!» – ан абила. Гьаб тIехьалда жаниб, ракIбацIцIадго, рагьун бугеб шагIирасул рухIияб дунялалъ гIумруялда тIад ургъизе тIамила.

АхIмадил МухIамад вуго гIадатияб, хIалаллъи-бацIцIалъи цIехечIого, добе гьанибехун гали босичIеб хъизаналда гьавурав, гьениб аслияб тарбия щварав чи. Гьединлъидал, кIиго батIияб гIумру бихьарав, жакъа къоялъул хIарамаб хьвада-чIвадиялъ ракI лъукъарав шагIирасул гъваридал пикрабазул хIасил буго гьаб тIехь. Гьес жигар бахъулеб буго тIоцеве живго жиндаго вичIчIизе, хадуб сверухъе бугеб дуниялги гIадамалги ричIчIизе. Гьаниб буго босарасе гIакълуги, гIумруялъул гьайбатал рахъалги, лъикIабщиналде гьегъ

балеб квешлъиги. Амма ракI унтулеб жолъун хутIулеб буго – кин гьаб тIехь щвелеб гIадамазухъе? Чан чиясе гIолеб 300 экземпляр. Культура ва тарбия кьеялъул бугеб кIваралъул бицунелги рукIуна, кIванагIан тIахьазул тиражал дагьлъизеги гьарула.

МагIарул росулъа байбихьараб гIумруялъул нухалъ автор вачана гIакъилал учительзабазухъе. ЛъикIал учительзабазул дарсал гьес росана, жинцаго малъулеб даражаялде вахана. Бихьулеб буго гьес гIемераб жо цIалун букIин, гьелдасан жиндирго рухIияб дуниял бечед гьабун букIин. ЦохIо Аллагьас кьураб гьунар гIоларо, лъайги къваригIуна.

Гьединлъидал, шагIир вукIине ккола пагьмуялда цадахъ лъайги бугевлъун. Камилго абураб рагIи гIужда щолелъул. Гьединаб рагIи сундасаго бергьуна. Ругищха гьединал рагIаби поэтасда ратун?

* * *

**«ГанчIида гьве речIчIулеб бачIун буго замана,**
**Гьведа гамачI речIчIизе кIочон тун буго гьанже».**

* * *

**«Анищазул хабада, хиялазул заназухъ**
**Заманаялъ дарс кьола, кьурабго кIочон тола».**

* * *

**«Бечелъиялъ чиясда борч кIочене гьабула,**
**Бича-хисиялъ хасаб намус гьечIолъи кьола»**

* * *

**«Гали учузлъанагIан, чед хиралъулеб буго,**
**Хабар халалъанагIан, халкъ мискинлъулеб буго»**

Гьеле гьедин гъваридго рахъулел руго шагIирас гIумруялъул суратал. Дица цо-цо росун толел руго. Щибаб цIияб бетIер цIалулаго батула халкъалъулги ватIаналъулги хIал загьир гьабун.

«Аллагьас бижараб халкъ хIакъалде кколеб буго, хIакъирал хIакимзаби Аллагьзабилъун гьарун».

**«ЛъикIабщинаб какун, ккалчIвараб беццун,**
**Беццаб гIумруялъул тIанкIал тун руго.**
**ТIад вугев кIочон тун, тIадчагIи реццун,**
**Биценги роценги сурараб буго».**

Къалам кодоб кколев чияс поэт вукIа, журналист вукIа – гIемерисез гурел, цо-цояз реццула хIакимзаби. Гьеб кIудияб гьалатIлъун бихьизабулеб буго шагIирас.

**«Метерисеб къоялъул къадруялъухъ балагьун,**
**Къадги къасиги дица беццана беццаб дунял,**
**Дун, дирго гуллаги щун щапана дуэлалда,**
**Дицаго ругъун бухьун, рагьда дунго хутIана…»**

Гьале халкъалъулги поэтасулги образ цолъулеб бугеб бакI.

«Ккана бакI хисарабго, рекIкIал къоял рахчилин, рахчи–рукъ хIалеб бугеб хIалихьалъи лъугIилин».

«Къиса пашманаб ккана, къисас битIараб ккана, ритIухълъи тIутIун араб ватIаналда хутIана». Бихьулищ, лъилго цIар рехсечIого бахъизе кIун бугеб гIумруялъул сурат. Гьадин гъорлъе раккун, квешлъи кIобокIарал асарал къанагIатал руго жакъа литератураялда. Гьаб тIехьалъул кIодолъи буго бахIарчиго абизе кIвараб рагIулъ. Дида, гьаб тIехь цIалулаго, рихьулел руго дарс лъаларев цIалдохъан учителасда цеве гIадин, кIвекIулаго квералгун, гIумруялда цере эхетарал гIадатиял гIадамал, гIун-гIечIого хIалтIизарулел жидерго шагьабиги рикIкIунаго. Гьезде тIаде ралагьун жидедасаго бергIор-цIарал, бечелъиялъ бецц гьарурал олигархалги. Нилъецаги цересел гIелазги рухI кьун цIунана ватIан! - ЦIогьабаз горбода базейищ? Рагъул соназгицин кIудияб кIвар буссинабун букIана культураялде, искусство цебетIеялде. Гьал жакъасел бакъназе гIолойищ? Чир бакъназда ахIулел магIна мукъсанал кучI-дузе гIолойищ? ЦIунизе кколилан бицунаго холеб буго культура, искусство. Гьеб кинабго рекIелъан биччалеб буго шагIирас  Поэтасул образ рагьулаго. ТIехьалда цIар буго «Поэт». Гьеб гIадада кьураб цIар гуро. Гьесие бокьун буго гьаб гIумру лъикIаб рахъалде хисизабизе, хвараб лъикIабщинаб чIаго гьабизе. Гьев вохарав вуго гьеб цIилъиялъул къадалъ гьецIо жинцагоги лъо-леб бугелъул. МухIамадида живго кIодолъун вихьулев гьечIо, гIунгутIаби, гьалатIал рахчулел гьечIо. Гьеб буго нилъер киназулго гIумру. ГIадада гуро тIехь байбихьулеб бугеб поэтазул рухIияб дуниялалдасан. ТIоцебесеб рокьи ккаралдаса шагIирасул гIумру букIуна аваданаб, гIанчIаб, рекIел асаралъул куркьбаз воржанхъизавулеб. Хадуб, гьеб аваданаб гIумру сверула ургъалиде. Поэтасда гIумру бичIчIанагIан, гьев гьелъул гъварилъуде ваккизе ругьунлъа-нагIан, гьесда бичIчIула гьелъул захIмалъи. Гьесул пикрабаз цIехола лъие ва киб бигьаго бугеб гIумру гьабизеян. Хвараздайищ урхъилел, гьаб хъублъи бихьичIого берал къанщарал, яги чIагояздайищ бахиллъилев? Гьел суалаз кьолел руго дарсал. Гьев тIамулев вуго Аллагьас малъухъе хьвадуларел гIадамазул бицине, гьел кантIизе гьаризе, гьезул берал гIумруялъухъ битIун ралагьизе тIамизе. «ХIикматал», «хIеренал» рагIабаздалъун гIадамал кантIи-заризе. Амма гьел рагIаби ратулел гьечIо. Гьел «нилъерго иццал гIадин къун руго», лъарал гIадин мигьлъун руго. «Берцинлъи борцунеб роцен цIун буго сурукълъиялъул». Балагье цо бихьизе, къокъго рагьизе кIвараб гIумруялъул хIакъикъаталъухъ». ТIокIабги кин бахъилеб сурат заманаялъул. БакI–бакIалда рагъал, нилъерго Дагъистаналдацин гьечIеб цолъи, гьуинлъи, жахIда, какдей! Гьеб кинабго бихьун  ракI унтун буго шагIирасул Дагъистаналда.

ВатIан гьечIони поэт гьечIо. ВатIаналда рухьарал руго гIумрудал сонал шагIирасул. «Дагъистан – мугIрузул эбел, кьурабазул эмен… дир ватIан, дир рокьи…дир рекIел цIва. Дуца кьола дие канлъиги, кантIиги…ритIухълъиги берцинлъиги…сабруги. Аллагьасеги дуеги бала дица как. …Дур цIумаз цIумур кьабгIана дир рорженалъе, рижизаруна дир гьунаралда куркьбал…» Эбелалде бугеб рокьи жубалеб буго ватIаналде бугеб рокьигун.

ТIехьалъул байбихьуда лъун буго Р.ХIамзатовасул МухIамадие аманатлъун тараб кечI:

**«Дица дуй толеб буго,**
**Дица дуй кьолеб буго,**

**Доб кьурулъ чIегIераб цер,**
**Дир чIоралда батичIеб.**
**Дун вахинчIеб борхалъи,**
**Дун лъугьинчIеб аххалъа,**
**Цо Аллагьасде гуреб**
**Дица бикьичIеб ургъел…»**

Вугищха мустахIикъав МухIамад гьаб Расулил аманаталъе? Расулил борхалъиялде нух жеги халатаб батаниги, МухIамад вихьула гьеб борхалъиялде вахунеб нухда. Гьелъие нугIлъи гьабула гьаб цIияб тIехьалда жанир авторасда лъезе кIун ругел гъваридал пикрабаз. Гьесда кIун буго рагьизе унго-унгоял шагIирзабазулги рухIияб дуниял.

«…ТалихI къараб къисмат букIаниги, къваридал къоязул къоринире кканиги, … гьаримлъиялъул гъасда хутIаниги, … гьереси бицунаро шагIирас».

«Жакъасеб къо – бесдалазул рукъ, кечI гьаниб гIодулеб лъимер…» Халатаб поэмаялъ бицунеб жо рагьун буго гьаниб къокъго.

Гьанир ругел къокъал пикраби руго щивасе пайдаял малъиял.

**«Намус бичун, бечелъи босарал бергьунаро,**
**Гьинал ракI бацIцIад бугес, цIунун буго гьаб дунял».**
**«ЛъикIлъиялъ канлъи кьола, квешлъиялъ бецIлъи кьола».**
**«Мунго дудаго лъани, лъала тIолабго дунял».**
**«Аллагь рекIелъ гьечIони, гьечIо гIумрудул магIна».**

… Хъвараб асар букIине ккола бищун мун вокьуларев тушманас, гьецIокъги босун, буханиги, цониги рагIи гьоркьоса бортулареб.

Гьал къокъал жугьабазул тематика бечедаб буго: ВатIаналде рокьи, гIадамазде рокьи, вижараб ракьалъул тIадегIанлъи, Аллагьасул хIалкъолъи, гьесул нухдаса таризе бегьунгутIи, Дагъистан.

«Дагъистан – дир рекIел цIва… дуца кьола дие канлъиги, кантIиги, ритIухълъиги, лъикIлъиги…берцинлъиги, биценги, кечIги, кициги, гIумруялъул магIнаги, магIарулльиялъул сабруги…»

«Пикрабазул къиса» абураб кIиабилеб бутIаялда поэтас ричIулеб буго жиндирго анищазул гъамас. Гьес ахIи балеб буго Дагъистаналде:

«Дагъистан, дир дуде цо гьари буго: гьерсихъабазухъа бахъе дурго цIар».

«Дагъистан, дир дуде цо гьари буго, рогьо гьечIездаса цIунеян мунго».

«Дагъистан, дир дуде цо гьари буго: ахIмакълъиялъ щекъер къакъазе тоге».

Ункъабилеб бетIералъул аслияб пикру буго – гьаб дуниял даимаб жо гуреблъи; гьанир ралел цодагьал къоял Аллагьас тIад лъурал тIалабалги тIуразарулаго, гIаламалъулъ берцинлъиги цIунун, иманалъул кIодолъиги бичIчIун тIамизе кколеблъи…

«Ракъаразул дуниял гIорцIараз кунеб буго».

«Дир цIакъ квешаб хIал бугилан абулеб буго цояс.

«Жакъа лъикIаб хIал лъил бугеб?» – ан кьолеб буго жаваб».

«Мискинчиясул гьаракь рагIулеб гьечIо, гIарада кьвагьаниги, бечедав чинхъаниги пачалихъалда рагIулеб буго».

ГIемерал руго гьаб тIехьалда кицаби гIадал жугьаби, цIаларазе пайда

кIудиял – гIолохъабаз цIалани, пикрабалъе ккезе гьарулел, чIахIияз цIалани, араб гIумруялъул хIисаб гьабизе тIамулел, мунагь бугел, тавбу гьабун, кверал цере ккезе кантIизрулел. Гьаниб бугеб берцинаб вагIза жубала философиялъул пикрабигун, гIумруялдеги гIадамаздеги бугеб рокьи берцин гьабула Аллагьасде авторасул бугеб рокьул бацIцIалъиялъ.

Исламалъул бацIцIалъиялъулъ, иманалъулъ талихI батарав шагIирасул киналго асаразулъ бессун буго: дуе квешлъи гьабурасе данде квешлъи гьабуге, тIаса лъугьа, бецIуге абураб пикру.

«Аллагьасукьа хIинкъи – хIикматалъулги хIикмат»;

«Мун гуккарав гуккуге»;

«Дуда божарасда божа мун, гIадан».

Гьаб тIехь биццатаб букIаниги, бигьаго цIалула махщалида гIуцIун букIиналъ, кочIол гIадаб берцинаб мацIалъ хъвараб прозаги поэзиялъ хисулаго, харбил роценалда хъвараб гьитIинаб асарги поэзиялъул чвахун бачIунеб мацIалъ хъван букIиналъ.

Хасаб бакI ккола тIехьалда эркенал сонетаз. Гьезул аслияб тема ккола: ритIухълъи, гIорцIаралги ракъаралги, берцинлъиялъул кIодолъи, хIалаллъиялъул берцинлъи, намус цIуниялъул борхалъи. ВатIаналъул бицунеб букIаниги, диналъул бицунеб бугониги, гIемерисезул рекIелъ бугеб унти загьир гьабизе кIун буго. ГIумруялъе рахIат толарел суалазда жаниве ваккизе бажари гIун буго ва гьезие намусалъул суд къотIулеб буго АхIмадовас.

Философиялъул кьучIалда хъварал сонетазулъ буго цоги пикру – гьаб дуниял хъантIун, бикъун гIумру гьабизегIан даимаб гуро абураб.

Сонетазулъ квешаб заманаялъул бицун гурони, гьелъие кьолел суалал гьечIо. Жаваб щолареб суал щай гIадада кьун. Амма хьул къотIулеб гьечIо лъикIаб заман бачIине букIиналда.

**«ЦохIо анищ буго гьаниб хутIараб**
**ХутIарал соназулъ батилин талихI».**

Сонеталъулъ бицунеб пашманаб рокьул образ (ахIуге, ахIуге йокьулелде кечI, гьечIо гьелъул тIагIам, тIагIана рохел) чIаго гьабулеб буго Саниятиде хъвараб кечIалъ:

**«Дица дур беразе кечI ахIулелъул,**
**КенчIолеб бихьула гIурдада тIад щуб»;**
**«Дур кIутIбуца дир цIар ахIулеб мехалъ.**
**Къолоцоабилеб век бигьалъула».**

Бихьулищ цо бацIцIадаб рекIелъ бугеб берцинаб асаралъул къуват. Гьедин букIунеб батила, мунагьал гьечIей чIужугIадан аскIой йигеб мехалъ. ТалихIал лахIзатаз къуват кьолеб буго гъуждузде бегараб ургъел гIодобе кIобокIизе.

ТIехьалда руго чанго поэмаги. «ЧIужугIаданги поэтги» абураб поэмаялда авторасда рагьизе кIун буго бихьинчиясулги чIужугIаданалъулги рекIел дуниял. Гьениб буго нечараб рухIалъул пашманлъи. Гьеб пашманлъи, гьезул магIил гарал гIадин, гирун рачIуна цоцазде рехулел гIайибазулъ. Гьаниб поэзия сверула пашманаб бакъаналде. Гьениб гьечIо кинаб букIаниги материалияб рахъ, рухIияб бухIиги пашманлъиги гуреб. Поэма гIуцIун буго диалогалъул кьучIалда.

**Поэт:**

**Кодоб ккун хутIараб зазил цIураб тIегь,**
**ЗахIматаб талихIлъун кьуна дие мун.**

**ЧIужугIадан:**

**Дий бокьун букIана дур хIухьелалъе**
**ХIалхьиги, сабруги, талихIги кьезе…**

Бихьулищ цо рекIелъ бугеб бацIцIадаб асаралъул къуват. ТалихIал лахIзатаз ургъел бигьалъизе гьабулеб куц!

Океаналда бакьулъ бугеб берцинаб гьитIинаб чIинкIиллъиялда релълъуна жугьаби-кицабаз тIехьалда ккураб бакI. Гьел руго рекIелъан чвахун рачIарал, хIалица тIадги ургъун хъварал гурел. Гьел бигьаго ратIа рахъизе лъала. Инхоса ГIалихIажияс лъуна авар литератураялда рифмаялъе кьучI, гьеб хадуб ГIабасил МахIамадица гIатIид гьабуна. Гьеб нухдасан арав АхIмадовасул гьал жугьабазулъ буго лъималазул гьимиялдасан байбихьун кинабго гIумру, гьелъул берцинлъи, гьелъул гIузраби. Гьенив вуго живго поэтги, халкъги, ватIанги, цо–цо махсарабиги. Цо-цо жугьабазулъ бихьизабизе кIун буго кIудияб гIумру. Руго цо-цо малъа-хъваялги:

* * *

**ХIадисал руго хIакъал,**
**ГIемер гьаруге хIакъал.**

* * *

**Меседлъун лъугьине хьул**
**КъотIулеб гьечIо пахьул.**

* * *

**Цин захIмат, цинги рахIат –**
**Гьедин рещтIуна рахIмат.**

* * *

**ЦIикIкIун буго бечелъи –**
**Бичулеб буго чилъи.**

* * *

**Буго щивасул къиса**
**Къулараб гьод ва гIанса;**
**Соназ босулеб къисас –**
**Къоязул лъугIулеб сас.**

* * *

**Улка, дур херазул рукъ,**
**Бихьула дида сурукъ,**
**Лъималаз тарал улбул**
**Ургьулел руго, гьудул.**

Анлъжугъаби берцин гьарун руго гIакъиллъиялъги, гIадатлъиялъги, ракI бацIцIалъиялъги.

**ЦIуне дуца дун, сабаб, устарасул дарс хъвараб,**
**Каранда тIадги бараб, рекIелъ жанибги бараб;**
**ЦIуне дуца дун, сабаб, устарас къуват кьураб,**
**Кьурул рагIалде щвараб гIамал хвасар гьабураб.**

**ЦIуне дуца дун, сабаб, устарас дару хъвараб,**
**Дир бигъараб гIумрудул гIомо хекко бичараб.**

ГIемераб бакIалде кIалги-берги щун кIун буго гьаб тIехьалда гIумруялъул хIакъикъат рагьизе, жиндирго рухIияб дуниял нилъеда цебе рагьараб тIехь гIадин лъезе. Ина замана, жегиги шагIирзабазул цIиял гIелаз чанги хъвала асарал. Амма гьаб тIехь чан сон аниги, кIудияб баркалагун цIалила хадур рачIунел гIелазги. Сундулъха гьадинаб пасатаб гIумруялъул хвасарлъи шагIирасда батулеб бугеб? Хвасарлъи буго Аллагьасул нухдаса таричIого щивав чиясда ине кIвеялъулъ. Жиндицаго жиндиего суд къотIиялъулъ адаб, иман, яхI, рахIму щивав чияс цIуниялъулъ, нилъерго умумузул лъикIабщинаб цIи гьабиялъулъ.

**«Унтараб халкъалъе мадар букIина,**
**Маданияталъул дару гьекъани».**
**«ЦIвабзазул мацIалда дида кIалъала**
**Аллагьасухъе нух – зобалазул нух.**
**Гьелъ дида абула дуниялалда**
**ДагIба жибго тейин, ракълида чIайин.**
**ЧIумаз канлъи кьолеб буго килщазе**
**Квешлъи кIочон тейин, лъикIлъи гьабейин,**
**Аллагьасул цIобалъ цIунун вуго дун…**
**…Заман берцинлъизе берцинго рукIа»**

Гьаб буго гIун бачIунеб гIелалдеги чIахIиязеги балеб ахIи –магIарулазе гIаданлъи цIунизе толеб васигат.

«ШагIирги ВатIанги» абураб поэмаялда цебе чIезабулеб буго хисараб улкаялъул образ. Баладаго поэтас абулеб буго нилъ, квартIа гербалдаса тIагIаралдаса тIагIанила нилъер талихIилан. Поэмаялъул гьечIо сюжет. ГьечIониги, тартибалда цебе чIолеб буго пачалихъалде бачIараб чIегIераб къоялъул сурат. «ЦIиял хважаинзабаз жаназадул как бана». Гьединаб как бала чи хвараб мехалъ. Гьел къокъго абурал рагIабаз рагьулеб буго хвараб улкалъул сурат:

**«Рищиялъул щобазда**
**Щущан буго гIарцул бакъ,**
**Вакъарав пакъирасе**
**Панкъ щваниги гIун буго…»**

Гьеб тIолабго улкаялдего щвараб балагьалъ гьале гьадинаб бакIалде ккезабуна халкъалъул гIумру:

**«…Кавказалъул каранда**
**КартIал руго гулбузул,**
**Улбузул магIу буго**
**МугIрул тIогьаз къулчIулеб».**

Лъиего къуличIеб бетIер къулана Дагъистаналъ нилъерго ракьалъ кьурал нилъерго тушбабазе.

**«Лъиего чIвачIеб наку**
**ЧIван буго Дагъистаналъ,**
**Халкъалъул магIу бичун**
**Бечелъаралщиназе».**

КIиго бетIер бугеб цIум гербалда хисаралдаса хисана гIумру. Поэтас абулеб буго:

**«Дагъистаналъул цIудуй**
**БетIер цо бугеб гIола,**
**КIиго бетIер бугеблъун**
**БукIинчIо гьеб мугIрузда» – ян.**

ШагIирас нечезарулел руго гIадамал, гьезулъ бахIарчилъи борчIизабулеб буго «балагьал тIадчагIазда Дагъистан бичIчIуларила», гьеб цIунизе тIаде рахъайилан ахIи балеб буго. Гьеб бичIчIула цохIо «хвалдаса хIинкъизабулеб халкъалда», гьединлъидал гьезда тIадаб буго ватIан хвасар гьабизе:

**«Бахъа тIаде, Дагъистан,**
**Гъужум гьабе бацIазде,**
**Халкъалда рихун ругел…»**

ХIакъаб бахIарчияб рагIи цIогьабазда абизе ахIулел руго М.АхIмадовас, жалго хIакъир гьабулеб гIумруги тун.

«ШагIирги гIадамалги» абураб поэма буго цебесеб поэмаялъул суалазе жаваб кьолеблъун. Гьениб абулеб буго гьединаб квешаб гIумру хвасар гьабизе щайха шагIир вахъинчIевилан. Гьесие, «магIуги бацIцIун», гIумруялъухъ валагьун вукIинейищ гIумруги гьунарги кьун букIараб? ГIадамаз шагIирасда гIайиб гьабулеб буго, шагIирасда гьезул ццим буго:

**«Нижер ракIаз тIола тIухьидул гулла**
**ТIерхьине гьабизе гьунар берцинлъи…»**

ГIадамал «хъурмал гIадин» тIаделъун руго шагIирасде. Щай? Щайгурелъул, цо-цо шагIирзабаз реццичIищ жидерго асаразулъ хъачагъал? Цо-цоялин:

«Кьурабазде рахун, зобазде харун,

Халкъин, ватIанилан!» – ахIдолел рукIана. «Нужей хирияб жо тIадчагIазул цIал, цIалал мухъал рахъун къуларал мугъал…» - ан ахIулеб буго авторас. Амма лъида рагIараб шагIирасул ахIи? Щив гьелъухъ гIенеккарав?

ГІадамазул жаваб:

**«Аллагьас ниж рихьун, кьуна тІадчагІи,**
**ТІад вугес гьел тІаса рачунел гьечІо».**

ШагІир:

**«Нуж гьедин батани, БетІергьанасищ**
**БетІер гьечІелщинал рищеян тарал!»**

АхІмадовасда гьанибги цІакъ битІун бахъизе кІун буго заманаялъул сурат. Гьаб бакІалда буго поэтасул гьунарги, гъварилъиги, гІумруялъул кьватІалабахъе ваккизе бажариги. Гьес жиндирго рагІи бацІулеб буго захІматаб гІумруялъул къебелъухъ, лъихьниги валагьичІого, лъидасаго хІинкъичІого. Нилъ гьеб цІалулаго, гьевгун цадахъ руго, къан бутІрулги ккун, эхетун, гІумруялда цере. Гьес бухулеб буго ургъелазул цІумур киназдаго рагІилеб ва бичІчІилеб хІалалъ.

Сундулъха бугеб хвасарлъи? Хвасарлъи чиясул цохІо жиндилъго буго, Аллагьасул нухдасан таричІого ине таваккал гІеялъулъ буго.

**«Гьанже гІумруялда щиб гьабилебан**
**Гьикъула рогьалилъ БетІергьанасда…»**
**«ТІадаб как байилан кьола дий жаваб…»**

«ГьетІараб гьаб гІумру» битІизе бокьани, ретІейила «зобалазул кьерал». РакІ-ракІалъ гьабураб тавбуялъулъги, Аллагьасул нух тІаса бищиялъулъги бугила хвасарлъи.

Гьаб тІехь цІалулаго, дида ракІалде ккана, жакъа чІаго рукІаралани А.Пушкиница, М.Лермонтовас, Л.Толстояс кинаб къиматдай кьелаан гьаб заманаялъе? «Прощай немытая Россия, страна рабов, страна господ» – ан абуна Лермонтовас, «Евгений Онегиналда» Пушкиница рагьана доб заманаялъул сурат. Гьаб тІехьалда М.АхІмадовас бахъаралдаса гьез лъикІ рахъизеги бегьилаан, амма АхІмадовасдаги кІун буго заманаялъул гІузраби «ШагІирги ВатІанги», «ШагІирги гІадамалги», «ШагІирги тІадчагІиги» ва гь.ц. поэмабазда гІезегІан гъваридго рагьизе, жинца гІумру гьабулеб бугеб заманаялъул ритІухълъиги тІекълъиги бихьизабизе. Гьеб кинабго бихьун хІалуциналъ бижизабураб ракІел багъа–бачари гІадамазе асар гьабиледухъ, гьезул пикру хисизе гьабиледухъ, гьел кантІизариледухъ рагьизе. Гьеле гьединаб буго поэмабазул – аслияб мурад. Щибаб поэма цІалула цебесеб поэмаялъул хадусел бутІаби гІадин. Гьезда жаниб буго магІнаялъул роцен. КІудиял хъвадарухъабазул дарсал росарав авторасда кІун буго гІадамазул (героязул) ракІал рагьизе. ГІадамасда жанив вахчарав гІадамасул ракІел хІал рагьизе.

* * *

**«Нижер къуват гьечІо, къуна ниж рагъда,**
**Рагъухъаби гьечІо, чахъаби гурел.**
**Ниж мискинлъиялъул мусрудалъ жемун,**
**Росун унел руго гІад–хочІги гьарун…»**

* * *

**«ГIела, ругънаде цIам щвазе лъугьунге,**
**Базаралъул кIалтIа кIотун руго ниж»**

*(ГIадамалги шагIирги)*

Авторас гIайиб чIвалеб буго гьару-гьарухъе рукIунел гIадамазда, мекъаляда мекъабин, тIекъалда тIекъабин абизе бахIарчилъи гIоларезда.

«ТIадчиги шагIирги» абураб поэмаялда рагьулеб буго жакъа бищунго унтараб суал *(гIурусаз гьелда абула «беспределилан»).* ТIадчагIаз кIал гьикъулеб буго:

* * *

**«ВатIаналъул цIаралъ мацIалда хъвараб**
**ГьоцIо дуй кьогIлъизе кьурал ругила»**

* * *

**«Ниж, духъ хьимулаго, балагьун руго…**
**Гурде хисизецин магIишат гьечIев…»**

* * *

**«Нуж мутIигI гьабураб гьве гIадин чIола,**
**Цин ракьа рехула, цин цIал кьабгIула”.**

Мискинаб халкъ хутIун буго тIадчагIаз бикьун хутIараб дагьа–макъаб жо гурони ракъуца хвечIого рукIине щоларого. ШагIирас гьезда абулеб буго нуж ругила:

**«Чарал хабараца, ххалел гьерсаца**
**Халкъазул къисматал къантIе рехарал…**
**Нужеца бакараб цIадаре ралел**
**ЦIуллъун лъугьун руго гьанже гIадамал…»**
**«Нижеца дур гIумру кварида бала,**
**Карандаса бахъун ракIги бикIила…»**

Гьебги гIечIони жидерго хIамабагьадурлъи бихьизабизе тIадчагIаз абулеб буго: жал ругила щиб бокьаниги гьабулел, гьабурабщинаб бегьулел чагIи:

**«Нижее бокьани, зодил цIабицин**
**ЦIадирабазда лъун, ричизе кIола…»**

ГIадатиял гIадамазул бахIарчилъи гьал поэмабазда бихьулеб буго гьезул сабруялъулъ, гьезул руцIцIухIун чIун, къварилъи хIехьезе бугеб къуваталъулъ, гIемераб къо бихьараб ватIаналда гъалмагъир гьабичIого, лъикIлъиялде кIудияб божилъигун.

Хъвадарухъанасул бищун кIудияб талихI щибилан гьикъани, дица абила хъварал асарал цIаларав чи живго жиндихъго валагьизавизе авторасда кIвани, гьеб бищунго кIудияб талихI бугилан.

ТIехьалда ругел киналго асаразул буго берцинаб поэзиялъул мацI. ГIемерал данде кквеяз, метафорабаз, эпитетаз бечед гьабураб буго гьеб. Киналго хъварал асарал берцин гьарулел руго поэтикаялъул къагIидаби хIалтIизарун рукIиналъ. Гьелъ тIехьалда кьурал асарал лъугьинарун руго ракIалда чIолеллъун, рекIее асар гьабулелллъун.

«ЧIужугIаданги поэтги» абураб поэмаялда авторасда рагьизе кIун буго бихьинчиясулги чIужугIаданалъулги рекIел дуниял. Гьениб буго нечераб рухIалъул пашманлъи. Гьеб пашманлъи бихьула, гьезул магIил гарал гIадин, гирун рачIун, цоцазде рехулел гIайибазулъ. Гьел гIайибазулъ бугебщинаб ракIбакъвайги, ракIхвейги, бухIиги, берцинлъиги. Гьаниб поэзия сверула пашманаб бакъаналде.

**Поэт:**

**«Кодоб ккун хутIараб зазил цIураб тIегь,**
**ЗахIматаб талихIлъун кьуна дие мун».**

ЧIужугIадан:

**«Дий бокьун букIана дур хIухьелалъе**
**ХIалхьиги, сабруги, талихIги кьезе…»**

Гьединаб мурадгун данделъарал дагьал гуро рукIарал дуниялалда, гьезул гIемерисел цоцазе рилана, риличIого хутIарал цоцазда ричIчIичIо. КигIан Пушкинилъ лъади йокьулей йикIарай ятаниги, гьелда росасул рухIияб дуниял бичIчIичIо, гьес хъвараб цониги асар гьелъ цIаличIо. Лермонтовасе хилиплъана йокьарай гIадан. Дос абуна:

**«Дуе инжитлъизе вижун гьечIо дун»**, – илан.

ЦIакъго талихI бугел бихьиназе щвана гьел жанире рачунел лъудби. Гьаб шагIирас рагьулеб тема буго гIумруялда данде чIвалел, амма дагьаб гурони рагьичIеб тема.

ЧIужугIаданалъ бихьинчиясде гIайиб гьабулеб буго:

**«Дуда дица кьураб хIасрат бичIчIичIин,**
**Дие лъикIлъи кьезе мун гIедегIичIин,**
**ГIадада гирараб магIил горолъун**
**Гирун ана, гьудул, мун дир бадиса…»**

Бихьулищ цо абун бугеб берцинго. Гьал рагIабазулъ бихьула чIужугIаданалъул рекIел хIал, рагIула гьелъул магIил гараз бачунеб пашманаб наку, холеб бугеб рокьул угьи, бихьула гьелъул вокьулев чиясе кьолеб бугеб ахирияб сайигъат – магIил горо. Гьаниб кIалъалев вугев чи поэт гуро, кIалъалеб буго рекIел асар.

ШагІир:

**“Дирги гІумруялъул гІурул рагІалда**
**ГІодулеб мехальги елъанхъана мун.**
**Дирги къисматалъул къосараб зодихъ**
**Къисас босулаго берцинлъана мун”.**

Гьелъ жаваб кьолеб буго:

**«Цо панаяб хІухьел бухІулеб рекІел»**
**Балагьизе дуе дун хІажалъана,**
**Балагьалъул берал беццлъизарулеб**
**Берцинлъи гІуцІизе дун къваригІани…»**

Гьал берцинал рагІабазулъ бугебщинаб гІайибги ракІхвейги. Угьдулеб буго чІужугІаданалъул хІасрат. ЧІужугІадан йиго чІухІарай, хІелизе бокьуларей, мекъай. Гьелъ щибго гьарулеб гьечІо, я тІаса лъугьаян, яги жий йичІчІизе хІалбихьигІаги гьабейилан, цохІо гьурщун толеб буго рекІел хІал. Гьелъул ракІхвей хисизабизе кІолеб къуват гьечІо.

Кинаб талихІкъараб гІумру шагІирзабазул батІи-батІиял заманабазда букІараб батаниги, кин гьез гІумру гьабулеб букІараб батаниги, гьел кидаго божана талихІаб заман бачІиналда. МухІамадилги гьелде хьул буго.

ХутІила нахъе лъикІал асарал ва гьезда тІад ургъулеб бачІине батила заман. ШагІирзабаз асаразулъ рорхулел ругел суалазда тІад пикру гьабизе гІадан регІараб мех бачІиналда бокьун буго божизе.

*Залму БАТИРОВА,*
*Дагъистаналъул халкъияй шагІир*



**Жамалудин**
**ГЬИТIИНОВ**

ГьитIинов Жамалудин гьавуна Хунзахъ росулъ 1936 соналъул 9 маялъ. ГьитIинго рагъда эменги тIагIун бесдал хутIарав гьес лъугIизабуна росулъ гьоркьохъеб школа ва лъугьана цIализе Дагъистаналъул Росдал магIишаталъул институталде. ЛъугIизабуна гьеб 1960 соналъ. ХIалтIана агрономлъун гIагараб колхозалда.

1971 соналъ гьев цIализе лъугьана Марксизм-ленинизмаялъулаб университеталъул журналистазул отделениялде. ХIалтIана Дагъконсервобъединениялда, цинги Аграрияб промышленностальул пачалихъалъулаб комитеталда бахчабазул культурабазул специалистлъун, «Дагъагростроялда» административиябгун магIишатияб группаялъул ва кадрабазул начальниклъун.

Хъвадаризе байбихьана 1970 соналдаса нахъе. 2012 соналда къватIибе бачIана гьесул «Пьесаби ва къокъал харбал» абураб ва 2015 соналда гIурус мацIалда къватIибе биччана «Кепал харбал» абурал тIахьал. КватIичIого бачIине хIадурун буго магIарул мацIалда «Дир пьесаби халкъалъе» абураб тIехьги.

Гьес хъварал «Инсул хабатIа», «Бесдал эбел», «КантIарал», «Рагъдаса лъутарав», «Махсара», «Къосун ккарав» ва цогидалги пьесаби цIалулез цIакъ лъикI къабул гьаруна.

Гьев, кIудияб яхI-намусалъул, берцинаб гIамалалъул, ракIбацIцIадав ва кIвахI лъаларев инсанасул исана тIубала 80 сон.

## ЛЪУТАРАВ

КIиго пардавалъул пьеса

Лъугьа–бахъин ккола Дагъистаналда, мугIрузул росулъ, 1942–1945 соназда.

**ГЬОРКЬОР ГIАХЬАЛЛЪУЛА:**

**Сакинат** – хурул бригадир, 36 сон
**ИсмагIил** – Сакинатил эмен, хьитазул устар, 70 сон
**Камил** – Сакинатил вас, 13 сон
**Юсуп** – фермаялъул заведующий, 38 сон
**МахсутI** – Юсупил вас, 13 сон
**ГIусман** – хъачагъ, Сакинатил вукIарав рос, 39 сон
**Милиционер** – 26 сон.

## ТIОЦЕБЕСЕБ ПАРДАВ

ГIадатияб мискинабго рукъ. КIиябго гордуялда гьоркьоб стол, кIиго бакI, цIулаца бакулеб печь, къеда бан сагIат ва цойгидабги. Нахъа тIимугъги чIван, цIоробералги ран, чарухъал рукъулев ИсмагIил.
Вихха–хочун жаниве вачIуна Камил. Гьев вукIуна хохораб ретIелги басриял, хварал хьиталги ретIарав, кепка тIагъурги лъурав, чорхолъ загIипав вас.

**Камил.** ДахIадада, гьаб параялъ Бакуялдехун ралагьун роржун ана, тIад хъанчал рахъарал, немцазул самолетал.

**ИсмагIил** *(бетIер эхеде борхун)* Гьел ун ратила Бакуялдехун нарт бахъулел буругъазде тIаде бомбаби рехизе.

**Камил.** Валлагь лъаларо, дахIадада, сон МахIачхъалаялдеги рехун рагIула немцазул самолетаз бомбаби.

**ИсмагIил.** ВахI, щвана нилъетIеги рагъ. *(лъалхъун.)* ГIадамазе зарал кканадай?

**Камил**. Кканин рагIичIо. *(лъалхъун.)* Немцал киредай щун ругел, дахIадада?

**ИсмагIил**. Моздокалде щун ругилан абулеб бугоха, дир вас.

**Камил.** Моздок киб бакIалда бугеб, дахIадада?

**ИмагIил.** Грозный шагьаралдаса гIемер рикIкIад гьечIого.

**Камил** *(хIинкъун)* КватIичIого нилъер гьанибеги щвела гури рагъ.

**ИсмагIил** *(ургъел ккун)* Лъалароха, дир вас, хабар лъикIаб гьечIоха.

**Камил.** Щиб лъалеб, дахIадада, дир дадаги ватизе бегьула гури гьаниса гIемер рикIкIад гьечIого, гьел немцазде данде вагъулев?

**ИсмагIил.** Лъалароха, дир вас, нилъер ватIан кIудияб бугоха.

**Камил.** Пайда щиб, дахIадада, нахъегIанги чIун балагьизе бокьилаан дие дир дада кин вагъулев вугевали вихьизе гьал фашистазда данде.

**ИсмагIил.** Гьевги ватилаха, дир вас, цойгидал гIадинан хъатикь ккун ярагъгун вагъулев, нилъер ватIанги цIунун.

**Камил** *(ццин бахъун)* НагIана батаял фашистал! Нилъеде тIаде кIанцIизе ккани, нилъеца щиб квешлъи гьабун букIараб гьезие?

**ИсмагIил**. КватIичIого гьел тушбаби щущахъ риххизарила. Бергьенлъиги босун дур дадаги вачIинаха рокъове.

**Камил.** Унгоха, дахIадада, кидалха гьеб къо тIаде щвелеб, бокьун бугеб куц дада вихьизе, гьесул гьаракь рагIизе, гьесда къвал бан, убач гьабизе. *(ракIалде щун, чвантиниса гьоло къватIибе бахъун, ИсмагIилихъе бегьулаго.)* Ма, дахIадада, гьоло кванай.

**ИсмагIил.** Вай, дир вас, гьеб кваназе дир гIусал гьечIо гури.

**Камил.** ХIеренаб буго, дахIадада, кванай.

**ИсмагIил.** Бихьеха, кье. *(босун кIалдибе рехун)*. ВахI, гьадигIан хIеренаб гьоло киса дуе щвараб?

**Камил.** Жакъа тIубараб школаго бачун букIана колхозалъул магъилъе гIодобе бортараб хIалухъиналъул тIор бищизе. ХIалтIудаса хадуб дунги Муслимги магъилъги чIун, гIунхрузул картIалги рухъун, гьез хасалоялде жидеего данде гьабураб гьоло бахъана нижеца. Гьеб буго гьаб.

**ИсмагIил.** Бихьулищ, дир вас, гьал гIунхруз нилъее гьабулеб бугеб зарал.

**Камил.** Ма, дахIадада, гьаб лъабго гьологи кванай. (хъатиниб рикIкIуна). Гьаб щуго эбелалъеги тела.

**ИсмагIил.** Бегьилаха, дир вас, вакъунги вукIана дун. Воре, нужеца колхозалъул магIишаталда квер хъваге, гьеб ккола киназулго гIаммаб бечелъи.

**Камил.** Хъваларо, дахIадада, учителалъги абуна нижеда гьедин.

**ИсмагIил.** Мун Заза, кIодол гъове аравищ, дир вас?

**Камил.** Ана, дахIадада. Дицаги МахсутIицаги Заза кIодое цIул бичIун тана, рукъ-бакI данде бачана, иццухъе ун лъим тана. Тукаде ун паекалъул чед босана.

**ИсмагIил.** Бегьула, дир вас, кIиго вас рагъда чIварай загIипай кIодо йиго гьей пакъир. Кидалго гьабе нужеца гьелъие кумек.

**Камил**. Гьабила, дахIадада. Нижер классалъул васазги ясазги гьабула гьей гIадинал рагъда росалги васалги ругел ва хварал, херал гIадамазе кумек.

**ИсмагIил** *(разиго)* Гьеб цIакъ лъикI дир вас, нужеего кири бугоха.

**Камил** *(вортун ун босун вачIун ИсмагIилида бихьулаго)* Гьале, дахIадада, Заза кIодоца дие жиндирго васасул букIараб тетрадги ручкаги кьуна, МахсутIиеги къаламги шакъитIелги кьуна.

**ИсмагIил** *(гьелги кодоре росун)* ХIалтIизаричIого рагъ лъугIизегIан нахъе цIунун те. Щиб лъалеб, гьел чIаго ратизеги бегьула гури.

**Камиль.** ДахIадада, дуца абухъе, дицаги гьел нахъе цIунун руго. (букъулеб чарухъалде тIаде валагьун). Дир чарухъал рукъун лъугIулел ругищ, дахIадада?

**ИсмагIил**. Гьале цояб лъугIана. Бихьизе тIад ретIея. Аллагьас хъван батани. Цоябги метералде лъугIизабилаха.

**Камиль** *(тIад ретIуна, вохула)* Гьале, цIакъ дурус ккана.

О-гьо-гьо, цадахъ цIалулезул дир гурого гьечIо чарухъал. (лъалхъун). Цо-цоял, мерхьунаго гIазугун, хIатIида гIицIго рачIуна школалде, квачан холаго.

**ИсмагIил.** Кинабго жо къанагIалъанаха, дир вас. Вортая, цодагьаб риди щоларищали балагьун вачIая, дир чехь унтизе лъугьаннин вакъиялъ.

**Камил** *(кIанцIун тIаде вахъун)* Гьаб параялъ. (столалда лъураб банкаги босун уна).

**ИсмагIил** *(тIаде вахъуна. Живго жиндаго)* Собона дун гIемер гIодов чIун.

НуцIидаги кIутIун, жаниве вачIуна, басрияб ретIелги ретIарав,
хварал хьиталги ретIарав МахсутI.

**МахсутI.** ТIаса лъугьа, ИсмагIил, дица рахIатхвезабун батани. Эбелалъ витIана дун нужее хинкIал гьаризе гIатIги босун. *(гьес ченгел столалда тIад лъола.)*

**ИсмагIил.** Баркала, дир вас, садакъалъун батаги. ГIодов чIаха гьанив. (гьес тах бихьизабула. МахсутIил чарухъалъул тIикъва гьакIкIан бихьун.) Тупла тIаса бахъун, кьея, дур гьелъул тIикъва гьакIкIан бихьулин. *(МакъсутIица бахъун кьураб хьитги кодоб ккун, ИсмагIил бакIида гIодов - чIола. Гьелда магIал чIвазе лъугьуна.)* КIудада щиб гьабулевха вугев?

**МахсутI.** Дуеги, жиндиегоги тамахьу бусулев тана. Камил кивеха арав?

**ИсмагIил.** КъваригIелалъ витIун ана, дир вас, кватIичIого вачIина. *(лъалхъун.)* Инсул кагъатгIаги бачIинчIебищ, дир вас?

**МахсутI**. БачIана кIудада, Сталинградалда вагъулев вугин хъвалеб бугоха. Нужедеги салам буго.

**ИсмагIил.** Баркала, дир вас.

**МахсутI**. Нужерго ГIусманил бачIинчIебищ кагъат?

**ИсмагIил** *(угьун биччан)* Киса, дир вас. Рагъде аралдаса я кагъат гуро, я хабар лъаларо.

**МахсутI**. Ургъел ккоге, кIудада, кагъат бачIинчIого хутIиларо.

**ИсмагIил.** Лъалароха… *(къачIан хьит МахсутIихъе бегьулаго.)* Ма, дир вас, тIад ретIе.

**МахсутI** *(хьит тIад ретIунаго)* Баркала, кIудада.

**ИсмагIил**. ХIатIида жал хванщинахъе дихъе вачIа мун, эбелалдаги абе, гьезул хун ратани, духъе кьун ритIеян.

**МахсутI**. ЛъикI буго, кIудада. Гьанже дун ина. Камилида абе, цадахъ дарсал гьаризе нижехъе вачIаян.

**ИсмагIил.** Абила, дир вас. Салам бице дахIадада.

**МахсутI**. Бицина, кIудада.

МахсутI аравго, ИсмагIил вилълъуна ченгелалда аскIове ва
цодагьаб гIатI кIалдибе бала.

**ИсмагIил**. Валлагь, гьуинаб гIатI буго.

Рокъое ячIуна Сакинат.

**Сакинат**. Вай, Аллагь, свакана дун жакъа.

**ИсмагIил** *(гьелъухъ валагьун)* Щиб хIалтIудагIаги нуж рукIарал жакъа?

**Сакинат.** Рагъухъабазе фронталде битIизе ролъ бищулел, къачIалел, гьеб къандалъабазухъе балел ва машинаялда тIад гьел лъолел рукIанаха, эмен.

**ИсмагIил.** КигIан кьуниги хIалалаб буго, дир яс, нилъ цIунун рагъулел ругел рагъухъабазе.

**ИсмагIил** *(столалда тIад лъураб ченгел бихьизабулаго)* Нилъее хинкIал гьаризе гIатIги босун вачIун вукIана, эбелалъ витIанин абун, МахсутI.

**Сакинат.** Вай, Аллагь, щайгIаги гьай гъарималъе букIараб гьаб нилъее битIизе, жидеегоцин кваназе гьечIеб жо. Садакъалъун батаги.

**ИсмагIил**. Щиб гьабилеб, дир яс, мискинчиясда яхI букIунаха.

*Гьеб заманаялда тIаде вачIуна родол цIураб хъабаги босун Камил.*

**Камил**. Эбел, дуда рагIарабищ, цо чIужу чIван рагIула?..

**Сакинат**. РагIана, дир вас.

**ИсмагIил** *(бетIер борхизабун)* Щибжо, дир лъимал, нужеда рагIараб?

**Сакинат**. Гьей рагIула нилъер районалда хIалтIулев вукIарав хIакимасул хъизан. Гьесухъе щвезе ячIуней йикIарай гьейги, гьей щвезайизе вачIунев вукIарав шоферги чIван, гьезул машинагун ун рагIула диверсантал тIурун.

**ИсмагIил**. Киб бакIалдагIаги гьел чIван ругел?

**Сакинат**. Нилъер росда нахъа чIван рагIула.

**ИсмагIил**. Диверсантал кквезегIаги щвечIодай?

**Сакинат**. Лъаларо. Гьел ралагьулел рагIула милицаялъул хIалтIухъабиги, истребительный батальоналъул гIадамалги.

**Камил** *(стаканалъубе ридиги тIун, ИсмагIилихъе бегьулаго)* Ма, дахIа-дада, гьекъе.

**ИсмагIил.** Баркала, дир вас, бихьея, хьуллъун букIанин. *(гьес риди гьекъола.)* Валлагь лъикIаб буго, баркаман!

**Камил** *(нахъойги стакан цIезабун, эбелалъухъе бегьула)* Ма, эбел, дуцаги гьекъе.

**Сакинат.** Баркала, дир вас, якъун йикIана. (гьекъола.) ЛъикIаб буго. *(Камилица жиндиегоги тIун гьекъола.)* Печ бакизе цIа балагьун вачIа, нилъецаго лъикIал хинкIал гьарилин. *(печалда цебе лъураб тIарсиниса босун, бакъвараб рак кIийиде бекун кьола.)*

**Камил** *(гордухъе вилълъун, къватIивехун валагьун)* Гъоле Субил гъобасан баккана кIкIуй, дун гьениве ина, эбел.

**Сакинат**. А, дир вас.

НуцIаги рагьун, жание къулун, ахIдола цо гьитIинай яс.

**Яс**. Сакинат, мун советалде ахIулей йиго!

**Сакинат.** Щайдай, дир яс?

**Яс.** Лъаларо. Киналго гIадамал ахIулел руго гьенире.

**Сакинат**. Гьаб параялъ ина, дир яс. (тIад жакет ретIула.)

**ИсмагIил** *(рекIее гIечIого)* Щайдай дир яс, гьенире ахIулел ругел?

**Сакинат.** Лъалароха, дада, инаха, щиб бицунебали лъазе. *(уна.)*

Сакинат ун гIемер кватIичIого, кIиябго хьатикь эбелалъ кьураб ракги ккун, гьелда гьоркьоб лъураб цIадудеги гьу-гьудулаго, жаниве лъугьун вачIуна Камил

**ИсмагIил**. Эбел рокъой гьечIо, дир вас, гьеб цIа печалъубгIаги лъеха.

**Камил.** ДахIадада, Субил вас рагъда чIванин абун, магIу бахъун буго.

**ИсмагIил**. Идрис? Мунагьал чурун ратагиха гьесул, лъикIав вас вукIана пакъир.

**Камил**. Эбел кие арай, дахIадада?

**ИсмагIил**. Сельсоветалде ахIун анаха, дир вас.

**Камил.** ВахI, щайдай гьей гьение ахIарай?

**ИсмагIил.** Лъалароха, дир вас, киналго ахIулел рагIулаха гьенире. *(ракIалде щун.)* МахсутI вукIана абулев, мун рокъове щваравго, гъове вачIаян абейила, цадахъ дарсал гьаризе.

**Камил.** Ина, дахIадада, МахсутI вачIунищ вукIарав?

**ИсмагIил.** Уха, дир вас, нилъее хинкIал гьаризе гIатIги босун вачIун вукIана. *(столалда лъураб ченгел бихьизабула.)*

**Камил** *(столалде аскIове вилълъун, гьениб бугеб гIатI кIиябго килщица кIалдибе бала.)* Бугеб лъикIаб, гьуинаб гIатI, дахIадада. Гьедин батани дун гьениве инин. *(уна.)*

ЯчIуна Сакинат.

**ИсмагIил**. Йиссарайищ, дир яс?

**Сакинат**. Йиссана, дада. (тукадаса босараб чед сумкаялъуса бахъун сто-

лалда тIад лъола ва лъабго кесек гьабун къотIула. Хадуб банкаялъуб бугеб ридиги кIиго стаканалъубе тIола.) Вахъа дада кваназе.

**ИсмагIил.** Гьаб параялъ, дир яс. *(тIаде вахъун тIимугъги бакIиде рехун, столалда нахъа гIодов чIола).*

**Сакинат** *(чадил кесек батIа лъолаго)* Гьаб кесек васасе тела. *(байбихьула ридиги гьекъон чед кваназе.)* ВасгIаги кивеха арав?

**ИсмагIил.** МахсутIил гъове ана, цадахъ дарсал гьаризеян.

ТIаде лъугьун вачIуна МахсутI.

**МахсутI**. Бегьилищ нужехъе вачIине?

**ИсмагIил**. Валлагь бегьилаха, дир вас, щай бегьулареб. ГIодов чIая.

**ИсмагIил**. Камил кивха тарав?

**МахсутI.** Гьев ЗагIиве ана, жиндир ункъачу йигин гьенийин абун.

**Сакинат**. ВахI, лъида цадахъагIги гьев гьениве арав, гьаб бакъанил гIужалъ вахъун?

**МахсутI**. Цо машина бачIун чIана нижеда цебе ва гьикъана гьез Гьолокье кисан нух бугебан. Камилица абуна: жинца бихьизабилин, гьарана живги вачейин фермаялде щвезегIан.

**ИсмагIил**. ВахI, шагьаралде нух лъаларел гьел щал рукIине кколел, дир вас?

**Сакинат** *(рахIатхун)* Вай, Аллагь, щайгIаги Камил гьениве арав? Кидал вачIиниланха Камилица абураб?

**МахсутI**. Метер радакь вахъун вачIинин абуна цIализе щвезе.

**Сакинат.** ГIезегIан квеш ун вугоха гьев гьениве.

**ИсмагIил.** ДарсалгIаги гьарунищ нужеца?

**МахсутI**. Гьаруна.

**Сакинат.** Эбел щиб гьабулей тарай, дир вас?

**МахсутI**. Гьей унтун, егун тана.

**Сакинат.** Квачан ятилаха, дир вас?..

**МахсутI**. Лъалароха, Сакинат, щиб бугебали, цIадулъ йигоха.

**Сакинат** *(нахъа рокъое уна ва босун жиндирго жакетгун ячIуна.)* Ма, гьаб кье, МахсутI, гьелда тIад ретIине, абе квачазе чIогеян.

**МахсутI.** Баркала, Сакинат.

**Сакинат.** Къасиялдехун дунгоги ячIина гьелде яккизе.

**МахсутI**. ЯчIа, Сакинат, ячIа. Гьанже дун инин.

**ИсмагIил.** Салам бице кIудадада. *(МахсутI уна.)* ЩибгIаги бицараб, дир яс, собраниялда?

**Сакинат**. Лъазабуна, дада, лъарагIлъиялде окопал рухъизе ине хIадуреян.

**ИсмагIил**. ВахI, окопал рухъиялдейищха иш ккараб?

**Сакинат.** Гьениб щай гурин, дада, гьаб росулъги рухъеян лъазабуна окопал, жиб-жиб авалалда.

**ИсмагIил**. ВахI, щвана нилъедеги рагъ. *(ургъун.)* Дун ина, дир яс, лъарагIлъиялде, мун рокъой чIа, васасул тIалабги гьабун.

**Сакинат.** Дунго ина, дада, дуе захIмалъила.

**ИсмагIил** *(ццин бахъарав гIадин, цалхун)* ЗахIмалъиларо цо тIириги, кIовухъе рухъила. (лъалхъун.) Дуца рокъор рухъе, дица къватIир рухъила.

**Сакинат.** Цойги, эмен, лъазабуна, фронталъе кумек гьабун, кIварас кIвараб, месед-гIарац, пахь-мич, цIоко-тIехь кьеянги.

**ИсмагIил.** Кьезе ккеларищха, дир яс, нилъ цIунун, рухI кьун рагъулел ругел рагъухъабазе, нилъее гьаб бечелъиго щай, тIаде рачIани фашистаз бахъизейищ?

**Сакинат.** ЧIоргIан битIарабха, дада. Дицаги мунагьал чураяй эбелалъ диего кьун букIараб меседил баргъичги гIиндаса рахъун кIилкIалги кьуна.

**ИсмагIил**. БитIун гьабун буго, дир яс, йортая, доб гъансил тIиналда лъун бугеб хвалчен босун ячIая.

**Сакинат.** Гьаб параялъ, дада. *(тIаде яхъун, босизе уна. ИсмагIил чарухъал рукъулев вукIуна.)* Ма, дада. *(хвалчен ИсмагIилихъе кьола.)*

**ИсмагIил** *(хвалчен кодобе босун, лъалиниса къватIибе бахъула)*. Мунагьал чурун ратаги дур, эмен, чанги гявуразул бетIер къотIараб хвалчен буго гьаб, Сакинат. Биччанте гьанже гьел фашистазулги къотIизе бутIрул. Гьабги кьезе аха мун, дир яс.

**Сакинат.** Ина, дада. *(гордухъе ялагьун.)* Вабабай, рукIкIунеб бихьула, хIедул чирахъ рекIинабе, дада, дица гордал рахчила.

**ИсмагIил** *(хIедул чирахъ бакула)* Щай дуца гордал рахчулел, дир яс?

Сакинат. ТIасан роржунел немцазул самолетазда канлъи бихьани, гьез бомбаби рехизе бегьулин, гьединлъидал лъазабуна гордал рахчеян. *(Сакинатица, одеялоги бигъун, гордал рахчула.)*

**ИсмагIил**. Малъараб гьабеха, дир яс.

**Сакинат** *(ракIалде щун)* Дагьалъ хутIана кIочон тезе, дада, гьаниб аскIоб бугеб росулъ хун рагIула цо кIодо, гьелъие хоб бухъизе, гьей юкъизе чагIи ралагьеян вукIана сельсоветалъул председатель.

**ИсмагIил.** ЩивгIаги гьениве инев, дир яс, рагъдаса рачIаралги: цояв гъеж къотIарав, цойгидав хIетIе-лага камурал ругин. *(ургъун.)* Метер радал дун ина гьениве, Сакинат, малъа-хъвазегIаги.

**Сакинат.** Бихьуларищха, дада, хварав чиясул молол гIоркь ккверзе чи хутIун гьечIо росулъ. Амма цо-цо ясаз абуна хоб бухъизе жал инилан.

**ИсмагIил**. ТIокIабги рес щибха, дир яс, вукъичIого хварав чи тезе бегьилищха.

Рокъове лъугьун вачIуна хIинкъиялъ сородулаго Камил.

**Сакинат** *(гIажаиблъун, гьесде данде йортун)* Вийгь, мун щай дир вас гIодулев, дуе лъугьараб щиб? *(Камил кквераз бадиса магIу бицIцIине лъугьуна).* Бицеха, дир вас, рахIат хвезабичIого.

**Камил.** Фермаялде бащдаб нух хутIигун, машинаги чIезабун, кабинаялда жаниса къватIивеги вачIун, цояс дун гъоркье вахъана. ДитIе таманчаги битIизабун дун чIвазехъин вукIана. Дида аскIов гIодов чIун вукIарав цо магIарулас виччачIо дун чIвазе, гьес дида абуна рокъове тIураян.

**ИсмагIил** *(гIажаиблъун)* ВахI, гьел ратилаха диверсантал.

**Сакинат**. Вай, дир васха, щай букIараб дуе лъаларел чагIазда цадахъ инго. (вас чIаго рокъове вачIиналдаса цин йохун, цинги гIодизе лъугьуна.)

**Камил.** ГIодуге, эбел, ункъачоца дие кидаго нисулъ пурщаби гьарулаан, гьезде хьул лъун унев вукIанаха.

*Пардав къала.*

## КIИАБИЛЕБ ПАРДАВ

Рагъ лъугIараб заман. Пардав рагьарабго бихьула гъобго рукъ.
Рукъ-бакI бакIарулей Сакинат йикIаго, нуцIида кIутIула.

**Сакинат** *(ахIун)* Рагьун буго!

**Юсуп** *(нуцIаги рагьун)* Бегьилищ вачIине, Сакинат?

**Сакинат.** Ва-а. Щай бегьилареб, мадугьал, жаниве лъугьа.

*КвегIаб рахъалде рекълъулаго, лейтенантасул формаги ретIарав, тIад «БагIараб цIва» орденги барав, Юсуп.*

**Юсуп.** Баркала, Сакинат. Мунго кинха йигей?

**Сакинат**. ЛъикI йиго, Юсуп. (гьесухъ ялагьун.) Мун формаги ретIун вихьула гури?

**Юсуп.** Дун военкоматалъ ахIун районалде унев вуго.

**Сакинат (гIажаиблъун)** ВахI, рагъги лъугIанин, гьанжегIаги мун гьезие щай?

**Юсуп**. Шапакъат босизе ахIулев вуго, Сакинат. *(каранда бараб «БагIараб цIва» орден бихьизабулаго.)* Гьале, цойги гьадинабго орден бачIун рагIула дие.

**Сакинат** *(йохун)* Огьо-гьой, баркула, Юсуп, баркула! СундухъгIаги дуе гьеб кьолеб бугеб?

**Юсуп**. Сталинградалда кутакал рагъал рукIана. Дица цо къоялъ гьел танкабазул лъабго танк бухIизабуна ва тохлъукье кьвагьун бачIараб гулла *(рохукъотIи бихьизабулаго)*, гьале, гьаб рохукъотIиялда щвана. Дун лъавудаса ун ватилаха, вигьараб мехалъ, дун операцияги гьабун, госпиталалда ватана вегун.

**Сакинат.** ГIемер лъикI, Юсуп, лъикIаб хабар буго. *(лъалхъун.)* Дурго хIалтIул щибха кколеб бугеб?

**Юсуп**. Квеш гьечIо, Сакинат. Дир фермаялъ исана щибаб нусго чахъдада хадуб 115 кьегIер цIунана.

**Сакинат** (разиго) дир бригадаялъги, Юсуп, рекьул план тIубазабуна.

**Юсуп**. Гьединал бергьенлъаби нилъеда тIаса унгеги, Сакинат. *(ракIалде щун, гIодоб лъуралъуса гьанал бох бугеб таргьа кодобе босун, Сакинатихъе кьолаго)* Сакинат, дица нужее гьан босана.

**Сакинат**. Вай, щайха босараб, Юсуп, нужеего течIого.

**Юсуп**. БукIинчIебани босилароан, Сакинат. *(гьимун.)* Дун завфермалъидал. (лъалхъун.) Цо куй хъун букIана дица мискинал гIадамазе бикьизе.

**Сакинат**. Садакъалъун батаги, Юсуп. (гьан столалда тIад лъола.) Мунагьал чураяй дур хъизан Халунги йикIана, пакъир, квер гIатIидай, гIамал лъикIай чIужу.

**Юсуп.** Дир талихI букIарабани, Сакинат, цо дир берчIвазегIангIаги чIаго хутIилаан гьей...

**Сакинат** *(Юсупида ракI гурхIун)* Щиб гьабилеб, Юсуп, Аллагьасул хIукму гьединаб букIун батила.

**Юсуп** *(угьун биччан)* Бищунго захIматаб жо ккана, Сакинат, рагъда вукIарав дун хвечIого, рокъой тарай хъизан хун яти.

**Сакинат.** Щиб гьабилеб, Юсуп, дир эменги хвечIищ дур хъизанго гIадин, бакъул унтиялъ.

**Юсуп**. Уха, Сакинат. *(лъалхъун.)* Окопал рухъулаго лъарагIлъиялда гIемерал гIадамал хун рагIулаха.

**Сакинат.** Гъедин абулеб бугоха, Юсуп, лъаларо…

**Юсуп**. Аллагьас хъван батани, хIалтIи дагьлъарабго ракIалда буго, Сакинат, хъизаналъул хабаде вахине, лъарагIлъиялде ине.

**Сакинат**. Вай, диеги бокьилаанха, Юсуп, дуда цадахъ гьение йилълъине, инсул хабаде щвезе.

**Юсуп**. Рилълъинаха, Сакинат. (Сакинатил бадиве валагьун.) Дида мун, Сакинат, кидаго къварид йихьула, щибгIаги дуе букIунеб?

**Сакинат**. Щибха букIинеб, Юсуп, гIабдаласул гIеч гIадин тIагIарав росасасул ургъалида йикIанаха дун.

**Юсуп** *(гIажаиблъун)* ВахI, щибха гьесие ккараб жо, Сакинат? Гьесул кагъатгойищ бачIинчIеб, кив вагъулев вугеван.

**Сакинат**. БачIинчIо, Юсуп. Гьале рагъ лъугIана, рагъде аралдаса гьесул цониги кагъат бачIинчIо, дихъе щай гурин, жиндирго инсухъецин.

**Юсуп**. ВахI. *(ургъун.)* Мун тIаса лъугьа, Сакинат, гьев чIаго вукIаравани, гьес духъе кагъат хъвачIого телароан.

**Сакинат.** Вай, гьев цевеса арав заманго гьечIо дир, Юсуп.

**Юсуп**. ВахI, дуе гьев гьедигIан цIакъ вокьулевищ вукIарав, Сакинат?

**Сакинат** *(цалхун гIадин)* Вокьизейищ кколев, Юсуп, тIокIаб жо гьечIониги, гьев дир васасул эмен гурищ?

**Юсуп**. ТIаса лъугьа, Сакинат, росасул хабарги лъаларого, цо вугев васасул бадие ялагьун чIарай дуда ракI гурхIула дир.

**Сакинат.** Щиб гьабилеб, Юсуп? Аллагьасул хъвай гьединаб букIун бугоха…

**Юсуп.** Дурго гIумру гIадада хвезабичIого, мунгIанлъун дун росасе инаан, Сакинат, вугев-гьечIев лъаларев ГIусманихъ ялагьун чIечIого.

**Сакинат.** ГIун вачIунев васги хадув гьавун, дун лъие къваригIарай, Юсуп?

**Юсуп**. Гьедин абуге, Сакинат, мун жеги гIолохъанай гIадан йиго…

**Сакинат**. Вай, Юсуп, рагъ лъугIун гIемер заман иналде гьелъул бицине бегьилищ? Щиб лъалеб, ГIусман вачIинеги бегьула гури?

**Юсуп**. Валлагь лъалароха, Сакинат.

**Сакинат** *(гъоркьан Юсупихъги ялагьун)* Дуцаго щай чIужу ячунарей?

**Юсуп** *(щиб абилебали лъаларого)* Валлагь лъаларо, Сакинат, щиб дуда абилебали?

**Сакинат.** ВахI. *(елъулаго.)* Абизе жогойищ дур гьечIеб, Юсуп? *(Юсуп бетIерги гIодобе къулизабун, вуцIцIухIун чIола.)* Дица ялагьила, Юсуп, дуе цо берцинай къоролай.

**Юсуп**. Дуца ялагьарай къоролай дие хIажат гьечIо, Сакинат. Дие йокьулей къоролай йиго – Сакинат. Лъаларо гьелъие дун вокьулищали…

**Сакинат** *(кеп щун)* ВахI, щийгIаги гьей кколей, Юсуп, бице, дица кумек гьабила дуе гьей щвеялъе.

**Юсуп**. ХIинкъунги ва намуслъунги вуго, Сакинат, гьей щияли абизе, щиб лъалеб, гьелда рихинеги бегьула гури.

**Сакинат.** Гьа, намуслъуге, щий гьей кколей, Юсуп?

**Юсуп.** Мун ккола гьей, Сакинат!

**Сакинат** *(гIажаиблъун)* Вабабай, хвана хIалтIи. ГIадамаз щибилан абилеб, Юсуп, рагъ лъугIун гIемер заманги инчIин.

**Юсуп**. ГӀадамазги абулеб буго, Сакинат, мун росасе щайдай унареян.

**Сакинат.** Батиларо, Юсуп, лъица гьедин абулеб бугеб?

**Юсуп**. Кинацаго абула, тӀоцебе дурго эбелалда гьикъе.

**Сакинат**. Лъаларо, Юсуп…

**Юсуп**. Сакинат, дудаго лъала, мун дие йокьулаан, дуца тӀаса вищана ГӀусман, хадув хачадилев дунги тун. Гьанжеги йокьула мун дие.

**Сакинат.** Дица тӀаса вищичӀо гьев, эбел-инсуе бокьанаха дун гьесие кьезе.

**Юсуп**. Сакинат, дир хъизан хвана, дур росги вугев-гьечӀев лъаларо. Нилъер лъимал руго цоцазе хириял, вацал гӀадин рукӀунел чагӀи.

**Сакинат**. Цодагьаб заманаялъ яхӀ гьабехе, Юсуп, тӀаде рехун ГӀусман вачӀани щибилеб?

**Юсуп.** Мун дурго эбелалъухъе якке, гьелъ абураб гьабе.

**Сакинат.** ЛъикӀ буго, Юсуп, инеги бегьулаха.

**Юсуп** *(рукьалда бараб сагӀтихъ валагьун)* Гьанже дун ине заман щвана. *(тӀаде вахъунаго.)* Хадув ваккила дун духъе.

**Сакинат** *(Юсупица бачӀараб гьанал бох таргьиниса къватӀибе бахъулаго)* Валлагь лъикӀаб кьарияб гьан буго. Гьаб параялъ гьанги тӀамун хинкӀал гьаризе ккела. *(нусги босун гьан къотӀизе лъугьуна.)*

Жаниве лъугьун вачӀуна Камил.

**Сакинат** *(йохун данде йортун ун, гьесда къвал балаго)* Вуссаравго лъикӀ, дир вас. Къо бихьанищ, сваканищ?

**Камил**. СвакачӀо, эбел. Дада вуссинчӀевищ армиялдаса?

**Сакинат** *(тӀуркӀун)* ВачӀинчӀо, дир вас. Дуда щиб рагӀараб?

**Камил**. Щибго рагӀичӀо, эбел. Ооо… дуда бихьизе бокьилаанха, эбел, рагъги лъугӀун рокъоре рачӀунелщинал солдатал, дидаги ккана, гьелго гӀадин, дадаги вачӀун ватилилан…

**Сакинат**. Дуда киргӀаги, дир вас, гьел рихьарал?

**Камил**. Вокзалалде щвейгун, поездалъул вагоналдаса гъоркье кӀанцӀун рачӀунел рукӀана. Гьезул рохел бихьизе лъикӀанха дуда!

**Сакинат**. Щибха лъалеб, дир вас, дур дадаги вачӀине бегьула. Гьанжего гьанже гурищ рагъ лъугӀараб.

**Камил**. Дида лъала, эбел, кватӀичӀого дада вачӀуна. Дида макьилъ вихьана гьев рокъове вачӀун.

**Сакинат**. Иншааллагь, вачӀина, дир вас, дуда ургъел ккоге. Дуда хъутаналда къо бихьанищ, дир вас?

**Камил**. БихьичӀо, эбел. Къо бихьизегӀан захӀматаб хӀалтӀиго кьечӀо нижее, харицелалъ бецараб бакъвараб харил гъунал гьарулел рукӀана.

**Сакинат**. Вакъунги ватила, дир вас, мун гӀодов чӀа кваназе. *(Сакинатица квен столалда тӀад лъола.)*

**Камил**. Ва-а-а, эбел, гьан босунищ?

**Сакинат**. Гуро, эбелалъул, Юсупица бачӀана.

**Камил** *(вохун)* Юсуп вачӀунищ вукӀарав?

**Сакинат.** Уха, дир вас. *(Камил кваназе лъугьуна.)*

**Камил.** ЛъикIав чи вуго, эбел, Юсуп. Хъизанги гьечIого хутIанаха гьев пакъирги.

**Сакинат**. ХутIанаха, дир вас, дуе вокьулевищ Юсуп?

**Камил**. Валлагь вокьулаха, эбел, дирго эмен гIадин. *(ракIалде щун.)* Эбел, нижер школалъул цIалдохъабаз къотIи гьабуна щибаб соналъ каникулазул заманалда нилъерго колхозалъе кумек гьабизе хъутаналде ине.

**Сакинат**. Гьабизе ккеларищха, эбелалъул, рагъда тIагIаразул бакI нужеца кквечIого лъицаха кквелеб?

НуцIидаги кIутIун, жаниве лъугьун вачIуна МахсутI.

**МахсутI**. О-о-о! Камил, лъикI вуссарав!

**Камил** *(кIанцIун тIадеги вахъун, гьесда къвал балаго)* ЛъикI ватарав, дир гьудул! Вилълъа гIодов чIезе, цадахъ кваналин нилъ. *(гьел кIиялго столалда нахъа гIодор чIола. Сакинатица МахсутIиеги кьола кваназе жо.)*

**МахсутI**. Кинаб бакI бугеб, Камил, нилъер хъутан?

**Камил**. Огьо-гьой, МахсутI, цIан ритIарал авлахъал, балагьун бер гIунтIуларел. Гьениб бижун бугеб борхатаб хер, бижараб цIоросаролъ чугун чиж аниса къватIиве ваккулареб, ролъул авлахъал доре-гьанире гьелчолел. Бечедаб хъутан буго нилъер.

**Сакинат**. БукIун лъикI, дир лъимал, нилъ хъутаналъ хьихьарал чагIи руго.

**МахсутI**. Диеги бокьилаанха, Камил, нужеда цадахъ вилълъине, дун унтанаха.

**Камил**. Гьеб бигьаяб жо, МахсутI, Аллагьас хъван батани, тIасияб соналъ рилълъина нилъ цадахъ.

*Кванан лъугIаралго Камилги МахсутIги уна. Сакинатица столалда тIад бугеб квен-тIех нахъе лъола.*

**Сакинат** *(жийго жиндаго)* Гьанже яккилин дун эбелалъухъе, гьелъ щиб гIакълу кьолебали бихьизе. *(уна.)*

Цо лахIзаталъ пардав къала ва нахъеги рагьула.

**Сакинат** *(рокъое жание лъугьунаго, жийго жиндаго)* ВахI, Камилги вачIун гьечIо жеги рокъове, кватIулев вуго, кивгIаги гьав вугев? *(битIун гьедин ургъалилъ Сакинат йикIадго, нуцIида кIутIула.)*

**Юсуп**. Бегьилищ вачIине, Сакинат?

**Сакинат**. Бегьила, Юсуп. *(Юсуп тахида гIодов чIола.)* Камилги вачIана, Юсуп, хъутаналдаса.

**Юсуп** *(вохун)* Ва…гIемер лъикI, Сакинат, къо бихьанадай гьесда?

**Сакинат**. БихьичIин вукIанаха бицунев, нилъер хъутан беццулев.

**Юсуп**. Кивеха гьев арав?

**Сакинат**. Камилги МахсутIги цадахъ къватIире ана. *(лъалхъун.)* Щварабищ дуе орден?

**Юсуп.** Щвана, Сакинат, живго маршал Чуйковасул баркалаялъул кагъатги бачIана цадахъ.

**Сакинат**. Баракат бугеб батаги, Юсуп!

**Юсуп**. Баркала, Сакинат. *(бетIерги гIодобе къулизабун.)* Эбелалъул гъое ун ятилароха мун жеги?

**Сакинат.** Ана, Юсуп.

**Юсуп** *(хIалакун)* Щибха абураб эбелалъ?

**Сакинат**. Дуцаго гIадин гьелъги абунаха, Юсуп.

**Юсуп** *(вохун)* Гьелеха, Сакинат, дур эбел гIантай чIужу гуро. *(ургъун.)* Гьа, дурго пикру кинабха ккараб?

**Сакинат.** Вай Аллагь, Юсуп, цодагьаб мехалъ яхI гьабеха.

**Юсуп** *(къватIиве унаго)* ЛъикI, Сакинат.

**Сакинат** *(жийго жиндаго)* ЧIаго вукIаравани ГIусманил хабар лъалаан. Дие ГIусманидаса Юсуп вокьулаан, эбел-инсуда тIад яхъине кIвечIоха дида… Дица абила Юсупида разияй йигилан. Вай, дун макьихана. *(нахъасан нуцIаги рахан диваналда егула ва кьижун ккун ятула.) . . .*

**Камил.** Вабабай, эбел, жакъа нижеда бихьараб жо!

**Сакинат**. ЩибгIаги, дир вас, нужеда бихьараб?

**Камил**. Дунги МахсутIги ун рукIана, эбел, тира-сверизе рохьоре. Киса-кибего дурнабаз хал гьабулаго, вихьана цо солдат шагьра нух ккун эхеде вачIунев. Гьесул хьатикь ккун чемоданги букIана. Нахъойги шагьраялде ралагьидал, гьев солдатасда аскIов эхетун вихьана ботIрол ва магжил рас бахарав гIалхулав гIадав чи.

**Сакинат** *(хIинкъун)* ВахI, щив вукIине кколев гьев гIалхулав чи?

**Камил**. Щибха лъалеб, эбел. КватIичIого гьел кIиялго рохьоре жанире лъугьун ана ва цо заманалдасан раккун рачIана рохьоб бугеб цебего рехун тараб рукъалде аскIоре.

**Сакинат**. РетIелгIаги кинаб букIараб гьев гIалхуласда тIад?

**Камил**. Солдатасул гIадаб букIана, хохораб ва къаргIа чIвараб.

**Сакинат**. Щиб лъалеб гьев ватизе бегьула гури рагъдаса лъутун вачIун, вахчарулев вугев солдат.

**Камил**. Ватизеги бегьулаха, эбел.

**Сакинат**. Ахирги щибха ккараб?

**Камил**. Ниж ана, эбел, битIун гьел ругеб бакIалде, щал гьел ругелали лъазе.

**Сакинат**. ХIай, нужер ракIазул къвакIи. Щалха гьел ратарал?

**Камил**. Бицун бахъинегIан гIедегIугеха, эбел. Ниж гьезда рихьилаередухъ хъурщун ана, эбел, гьел гIодор чIараб бакIалде ва рукъалда аскIоб бугеб чIваднирги рахчун, гьез бицунелъухъ гIенеккун чIана.

**Сакинат**. Вабабай, нужерги квешлъи. ЩибгIаги гьез бицунеб букIараб?

**Камил**. ГIенеккеха, эбел: солдатас жиндирго чемоданги ричIун, гьениса бахъун бачIана гIаракъидал шиша. Гьеб шиша бихьарабго, вохун, гIалхулав, вортун ана рокъове жаниве ва гьениса босун белъараб гьангун вачIун, бай-бихьана гьез квана-гьекъезе. Гьев солдат вукIун вуго пакъир, рагъги лъугIун, рокъове тIад вуссун вачIунев чи. *(щакърахун, рагIи абизе кIоларого.)* Гьев пакъирасул букIараб гъира рокъове щвезе, жиндирго лъимал, хъизан, эбел-эмен рихьизе. *(гIодун виччала.)*

**Сакинат**. Бице, дир вас, бице. Щай мун гIодулев?

**Камил** *(щакърахун)* Гьев гIалхулас абуна солдатасда жиндир бетIер

къунцIун къачIаян, хадуб абуна михъ-мегежги кIкIваян. Солдат кутакалда гIедегIун вукIана дунял рукIкIиналде рокъове щвезе. Гьев гIалхулас абуна жинда лъалин гIагараб, къокъид нух, жив вилълъинин мун тIовитIизеян. Солдат божана ва байбихьана гIалхуласул бетIер къачIазе, михъ-мегеж кIкIвазе. Ниж хIинкъун гьениса лъутана ва рикIкIадегIан рилълъун, гьезда хадуб хал ккуна. Кинабго лъугIун хадуб, инеян чемоданалъуб магжил къайи лъолаго, нахъасанги вачIун, гIодове къуларав солдатасул гIадалъ цIулал хъвалхьенги кьабун, гьев чIвана гIалхулас.

**Сакинат** *(данд хъатал кьабун)* Вабабай, вададай, хвана хIалтIи! Кверал къотIаги гьесул! Ягъзин! Рагъги лъугIун, рукъалъул кIалтIе щварав пулан чIвазе ккани, кигIан вахIшияв чи вукIине ккола? Хадуб щиб ккараб?

**Камил**. Ниж хIинкъана, эбел, ва лъутана Юсуп вугеб магIарде.

**Сакинат.** Мун вакъунги ватила, дир вас. *(Сакинат столалда тIад квен лъезе лъугьуна. Камил квералги чурун, столалда нахъа гIодов чIола.)* Вихьаравищха нужеда Юсуп?

**Камил**. Вихьана, эбел. Нижеца гьесда кинабго бицана.

**Сакинат.** Щибиланха Юсупица абураб?

**Камил.** Щибха абилеб, жиндирго чуги кьун, ниж ритIана эхере. МахсутIида абуна, хехлъи гьабун районалдеги ун, милициялда лъазабизеян. Дун рокъове вилълъанаха.

**Сакинат**. Юсуп довайищ хутIарав?

**Камил**. Гьес абуна, аскIоб бугеб рехъаде арав вехь вачIаравго, гьесул чодеги вахун, живги хадув гъелин.

**Сакинат**. Кванай, дир вас, кванай.

**Камил**. Гьаб параялъ. Цин дун лъадал ведро цIезе инин. *(уна гьев ведроги босун.)*

Сакинатица Камилие квен столалда тIад лъолаго,

нуцIида кIутIулеб гьаракь рагIула.

**Сакинат**. Жанире лъугьа!

**ГIусман** *(гьимулаго)* Бегьилищ вачIине, хирияй Сакинат! *(хъатикь бугеб чемодан гIодоб лъола. Сакинат гIажаиблъун ва щаклъун, абизе рагIи батуларого, хаган хутIула.)* ВахI, дун ГIусман вуго, Сакинат. Дуда дун кIочонищ тарав, хирияй? *(гьев гьелде аскIове вилълъун, гьелда къвал базе лъугьуна.)*

**Сакинат** *(ГIусманги нахъегIан цулаго)* Гьанжейищ дуда дун ракIалде щварай, ГIусман?

**ГIусман**. Мун кIочон тараб къо букIинчIо дир, хирияй.

**Сакинат**. ГьанжелъизегIан кивха мун вукIарав? Рагъде аралдаса цониги кагъат бачIинчIин дур?

**ГIусман**. Нижер полк асирлъуде ккун, Германиялде рачана, гьезул концлагералда рукIана ниж, талихIалъ нилъер аскаралъ хвасар гьарунаха ниж, Сакинат.

**Сакинат** *(ГIусманил каранда рарал гIаламатазухъги ялагьун)* Концлагералда вукIарав дуе лъикIал шапакъаталги щун рихьулаха.

**ГIусман**. Асирлъуде ккелалде дун кутакалда вагъанаха, Сакинат, гьел фашистазде данде. Гьалеха хIукуматалъ тIадруссун кьунаха дие гьал. Мунго кинха йигей, дир милъиргцо? *(нахъойги аскIове вачIуна.)*

**Сакинат**. ЛъикI йиго, ГIусман, кидалдай мун рагъги лъугIун, рокъове вачIинадаян духъ урхъун, якъван холей йикIана.

**ГIусман** *(вохун)* Баркала, хирияй, баркала. Дида лъан букIана мун дихъ ялагъун, дун вачIинегIан чIолейлъи. *(гьелда къвал базе лъугьунаго, жаниве вачIуна, хъатикь ведроги ккун Камил ва гIажаиблъун, гьесул каранда, чIварав солдатасул шапакъаталги ва чIарбида лъураб чемодан бихьун.)* Гьале дадал хохоч вачIана. *(гьесде данде вортун, къвал базе лъугьуна.)*

**Камил** *(ццин бахъун, эмен нахъе цулаго)* НахъегIан къая мун, ГIусман, дидаса!

**ГIусман**. ВахI, дуе лъугьараб щиб, дир вас, дун дур дада ккола.

Гьеб заманалда жаниве лъугьун вачIуна буртина тIад ретIарав Юсуп

**Юсуп**. Ооо…ГIусман, мадугьал, лъикI вуссарав?

**ГIусман**. ЛъикI ватарав, Юсуп. Кинха вугев мун?

**Юсуп**. ХIама чIвараб бацI гIадин вуго, ГIусман. Шапакъатални лъикIал рихьула дур.

**ГIусман**. РукIинарищха, Юсуп, гъалбацI гIадин вагъидал дун фашистазде данде.

**Юсуп.** ЛъикIин мадугьал, мун бахIарчи вихьула! *(Сакинатидехун.)* Сакинат, йилълъая, цо лъикIаб закуска гьабея нижее, ГIусман вачIараб къо гьабилин!

**ГIусман** *(гIажаиблъун ва ццин бахъун)* ВахI, щай дуца дир хъизаналъе буюрухъал кьолел?

**Юсуп**. Гьей дир хъизан ккола, ГIусман.

**ГIусман** *(виххун ккун)* ВахI! БитIараб бугищ, Сакинат, гьав къохьочас абулеб жо?

**Сакинат.** Буго!

**ГIусман** *(ццин бахъун, ахIун)* Ракь тея дуца гьаниса!

**Юсуп** *(ццин бахъун)* Дуцаго те, ГIусман!

**ГIусман** *(Юсупиде вортун, гьесул щекъер кколаго)* АллагьасхIаги дица дур рухI бахъила, хIама!

**Юсуп** *(лебалго гъажалдаса буртина нахъе рехун, лъалиниса бахъун ханжар ГIусманил чохьода цуйзабун)*. Мунго вуго хIама, ГIусман! Мун дицайищ чIвалев яги хIукуматалъ чIвазейищ телев?

Йортун ячIун Сакинатица ГIусманил чохьода цуйзабураб хонжрода тIаде, ботIродасаги бахъун, чIинчIу рехула ва Юсупица ханжар нахъе босула. БитIун гьеб заманалда жаниве лъугьун вачIуна милиционер ва ГIусманил кверазда маххал разе лъугьуна.

**ГIусман** *(биччаларого)*. Щай дуца дир кверазда махал ралел?

**Милиционер**. Щаяли дурго васасда гьикъе, ГIусман.

**ГIусман**. Щиб ккараб, дир вас?

**Камил** *(ццин бахъун)* Гьеб дуда тIад ретIараб ретIел лъил?

**ГIусман** *(хIинкъун)* Дир буго, дир вас.

**Камил** *(чемодан бихьизабун)* Гьаб чемоданги дурищ ккколеб, ГIусман?!

Дие хIажат гьечIо мун гIадав эмен! ЦIукIа вуго мун!

**ГIусман**. Щай, дир вас?

**Камил** *(ццин гьалаглъун)* Рагъги лъугIун рокъове вачIунев вукIарав солдат дур лагъищ кколев вукIарав, дуца чIвазе ккани?!

**ГIусман** *(накабазда чIун, гIодулаго)* ТIаса лъугьа, дир вас, дун мекъи ккана.

**Камил.** Лъугьинаро! Дун дур вас гуро! ХIинкъуч!

**ГIусман.** Сакинат, хирияй, мунгIаги тIаса лъугьа. Гьаб кинабго дудехун букIараб кIудияб, хIасратаб рокьи сабаблъун ккана.

**Сакинат.** Лъугьинаро, цIукIа! Дуца росдада чIегIераб тIанкI лъуна.

**Милиционер**. ТIаде вахъа, ГIусман, дуе заман щвана вилълъине.

**ГIусман.** Дуца киве вачунев вугев? Живго те дун!

**Милиционер**. Дуца гьикъе, ГIусман, гьедин хIукуматалда. Вилълъа. *(милиционер, гьевги цеве къотIун, уна.)*

**Камил.** Кин гьанже дун школалде инев? Кинацаго диде рогьо бала гури, даци. Щиб дица гьабилеб?

**Юсуп**. Ургъел ккоге, дир вас, дуда щибниги гIайиб гьечIо. Лъицаниги дуда рогьоги базе гьечIо.

**Камил** *(къваридго гIодобе бетIерги къулун)*. ТIокIав дир дада гьечIо…

**Юсуп** *(Камилида къвал балаго)*. Пашманлъуге, дир вас. Дица гьабила дуе эменлъи. МахсутIги мунги рукIине руго жакъа къоялдаса нахъе вацаллъун. Бегьула гури?

**Камил.** Бегьула, Юсуп-дада!

*Пардав къала.*



**Низамудин**
**ГЪАЗИЕВ**

*Араб сонална Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччана ГIахьвахъ районалъул ЦIолодаса Гъазиев Низамудинил «Пикрабазул квацIи» абураб жинцаго ургъарал кици-биценазул тIехь. Гьелъие хъвараб цебераrIиялда МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул директор МухIамад МухIамадовас гьадин абулеб буго: «Низамудин Гъазиев вуго жиндиего хасиятаб, цогиязда релълъинчIеб пикруялъул чи. Гьев вуго жинцаго гьабулеб хIалтIиги лъикI лъалев, гьудул-гьалмагълъиялъеги хирияв, гIадамазе кумек гьабизеги бокьулев, киназулго адабги гьабулев, унго-унгояв магIарулав. Инсан хIисабалда Низамудинилгун кьучIаб лъай-хъвай гьабизе ва гьес нахъа тараб гIумруялъул нух лъазабизе хIажалъиларо, гьес хъварал калимаби цIалани гIела. Гъазиев вуго гIемерал сонал гIун бачIуneб гIел куцаялъе кьурав ва сверухъ ругезе мисалияб къагIидаялъ, магIнаялда гIумру тIамулев чи. Гьеб бихьула тIехьалдасанги». Гьел рагIабазе тIадежубай хIажалъилин кколаро.*

*«Пикрабазул квацIиялде» щвезегIанги Низамудиница бахъана «ЦIолода росдал баянал» абураб жиндир гIагараб росдал тарихалъулги жакъасеб къоялъулги бицунеб тIехьги. Гьединго Гъазиевас хъвала кучIдулги.*

*Хунзахъ районалъул ТIануси гьоркьохъеб школалдаса хадуб Низамудиница лъугIизабуна ДГУялъул физикаялъул факультет. ХIалтIана МахIачхъалаялъул №4 школалда ва ЦIолода гьоркьохъеб школалда физикаялъул учительлъун, директорасул заместительлъун.*

*Н.Гъазиевасе кьун руго «Дагъистаналъул лъай кьеялъул отличник» ва «Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абурал хIурматиял цIаралги.*

## ДУР КВЕРБАКЪИ БУГО БАКЪ ГIАДИН КЪАЛЪУН

*ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъ росулъа*
*ГIабдулагь ХIажиевасе*

**Мискиназул вакил, хIикматав инсан,**
**ХIалхьиялда толев гьечIо мун халкъалъ.**
**Кумек хIажатавги хIалтIи щвечIевги**
**РакIарун рукIуна дуда аскIоре.**

Аллагьас вижана мун гьаб ракьалда
Рокьигун, адабгун нижгун вукIине.
РекIелъ иман бугев нижер цевехъан,
Дур квербакъи буго бакъ гIадин къалъун.

Халкъалъул вакиллъун вугел соназда
Дур лъикIал ишазул лъалкIал хутIана.
Ракьцояз дуй кьурал тIолго тIадкъаял
ТIадеросиялллъун къабул гьаруна.

Сахлъи цIуниялда цIар босаразулъ
ЦIар дур хIурматалда рехсола жакъа.
Унтаразул тIалаб тIадаб налъилъун
ТIубаялъ халкъалъе кIодолъана мун.

Мискинав, бечедав батIа гьечIого,
Щивасул мурадал рорхула дуца.
ТIадегIанас дуе кьураб гIаданлъи
ГIадамазда гьоркьоб бикьула дуца.

## ЖАБРАГIИЛ ХIАСАНОВ ХВЕДАЛ

ЖабрагIил, аравищ ахираталде,
Инагьдулеб хадуб гьалмагълъиги тун.
Вукъанищ къанабакъ, къоялги лъугIун,
КъабихIабщинабгун нижги гьанир тун.

Кидаго ракIалде кколеб букIинчIо
ГьадигIан хехго мун ватIалъилилан.
Холев вукIин гьаналъ бицунищ дуда,
Гьарделев вукIарав гьоболлъухъ щваян.

Жакъа-метер абун, илбисалъ гуккун,
Тохлъана, ЖабрагIил, духъе вачIине.
Пикрабалъ хутIараб халатаб сапар, -
Кин дица гьарилеб тIаса лъугьаян?

Мун вукъулеб лахIзат – аскIов гьечIев дун, -
Хирияв дир гьудул, къо-мех лъикI дуе.
Дур хабаде щвараб лъим бакъвалелде,
Щукру Аллагьасе, дун тIаде щведал.

Дур васият тIубан, гьелда нахъ рилълъун,
Вукъун вуго гьудул ГохIда хабзалалъ.
Кидаго бицунеб дуца букIараб
КIудиясда аскIоб щвана дуе бакI.

Мун вукъун, нахъруссун, росдал жамагIат,
ТагIзиятги гIуцIун, гIодор чIун руго.
МутагIилзабиги чодронир руго,
Махраж-тажвид цIунун, Къуръан цIалулел.

Дур зонохъ гIодулев дихъги балагьун,
Сагитовгун АхIмад дугIа гьабулел.
Пирдавус алжан щун, нижей баркат тун,
Абадияб рокъой арав ватаги.

МагIарул гIадат ккун, сабруги цIунун,
Вацалги васалги руго къартIалда.
Къиматал асарал дуца ургъарал
Руго жакъа дица такрар гьарулел.

Дур гIадатлъи, иман, гIадан хиралъи
Нижеда кидаго кIочон теларо.
Мун ками бакIлъарал дур гьудулзаби,
БутIрул гIодор къулун, къаридго руго.

Эмен хванин абун, ниж кIочонгеян,
КIиявго вас тана хадур ралагьун.
Нужер бицунаго рухI босун анин,
РакI бахъун гIодулей тана Парида.

Щивав инсанасе хвел гIаммаб буго, -
Гьеб къо борхун тана нилъер шагIирас.
Къиямасеб къоялъ нижгун дандчIвазе
Даимаб алжан щун таги, ЖабрагIил.

## БАТИЛАРО ЩИБГО ИНСУХЪЛЪИЯЛДА

Росулъе щваравго пашманлъула ракI,
ГIуру къан рихьула хьвадарал къватIал.
Бесдал лъималазул беразда релълъун,
Руго гIицIал чIваднал дол минабазул.

БекIкIун ганчIил рарал чIухIарал къадал,
Рихьизе куц сурун басралъун руго.
Рорхатал цалаби, берцинал кIармал
БетIергьаби тIагIун, бегI бекун руго.

РекьичIого хурзал, рецичIел мучIдул,
ЧIахIиде руссарал ссанал, гIалахал;
РакI гIодула гьанже гьезухъ балагьун
Пикрабаз вачуна дун лъимерлъуде.

**Цебе годекIаниб тIингъалги ретIун,**
**РукIарал хараби хун лъугIун руго;**
**Дозул бакI кквезе чи росулъ хутIичIо,**
**ЧIорогоял ганчIал сихIкъотIун руго.**

**КIудиябин абун букIараб школа,**
**ЦIалдохъаби дагьлъун лъугIулеб буго.**
**Гьенир дарсал кьурал мугIалимзаби,**
**ГIелмудул къимат хун, рокъор чIун руго.**

**Херал эбел-инсул ургъелги кIочон,**
**Унел руго лъимал гIатIиракьалде.**
**ВатIаналда гIумру захIматаб бугин,**
**Бата-батаралъуб батула рукIел.**

**Росу таралазул, росулъ хутIула**
**Умумузул гIадат, гIаданлъи, намус;**
**Цебесебги билун, цIияб босидал,**
**Бахиллъизе гIадаб бугищ щибниги?**

**Гьадин гочун унел гIелал ругони,**
**ГIадан хутIиладай харбие росулъ.**
**Бицаде гурони, бугин абизе**
**Батиларо щибго инсухълъиялда.**

# Вацлъиялъулаб адабияталдаса



**Шагьвелед ШАГЬМАРДАНОВ,**
табасараназул хъвадарухъан.

### СОЛДАТАСУЛ ЭБЕЛ

*(хабар)*

Шагьаралъул ахикь, скамейкаялда гIодойги йикIун, Айханум кIодоца щватаби хьухьунел рукIана. Гьезул хъизаналда киназго: яс Лайлаца, дурц Къасумица ретIун рукIана Айханумица хьухьарал щватаби, гьанже гьелъ гьел хьухьунел рукIана ясалъул вас Рамазание. КIудиязе кIиго хаселалъе цо шватаби гIолел ратани, Рамазание лъабго гIоларо. ГьитIинав васас щибаб анкьалъ гIадин щватабазул эгъеялда каратI лъугьинабула. ЦIиял щватаби хьухьунелъул, басриял шушинеги ккола кIодоца.

Щибаб къоялъ къалъудаса хадуб гьей ясалъул васги вачун ахикье уна: ясалъул васас цадахъ босула гьитIинаб машина, кIодоца – хьухьарулел гIучIал, гъанцIа, квасул кун. Гьез цебего тIаса бищана, кIудияб бигьародул гъотIода гъоркь бугеб скамейка, гьелда аскIобго букIана сали жанибе бараб гвендги. Ясалъул васас жиндирго машинаялда сали гвендалъул цо рагIалдаса цогидалде баччулеб букIана, гьесда гурони лъаларел киналалиго бакIал ралел рукIана. Зама-заманалда гьес кIодода гьарулаан, жинцаго гьарурал бакIазухъ ялагьейилан. Айханум кIваркьун, ясалъул васас гьарурал гIисинал рукъзабазухъ бала-гьалагьулаан ва ракI-ракIалъ гьев веццулаан: «ХIалчIахъад, лъикIав инженер вахъина дур!» – ян абулаан.

Яс Лайлаца щибаб соналъ риидал эбел шагьаралде гьоболлъухъ жиндихъего ячуна. Гьейги, Къасумги, хасго Рамазанги рохарал рукIинаан кIодо кидагоялъе жидедаго аскIое шагьаралде ячине. Амма кигIан гIемер тIаделъун гьараниги, Айханум шагьаралде ясалда аскIое яхъине разилъулей гьечIо. Ясалъ щибаб нухалъ, жалго хутIидал, гьелъул хIакъалъулъ бицен ккезабулаан.

– Дуда битIун бичIчIа, эбел, – ан гьаризе лъугьунаан Лайла, – росулъ мунго цохIо йикIине бажаруларо, гьедин бегьуларо: дуе захIмат буго, рахIатаб гIумруялъе санагIатал шартIал гьечIо дуе, чIалгIунги йикIуней ятила мун… АскIов кIалъазе, иццухъа лъадал гIеретI цIезе чи гьечIого хутIун йиго мун, дир хирияй эбел.

– Дие мадугьал Айзанатица цIакъ кумек гьабула… Гьей йиго гIолохъанай, къуватай, гьелъие дие кумек гьаби бигьаяб иш буго, – ян абуна гьелда эбелалъ.

– Амма Айзанат жакъа дуда мадугьалихъ йиго, метер гьей росасеги ун, цоги бакIалде гочина, киениги жиндирго хъизангун цадахъ яхъина, – ян жиндирабго ккун чIана Лайла.

– Гьей лъиениги гьарун гьечIо, гьитIинай йиго жеги, – ян гьажибутIрулги рорхизарун жаваб кьуна эбелалъ. – Гьаниб шагьаралда щиб дица гьабилеб? Мадугьалзаби, гIагарал чагIи гIадин, хIалае ратула, кумек гьабичIого херал толаро.

– Херал рехун толаро, узухъда, амма гьез пикру гьабула: Айханум кIодо ясалъ жиндаго аскIое шагьаралде щайдай ячунарей? Яги гьелда кIочондай тараб гьей лъил яс кколеяли? – эбелалъухъги ялагьун Лайлаца нахъеги абуна: – Къасумицаги дида гIайиб гьабулеб буго: дуца эбелалда лъикI гьарулеб гьечIин, букIарабани гьей цеего разилъилаанин нилъеда аскIое ячIинеян. Дида лъаларо тIокIалъги кин дуда гьарилебали. СунцагIаги мун росулъ чIезаюлей йигей? МагIишат, боцIи–панз дур хутIун гьечIо, минаги басралъун буго. Дур бугеб кIиго гIанкIуги хIелекоги гьанибги хьихьизе бегьула, балагьея нижер бугеб гIатIидаб рагъи.

– Дун дудаго аскIое ахIаралъухъ кIудияб баркала, дир яс, – ан абуна Айханумица, киналго хIужжабиги рехсон яс гIенеккун чIедал, – амма дида гьание нужеда аскIое ячIине кIоларо. Дун Муъминихъ балагьун чIезе йиго. Гьев вачIине ккола. Араб бакI лъачIого, лъалкI течIого чи тIагIине рес букIунаро. ГIадан рукIкIен гуро тIагIине.

Гьеб хисулареб, кидаго такрар гьабулеб эбелалъул жавабалъ ясалъул ракI буссинабулаан, гьелъул хьул къотIизабулаан. Амма гьей жиндирго гьариялдаса нахъе къалароан, эбелалъулгун щибаб дандчIваялда гьеб суалалде тIадюссунаан, эбел жиндаго аскIое гочиналъе цIиял гIиллаби ратулаан. Амма эбел къуркьулей йикIинчIо, гьелъул букIана хисулареб хасият. Хьул къотIарай Лайлаца цо нухалда эбелалда битIун абуна, рагъ лъугIун лъеберго сон анин. Гьелъул вас Муъмин чIаго-гIатIго вукIаравани гьесухъа цебего хабар-кагъат бачIинаанин абун. Гьез Муъмин цIехон хъвачIеб бакI течIо. Кисанго киназго цого жаваб бачIунаан: хабар къотIун тIагIанилан. Доб рагъда цохIо Муъминищ тIагIарав? Рустамил вас СултIан. Месмерил кIиявго васасулги гьанжелъизегIан кинаб букIаниги хабар гьечIо. КигIан гIемер ругел гьел, нилъер кIудияб улкаялда хабар къотIун тIагIарал гIолохъаби.

– Самурханил вас Бегълар ватана гуриха, – ян эбелалъ яс гьоркьой къотIизаюна. – Гьесул хIакъалъульги бицунеб букIана гьев ватуларилан, араб бакI лъачIого тIагIанилан. Муъминги тIадвуссина, Рустамил ва Месмерил васалги тIадруссина. Киналго васал тIадруссине руго…

Эбелалдаги дурцгун цадахъ ясалдаги гьоркьоб гьединал кIалъаял щибаб сордоялъ ккола ан ва гьел щибго хIасил ккечIого лъугIулаан.

Ясалъул таваккалалъ, жиндирго тIалабалда тIадчIеялъ Айханумил дагьаб щцин бахъинабулаан, гьелъухъги балагьичIого, эбелалъе яс цIакъго хирияй йикIана, гьелъие гьей рухI гIадин йокьулаан. Рос хвана яс йилълъанхъизе лъугьараб заманалда. Гьеб мехалде Муъминица бан букIана анцIила щуго сон.

Цо нухалда багIарараб, хIалтIуда риххараб заманалда, хехдарилаго хер бецулеб бакIалдаса рокъове вачIана гьев ва азбаралдаса махсара гьабулаго, ахIдана:

– Йо, дир бахIарай, лъим кьея, лъикIго цIорораб!

Айханумица кружка лъадал босун бачIана ва «Киве мун гIедегIун вугев, цодагьалъ гьогъомизегIан чIа, гIетIулъ тIерхьун вуго мун, гурде тIасаги бахъун къан цIцIузе бегьила», – янги абулаго, росасухъе кьуна.

– Ниж жакъа гIадин харибакIалда киданиги хIалтIичIо, харицелал звар-гъолел рукIана гьоркьоса къотIичIого, – лъадухъа кружкаги босун, гьелда жанивеги валагьун, велъана: – Огь мун йигей къарумай гIадан, цо нухалъ къулчIизе лъим бачIун буго! – циндаго гьекъон биччан тана кружка. – Кинаб рокьи ва бечелъи гьаб рокъоб букIунеб, лъимцин сурдалъелалъ борцунеб бакIалда, – ян нахъеги рази-ракиго махсара гьабизе лъугьана гьев. – Цоги-даб цIарагIго батичIищ нилъер рокъоб? Цудунго байбихьана, бахIарай, дуца къарумлъизе…

– Дун барахщун гуро йигей гьелда, мун унтилилан хIинкъун йиго, – рахIатхвей бачIана доб мехалда гьелъул рекIелъе. – Лъим цIер чIван цIорон буго, мунин абуни, багIаризабураб къоно гIадин вуго.

– Дуца дун харабазулъе рикIкIунге, гьелъие мун гIедегIуге, – ян велъан-хьана гьев, – цIорораб лъим бугилан хIинкъизавуге дун! Метер харибакIалде ячIа, дудаго бихьила нижер хIалтIи. Гьанже гIолохъанчиясе унго-унгояб цIарагIалъубеги тIун цIорораб лъим кье!

Айханумица босун бачIана цIакъ цIорораб иццул лъадаца гIетI базабураб парчи, росас гьелда жаниса лъим гIемераб мехалъ гьекъана, хехго тIаса гур-деги бахъун гьес гьарана хутIараб лъим гьесул мугъалде тIеян.

МугIрул гьуриялъе керенги рагьун гьев доб къоялъ гIемераб мехалъ го-декIанив гIодов вукIана. Макьидасаги ворчIун радал тIаде вахъиндал гьесул тIолабго черх тIухьи гIадин бакIлъун букIана. Амма харибакIалда жив хинлъу-лиланги абун гьев сагаялде ана. Щибаб минуталдасан гьесул черх бакIлъулеб букIана, кин щваравали жиндаго лъачIого рокъове щун ватана. Щуго къоялъ гьев риччалъе ккун вукIана. Сунцаниги кумек гьабичIо, гьев цIадулъ гIадин вухIулев вукIана… Ва лъавудеги вачIинчIого гьев пакъир накълулъана.

Гьеб букIана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизе лъагIел гIечIеб заман хутIараб мехалъ. Хадуб букIана рагъ… Муъмин жиндиего бокьун фронталде ана. АнцIила микьго сон тIубан лъабабилеб къоялъ. Айханум кIодода кина-бго, ахирисел мухIканлъаби хвалил бусаде ккараб къоялъги кIочене гьечIо. Муъминида цадахъ рагъде ана жеги щуго гIолохъанчи. ГIолохъанал, бахIарал гIадал берцинал гIолилал… Рагъдаса вуссана гIицIго цояв. Гьевги лъукъа-къотIун къвалакь чIвалел тIилазда.

Рагъде унел тIолабго росдаца нухда регIана: цояз мугIрул габурлъиялде, цогидаз районалъул централде щвезегIан.

Муъминие бокьун букIинчIо эбел Хивалде рагъде унел данделъулеб бакIал-де йилълъине. Цин абуни, райцентралде халатаб нух буго, кIиабизе бугони, гьей гIадамазда цее гIодизе бегьула. Гьес рокъобго байбихьана махсараби гьаризе, эбелалъул ракI щула гьабизелъун, гьес нухдаги гIемерал кепал рагIаби абулел рукIана. Гьесул жигар гьаби, хIаракат гьаби гIадада кколеб букIинчIо: цогидал росуцоял гIадин Муъминил эбел гIодулей йикIинчIо, мугIрул га-бурлъиялде щвезегIан гьелъул цо магIил горо тIинкIичIо. Гьей сихIкъотIун, гьесда цадахъ цеехун уней йикIана ва цохIо гьесие бицунеб букIана кинав щулияв вас гьев гIуравали. Гьелдаги киданиги гьесул бадиб магIу бихьичIо. Гьев гIицIго гьимана ва гьелъул гъажибутIрул лъухьана. МугIрул габурлъиялда хIехьезе кIвечIого, гьелъул бадиса кIиго магIил горо тIинкIана.

Муъмин эбел райцентралде щвезегIан ячIиналда данде чIун вукIана, гьев хIинкъун вукIана эбел цIакъ свакан хIал лагьлъун лъугьинилан. Гьедин гьечIо-ниги, гьей ракI бекун, сахлъи жагъаллъун йикIана. Жийго свакан йикIинги бахчулаго, гьей тириго, чIинкьа-кIитIун чIун йикIана.

– ГIадада йилълъунге мун дида цадахъ райцентаралде, дудаго гIакъуба бихьизабун щай дуе, сундуе гIоло. Гьанже кIикъоялда цоабилеб сон гуро бу-геб, дудаго лъала гьанже нилъераз немцал гIанкIал гIадин, бакътIерхьудехун хъамулел руго. Цо заманалдасан дун бергьенлъиги босун тIадвуссине вуго, дудаго вихьила! БитIун бицани, букIине бегьула. Дун фронталде щвелалде рагъ лъугIизеги бегьула, лъида гьеб лъалеб…

– Аллагьасда рагIулел ани дур рагIаби, дир вас! – ан тирилъана, чIин-кьа-кIитIана эбел, рагъ лъугIиялде лъикIаб, талихIаб божилъиялъ гьумер гвангъана гьелъул.

Эбелалъул ракI-макI гьабизе, рокъое тIадюссине гьей разилъизайиялъе Муъминица кIудияб жигар бахъулеб букIана, амма гьей жиндирабго ккун чIун йикIана. «Дуе дугIа-алхIамги цIалулаго цодагьайги йилълъана дун».

– ЛъикIха, – ян разилъана гьев. – ГIодичIого чIезе кIолареб батани, мун дое йилълъунге, дие бокьун гьечIо дуца дун магIил бералги цIун нухарегIизе, дур гIодараб гьумер цадахъ босизе бокьун гьечIо дие, хирияй эбел…

– АллагьасхIа, тIокIай гIодиларо, дир вас! – ан йохана гьей.

Гьаб нухалда Айханумица жиндирго рагIи ккуна. Дерберталде щвезегIан ритIизе гIолохъаби машинаялде рахунелъулги гIодичIо Айханум. Гьелъ Аллагьасда гьарулеб букIана жиндир рижи Муъмин ва гьесда цадахъ ругел цIунеян, цIобалъул кваркьиялде гъоркье гьел рачеян ва бер тIаса босичIого васасухъ балагьун йикIана… Ахирисеб машина сверуда нахъе тIерхьиндал ракI бекун, гIек–гIекиялда гIодана Айханум. Циндаго бохдул загIиплъана ва гьей росдал рагIалда ганчIида тIад гIодой йикIана. Гьелъие киениги ине бокьунги букIинчIо, пашманго букIана гьелъие Муъминги гьечIого рокъое тIадюссине… Росуцояз жидедаго цадахъ гьей росулъе ячана.

… Лайлае бокьун букIана, тIоцеве гьавурав жиндирго васасе вацасул цIар кьезе. Гьелъул хIакъалъулъ бицунеб рагIидал Айханум-кIодол гьурмал кьер хисана, кIутIби сородана.

– Щиб я? Кин гьединаб жо ургъизе кIвараб! – ццин бахъун данде чIана Айханум. – Муъмин дир вуго!..

…Айханум-кIодол хIалтIи хIинцIго унеб букIана, щибаб гарацIалда тIад кIвар кьун хIалтIизе ккола. Гьанже бераздаги лъикI бихьулеб гьечIо. Ясалъ лъикIал ругиланги абун эбелалъе цIороберал росана. Амма хьухьариялъе гьез кумек гьабулеб букIинчIо. Дол рагъулал соназда гьалъулъ къец бан лъиданиги кIолароан. Айханумил хIакъалъулъ республикаялъулаб газеталдаги хъван букIана. Цо солдат гуро, анцI-анцI багIарармеец квачалдаса хвасар гьавуна гьелъ хьухьарал квасул щватабаз ва квердаххелаз. Щибаб нухалда фронталъе кумек гьабун хинаб къайи битIулелъул Айханумица абулаан: «Дир Муъми-ниеги щвезе бегьула щватаби ва квердаххелал. Гьесда бачIинахъего бихьила дица гьел хьухьараллъи ва гьес дихъе кагъат хъвала».

Муъминица кIиго кагъат битIун бачIана гьалъухъе. ТIоцебесеб фронталде унаго нухдаса, кIиабилеб – солдатасул форма ретIиндал. Конверталда жаниб гьесул суратги букIана. ЦIияб гимнастеркаги ретIун ва риидалил тIагъур кваранаб гIиналде хъущтIараб сурат букIана гьеб. Гьурмада букIана рохалилаб ва аваданаб гьими.

Щватаби хьухьунаго Айханум-кIодода бихьичIо заман кигIан хехго бекерун арабали. Гьей ясалъул васасухъ ялагьана, щиб гьабулевдай гьев вугоян. Ва гьелда бихьана бакъ магIарда хурхунеб букIин, заман маркIачIуде щолеб букIин. Паркалда тIад, жидеего сордо базе бакI балагьулел гIадин, хIанчIи чIирчIидулел хъуялда рукIана. Бакъанил гIужалде шагьар сасана, тIогьилал бакъул чIорал, гъутIбузул тIанхазда гъорлъан ракьалде рукIана рещтIунел. «Гьал гвангъарал чIоралги, хIанчIазул ахIи-хIурги, хIикматал бакънална кинабго лъикIалъе батаги», – ян пикраби гьаруна Айханумица ва хьухьараб жоги, квасул гIомоги жиндаго аскIоб скамейкаялда лъун букIараб сумкаялъуб лъуна. Скамейкаялдаса тIадеги яхъун, ясалъул вас жиндаго аскIове ахIана:

– Рамазан, нилъее ине заман щвана. РачIа рилълъинин! Нилъ кватIун рачIани, дур эбел рази йикIинаро.

Рамазаница салул цIураб жиндирго самосвал чIехьана, мутIигIго гьелда аскIове гIагарлъана ва, гьелъул кверги ккун, щибниги жо гьарулеб гIадин, гьелъул бадиве валагьана:

– Дуда аскIоса дун рикIкIадегIан инчIони, дуца кIодо, дие мороженое босилилан рагIи кьун букIана.

– Бихьулищ дуда, ракIалда чIун буго! – гьелъ ясалъул васасул ботIрода рас битIа–бищизабуна. – Узухъда, узухъда босила дица дуе мороженое. Гьеб гьаниб гIагардегIан гьечIебищ бичулеб?

– Гьаниб рикIкIад гьечIого, гьулаказда аскIоб буго гьеб – кире ине кколебали дида лъала! – ян хIаталдаса ун вохана ясалъул вас.

Гьес цIидасан кIодол квер ккуна ва гьей жиндаго хадуй ячана.

– Дида хадуй ячIа, кIодо. Паркалъул доб рагIалда кафе–мороженое буго… – Гьев гIедегIана, кIодол рагIи хисилалде хехго ине лъугьана, гьей хIалицаго гьолей йикIана гьесда хадуй. Кафеялде жанире лъугьунеб бакIалда Айханум дугIа цIалулей гIадин, гьесул гIинде къулана:

– Дур эбелалда лъанани? Долъ лъазабун букIана гурищ, дуе мороженое кьогеян… гьеб кванани дур щекъер унтулилан.

Рамазанил гьумер лахIзаталда хисана, рогьалил бацIцIадаб зодобе накIкIул парча бачIараб гIадин лъугьана. Щокъроб щибалиго къараб гIадин, гьесул гьаракьцин хисана.

– ГIицIго цо нухалда букIана гьедин… Цо нухалда унтунилан тIолабго гIумруялъ мороженое кваначIого чIезейищ ккolев? – Ясалъул васасул беральлъ букIана гьари ва гьуинаб нигIмат кванаялъе гIоло бокьараб рагIи данде ккезабизе хIадурлъиги. КIодол ракI тIуркIана. Рамазаница кIодо божизайизе жигар бахъулеб букIана. – Нижер мадугьал ва дир гьудул ГIабдулаца абула, щекъер унтараб мехалъ, гьелъул гIаксалда мороженое кваназе ккoлилан… Гьедин гьабуни щекъер лъадарулилан…

– Дур ГIабдулада щиб лъалеб кидал щекъер лъадарулебали, кидал гьеб унтулебали?

– Гьесул эбел тохтур йиго!

– Тохтур… РакIалде ккезе бегьула, гIадамазул унтабазул хIакъалъулъ тохтурзабазда кинабго жо лъалилан. Гьедин цIикIкIун гьезда лъалебани, жалго тохтирзаби унтиларoан.

Гьеб рахъалъан Айханум-кIодол жиндирго къвакIараб пикру букIана. Аллагьас кьола гIадамасе унтаби, Аллагьас инсан хвасарги гьавула… Узухъ-

да, тохтирзабаз кумек гьабула, амма тIубанго гIадамал сах гьаризе гьезда кIоларо…

КIодол щакдараби рихьун Рамазан гIодов чIвана, гьесул хьул къотIана. Барщарав ва пашманлъарав васас жиндирго башмакъалъул тIогьалъ нухда бугеб сали бикIулеб букIана. Ясалъул васасул гурхIилеб гIадаб куц-мухъалъ кIодал хIукмуялде асар гьабичIого хутIичIо. «Бигьа гьабун, гIисинал кескал кванан къулчIани, узухъда, бегьила босизе мороженое…»

– Щиб гьабилеб?.. – Айханумица сумкаялъуса къватIибе бахъана гарацI бан бухьараб квербацIцI. Рохелалъ Рамазанил гьумер гвангъана, гьесда лъалаан кIодоца гIарац кошелокалъуб гуреб квербацIцIалъулъ лъолеблъи…

– Гьале, босе дуего мороженое, – ян абуна гьелъ гьесухъе гIисинаб гIарацги бегьулаго, – дун гьаний чIун йикIина.

ЛахIзаталдасан талихIав Рамазан мороженегун кафеялъул нуцIихъа къватIиве вачIана. Гьес кIиябго квералъ ккун букIана хIеренаб, тIаса гIебаб, багIараб тIогьги бугеб гьитIинаб стакан. БагIараб тIогь чIикIизе, гьелда мацI бахъизе байбихьулеб букIана васас, амма кIодохъги валагьун, мороженое гьелъухъе бегьана.

– Кванай… хадуб дица.

– Дагь-дагь ккун хIанчIе, гурони дур щекъер хIакъикъаталдаги унтизе бегьула. Гьеб мехалда нилъ кIиязего гIадлу гьабила дур эбелалъ…

Рамазан цогидаб къотIнове валагьун ана, гьал шагьаралъул ахикье рачIараб гуреб, тIубанго батIияб къотIновехун ана гьев. Айханум-кIодо ургъел чIван лъугьана.

– Рамазан, нилъ рокъоре гьанире рачIараб нухдасан рилълъун лъикI. Гьедин гьабуни битIун ккела.

– Дуда ургъел ккоге, кIодо, дида нух лъала, – ян гьелдехун вуссана ясалъул вас. – Кидаго цого къотIносан хьвадизе кколаро гури… Цогидал къватIаздеги щвезе кола, гьенирги гIажаибал жал ратула.

Лъалареб къотIносан унев ясалъул васасухъги ялагьун чIун Айханум-кIодо вас-васдилей, дагьаб заманаялъ пикру гьабулей йикIана. Цинги гьесда хадуй йилълъана.

«КIудияв гIолев вуго дир Рамазан, – ан хIалица васасда хадуйги гъолаго, пикраби гьарулей йикIана гьей. Цого сухъмахъалъ хьвадун чIалгIун батила гьесда. БитIараб буго, ракьалда кинабго кIудияб гIолеб, барщулеб ва хисулеб буго…»

Айханумиеги бокьана цIияб къотIносан ине.

Жидедаго лъачIого кIодоги васги, гIадамал хьвадулеб гьитIинаб ахги бугеб байданалде лъугьана. ГIолохъанал гъутIбиги ругеб ва гьезда гьоркьосан хьвадулеб нухги бугеб ахикье лъугьунеб бакIалда эхетун букIана рагъухъанасе бараб памятник. Мазгарул солдат каранда автоматгун аллеялдаса къватIивеги вачIун байдан къотIун инехъин вугилан кколеб букIана. Амма, Айханумида солдат вихьидал ва гьесда аскIое гьей ине лъугьиндал, солдат лъалхъана ва дагьавго гьелдехун вуссана – биччанте тIубараб гIумруялъ рагъдаса вас вуссиналъухъ ялагьун чIарай херай эбел гьесухъ лъикI бала-гъалагьизе, хал гьабизе ва гьелда гьев лъазе.

– Муъмин! – сас гьечIого гьаракь гьабуна Айханумица ва лъалхъана. – Дир вас! Ахир-къадги данделъана нилъ… Дида лъалаан…лъалаан мун дида вихьизе вукIин…

Айханум-кIодода аскIор къотIносан унел чагIи лъалхъана. Гьей гIодулейги йихьун, щурщудизе лъугьана, гIадамаз щиб ккарабилан, кинаб кумек хIажатабилан гьикъулеб букIана.

– Абулеб букIана, араб бакI лъачIого тIагIанилан, – ан щурщудана Айханум, – гуро, щибниги дунялалда араб бакI лъачIого тIагIунаро…кибениги унаро, билуларо… Хинал улкабазде ун рукIарал хIанчIицин жидерго бусабазде тIадруссун рачIуна… Гьале мунги нахъвуссун вачIана… Дир Муъмин… дир вас!.. Дун кидаго божулаан…лъалаан…балагьун чIун йикIана…Муъмин мун тIадвуссана…

Памятникалда цере гIадамал щайдай ракIарун ругелали лъазабизе гьениве аскIове вачIана гIолохъанав милиционер.

Айханум-кIодоца кофтаялъул чвантиниса къватIибе бахъана басрияб ва букIнал рихъараб конверт, гьелда жаниса къватIибе бахъана солдатасул берцинаб сурат. ТIубан гIолилав, цIияб гимнастёркаялъулъ кваранаб гIиналде хъуштIараб пилоткаялъулъ…

– Гьале, – ян гьелъ гIадамазухъе сурат кьолеб букIана. – Муъмин… дир вас…

Сверун ругел гIадамаз бутIрулги гьанкIезарун абулаан: у, у…

Милиционерги валагьана сураталъухъ ва кIодое честь кьуна.

ГIадамазул руккелалде аскIоре рачIине бокьичIез, аскIосан унаго абулеб букIана:

– Щиб доба бугеб?

– Эбел…тIуянго херлъун йиго… вас дандчIван вуго гьелда… ТIолабго гIумруялъ рагъдаса вас вуссиналъухъ балагьун чIун йикIун… гьале гьанже…

Ахикье лъугьунеб бакIалда цере, гIадамазул руккелалдаса рикIкIад гьечIого рахъун чIун рукIана Рамазан, Лайла ва Къасум. Гьезул квералги ккун вас эбелалдаги инсудаги гьоркьов чIун вукIана. Байбихьудаса ахиралде щвезегIан гьезда кинабго бихьана, амма гьеб ишалда гьоркьоре лъугьинчIо. Йохизе, гIодизе ва гIемераб заманаялъ жий балагьун чIарай вас дандчIванилан данделъаразда бичIчIизабизе Айханум-кIодое квалквал гьабичIо. ГIадамаз рахIмуялда, кIодода гурхIун абулеб букIана:

– Бергьараб махщалида гьабун буго! – Гьел сураталъухъ ва солдатасе бараб памятникалъухъ ралагьулел рукIана. – Лъадал кIиго къатIрагIанги релълъарал руго…

Гьелдаса нахъе Айханум-кIодоца шагьаралда гIумру гьабулеб буго. Ясалъул вас Рамазанида цадахъ гьей гIемер хьвадула ЦIар лъаларев солдатасе бараб памятникалъухъе.

## ДОВ ВУКIАНА МАГЪИЛ ЧИ



Цадахъ гIемерал лъугьа-бахъиналги, гIадамалги, тарихги бачун, уна заман. Нилъер рекIелъ гIемераб жоялда тIад мухъ цIала гьелъ, гIемерал гIадамал кIоченарула. Амма рукIуна цо-цо лъугьа-бахъинал, цо-цо гIадамал заманалъул рахIму гьечIеб хехаб чвахиялда рикIкIад гьаризе кIоларел яги рикIкIалъанагIан гIагарлъулел, рикIкIадал цIваби гIадин, даим кенчIолел. Гьединав чи вукIана Гъизилюрт районалъул Гелбахъалдаса шагIир Таймасханов Тажудин.

Таймасханов Тажудин гьавуралдаса исана тIубала 85, хваралдаса – 37 сон. Гьев вукIана гIадан хирияв, гIажаибго ракI гIатIидав, тавакалав инсан. Гьединаб асар, гьединаб хасият гъорлъ бессарал руго гьесул киналгIаги асаралги: къисаби, харбал, поэмаби, очеркал.

**Дун хирияб ракьалда кIудияв гIуна,**
**Хурзабахъ тIирщулеб тIорщелгун цадахъ.**
**Дир каранда рохел тIегьан бачIана,**
**Рогьалилъ кунчIулел чIоразда цадахъ.**

Гьедин хъвалеб буго гьес гьесул тIоцебесеб тIехьалда бахъараб «Дир ракь» абулеб кочIолъ.

РагIуе эркенлъи, чвахи, берцинлъи букIана гьесул асаразе хасиятаб. Гьесие хасиятаб букIинчIо хъван лъугIараб асаралда, тIадвуссун цIалун, хиса-баси гьаби, гьединго хасиятаб букIинчIо жиндирго творчество цебетIезабиялда тIад хIалтIи. Гьелъие квал-квал гьабулаан агъаз гьечIеб хасияталъ. ТIахьазул издательствоялъул ахIи букIунаан гьесда хадуб бахъизе планаде босараб тIехьалъул рукопись гьенибе щвезабуларого. «Рокъоса босизе кIочон толеб буго» - ян абулаан Тажудиница.

Таймасханов «БагIараб байрахъ» (гьанжесеб «ХIакъикъат») газеталда хIалтIулеб заманалда цIакъ гIемерал рукIана кучIдузде машгъуллъарал, поэтал рахъине бокьарал гIадамал – гIолилалги чIахIиялги. Таймасхановасул къоял унаан гьезул кучIдузда рухI бижизабулаго. Гьелдаса кIудияб разилъиги букIунаан гьесул. Чиясе лъикIлъи, кумек гьабизе щвей – гьеб букIана гьесул кIудияб рохел ва гьелъие пайда гьес босулаан газеталъул редакциялда хIалтIулев вукIиналдаса. Гьединав вукIиналъ щибаб къойил гьесухъе рачIунел гIадамалги камулароан.

Таймасханов Тажудин вукIана поэтги, прозаикги, журналистги. Журналистлъи букIана гьесул хIалтIулаб иш, поэтлъи, прозаиклъи – ТIадегIанас кьураб гьунар. Гьеб гьунаргун гьев васандана: хъвалеб поэмаги тун, къиса хъвазе лъугьунаан, цIияб темаги ракIалде щун, нахъеги поэзиялде вуссунаан. Гьедин хъвана гьес хеккого къанагIаталлъун лъугьарал «Сардил чапар», «СагIадат», «Гуллие риарал кIилкIал» абурал къисабиги гIемерал поэмабиги.

КиналгIаги асаразулъ рессун руго ракълил, гьудуллъиялъул, эркенаб захIматалъул, ватIаналде рокьул темаби. Гьес абулаан жив «рагъул чи гурев, магъил чи вугилан». Гьедина**в вукIана гIолохъанго машгъурлъарав ва цIакъ хехго нилъедаса ватIалъарав шагIир Таймасханов Тажудин.**

***М. ГIабдулхIалимов***

**Тажудин**
**ТАЙМАСХАНОВ**

### ЭБЕЛАЛДЕ

**Эбел, дур ботIрода рас хъахIлъун буго,**
**Кидаго чIегIераб букIинчIеб гIадин.**
**Эбел, дур беразул нур дагьлъун буго,**
**Кидаго цIодорал рукIинчIел гIадин.**

**ГьечIо цебе гIадин черхалда къуват,**
**БакътIерхьунеб гIужалъ къо гIадин йиго.**
**Эхеде гьуршараб щулияб гьотIол**
**ГIаркьел гьурун буго, тIамах гьун буго.**

**ГIодичIого чIезе, гьитIинав дие,**
**Дуца ахIараб кечI кинан кIоченеб?**

ХIеренал квераца карандеги къан,
КъватIиб бакI бихьизе хьвадизавуна.

Бакъанил гIужалда гIурул сасалъухъ,
Кьурдаги гIодор чIун гIенеккана нилъ.
ХIалтIудаса вуссун вачIунев инсул
Накабалъ речIчIизе векерана дун.

Анлъго сон тIубачIев гьитIинав дида,
Дуца малъун лъана хъвазе-цIализе.
Жеги школалде иналде дица
Дуда учителан цIар тун букIана.

Эбел, мун гIадинай ахихъан гьечIо,
Дун, хъулухъги гьабун, гIезе гьавурай;
Бицунге дуе дун гьитIинаб мехалъ
Хирияв вукIанин дагьавги цIикIкIун.

Дуца, дир кIалдиб ца батараб мехалъ,
Мадугьал сайгъат кьун йохизаюнин.
ТIоцере галаби дица рахъидал,
Рокъой чагIи ахIун, вечер гьабунин.

ГIаздаца дур расулъ бусен лъуниги,
Бакъ гIадин хинаб ракI буго каранда.
Гьелъул щвараб хинлъи дир чорхол гьаналъ
Чирахъул канлъилъун буго кидаго.

Дир хирияй эбел, мун херлъун йигин
Хиял гьабизе ракI разилъуларо.
РукIкIалабаз цIураб дур гьурмал сурат
Цебе чIезабизе бажаруларо.

## ДИР ЖАВАБ

Диде гIадамаца гIайиб гьабула
ГIолохъанго бетIер хьахIлъулеб бугин,
ГьадигIан гIатIидаб дуниялалда
ГIадада ургъулев ватизе вугин.

Гьез абула дургун гIелбащадазул
БутIрул, сордо гIадин, чIегIерго ругин,

Жеги лъимадул ригь ракӀалда бугев
Дурги къуншби чарлъи къагӀида гурин.

Дида лъимадул ригь ракӀалда буго,
Амма пикру гьечӀеб бетӀер кӀваричӀо.
Гьел пикрабазда тӀегь балеб бугони,
БетӀер хъахӀлъаниги дие кӀваричӀо.

## ДИР ГЪУЛБАС

Рекъел хириязул хитӀабалда гъоркь,
Дица гьираялда, гъулбас гьабуна.
Гьелъул рахъ ккуразул карачелазде,
Лъел къатӀра гӀадинан, дунги цолъана.

РагӀи гьечӀонани – кечӀ букӀунаро,
ГамачӀ лъечӀонани – къед лъугьунаро;
Биччай дир гъулбасги гьарачагӀазе
Гьел чӀезе гьарулеб гьужумалъ ине.

## РЕКӀАРАВ

Жалалъеги къулун, къотӀарилаго,
Гьасда гъоркь чу чӀвана чияр гуллица.
Эхеде борхараб хвалченги биччан,
РекӀарав вортана бартиялдаса.

Гьале махӀабазда хӀал чарамул гьав,
БахӀараб гьветӀ гӀадин, хӀатӀазда чӀана.
КӀиябго рахъалде хьвагӀана хвалчен,
КӀиго гитлерилав лъуна гьас гӀодов.

Амма тушбабазе букӀинчӀо ахир,
РачӀунел рукӀана накӀкӀ гӀадин тӀаде.
РачӀунел рукӀана гьасул хвалчаца
КъотӀарал бутӀрулги хӀатӀаца мерхьун.

Гьасул черх бацана хвалил ругънаца,
БагӀараб бидуца белъана хвалчен.
Кьолеб буго чорхол ахирияб гуч,
Амма кьолев гьечӀо гьезухъе живго.

**Бихьана гIагарда гIолохъанаб гъветI,**
**Жеги гIарадаялъ бегизабичIеб.**
**Эбелаб ракьалде кьалбал риччараб,**
**ГъотIода къвалги бан къотIарана гьав.**

**Вагъана чода тIад вугев киниги,**
**Вагъана ругънал тIад гьечIел киниги.**
**Гьасул хIатIакь руго чIварал тушбаби,**
**Гьале цIар рагIарав дов ХIажимурад.**

**ГъотIода бараб къвал къотIана гьале,**
**Гьав лъавудаса ун, гIодов речIчIана.**
**ГIицIго гьеб мехалда, къана тушбаби,**
**Къавул гьаби гIадин, ГIалида тIаде.**

## ГIУМРУ

**ЧIалде гIедегIула биччан унеб чу,**
**Ралъдалъе жубазе уна мугIрул гIор,**
**Гьаб гIумрудул пикру гьабураб мехалъ,**
**ГIакълу уна щущан, щобда накIкI гIадин.**

**Гьелда хадув лъугьун чанахъан гьечIо,**
**Чан гIадин тIадагьго тIурулеб буго.**
**Берталъе кватIулев кочIохъан гIадин,**
**Нахъ балагьичIого, гочунеб буго.**

**КигIан адаб гьечIеб нухлулаб гьабго,**
**ДандчIварасде буссун салам кьолареб?**
**КигIан свак лъалареб сапарчи гьабго,**
**ХIухьбахъизе чIезе гьоболги гьечIеб?**

**НакIкIукьан бакъ гIадин, цIорол гордухъан**
**Яккарай ясалъухъ балагьуларо.**
**Херасул расалда квер бахъуларо,**
**Хварасухъ гIодизе, гIодоб чIоларо.**

**Риччан те, къояца хисизе сардал,**
**АхIулел кучIдуца босизе ургъел.**
**Биччан те, канлъуца борлъизе бецIлъи,**
**РацIцIадал ракIазулъ тIегьазе анищ.**

Биччан те, хъахIлъизе чIегIераб бетIер,
БахIарго букIина дир каранда ракI.
Биччай заман ине, амма махсаро
БукIинеб къаданиб къанщулагоги.

## ГЬИТIИНАБ БУКIИНА ТIОЦЕБЕ ГАЛИ

ГIазугIан хъахIлъарав херав мадугьал
ГIумрудул къисалъун вукIананиги,
Дида кколаан гьаб гIолохъанлъиялъ
ГIадамал кидаго рехун теларин.

Пикру бачIунаан, чIегIераб бетIер,
Хабалъеги дица цадахъ босилин.
Заман къокъаниги, къуватаб чорхол
Чара хвелин абун хиял букIинчIо.

Ва агъаз гьечIого тIамуна дица
ТIамурги къвалакь ккун, къиматал сонал;
Гьезул рахас ана гIумруялъ босун,
ГIурул карачелаз хведер киниги.

ЦIаличIо, хьвадана хьулазулги цIун,
ЦIар щолеб жо гIадин, ясазда хадув.
ХIалтIичIо, гуккана гьагаб кицилъ –
«ХIамица гьабулеб гьунар бугилан».

РетIана инсуца босараб ретIел,
Гьеб гъансиниб жаниб гьабулилан ккун.
Кванана эбелалъ цебе лъураб квен,
ЛъикIаб батичIони, гIайибалги чIван.

Гьале гIумруялъул карачелабаз
РагIалде рехана тату хварав дун.
Эмен рагъда чIвана, эбелги хвана,
Херай кIодоги дир цIобалде ккана.

Эбел-инсудейищ гIайиб гьабилеб,
Дирго гIадаллъиййищ гIужие гьелеб?
Гьанже хабаралъул хайир щиб бицун,
ЦIидасан вахъана гIумрудул нухде.

ГьитIинаб букIина тIоцебе гали,
Гьанже ругьунлъулеб лъимадул гIадин.
Амма лъала, лъала ракьалда гIумру
Йокьулелъе тIолел тIугьдул гуреблъи.

### РАКIАЛДЕ БАЧIУНА

Их. Ахакь гъутIбузда хIанчIазул чIичIи,
ГьатIан къоялъ радал дунги эменги
ГIолохъанаб рохьил рагIал чIван бугеб
Чупуриялдасан чанаре ана.

Эмен, цо гIанкIида туманкIги речIчIун,
ЧIвараб чан босизе сухъмахъ ккун ана.
Гьесда хаду-хадув хутIун вукIарав
Дун, батIайиса ун, нух къосун ккана.

КъалъизегIан дунял берцин букIана,
Цинги роцIараб зоб накIкIазул цIуна.
Кьерхун гъугъадана, гъотIол тIамхазда
ЦIадал къатIрабзул тIваркъи бахъана.

АхIдола инсуде, киса рагIулеб,
Дир гьаракь гьенибго гьороца кIкIуна.
ЯхI хун вортанхъула рахъ-рахъалде дун,
Хъархъазда гьоркьосан гьечIо ине нух.

...Сверухълъи роцIана, цIадги лъалхъана,
Гъури боржанхъулеб хъуйги къотIана.
Дир гьаракь рагIарав, инсуца, вачIун,
ЧIедераб сухъмахъалъ нахъе вачана.

...Гьанже гIумруялъул сухъмахънухазда
Цо-цо мекъи ккарал къоял рачIани,
РакIалде бачIуна доб ихдалил къо,
Эменгун чанаве араб чупури.

### РЕКIЕЛ БУХIИЯЛЪУЛ ЦО-КIИГО ХIУХЬЕЛ

Пикрабазул гIурул гучаб карачел
Халатищ каранда гьелчезе бугеб?
РекIел анищазул щенон балеб цIад,
Дун цIалтун виччизе гьавуна дуца.

ГӀолохъанаб чорхол саназда жаниб
Хиялазул пири пирхулеб буго.
Гъелъ гьабураб канлъи киналго лугбалъ
Бакараб цӀа гӀадин кунчӀулеб буго.

Доба гьаваялда гьороца хъамун,
ХъахӀаб накӀкӀ рикӀкӀаде боржунеб гӀадин,
Анищазул чода рекӀарав дида,
Ахир бихьулареб нух буго цебе.

Щоларей яс йокьун, кьалдаги гурин,
Рукьбазулъ багъулеб балагьго кинаб.
Дихъ кодоб хӀули тун, хӀинчӀги боржинчӀин,
ХӀалхьи кибдай араб каранда рекӀел?

Дун гьел суалазе жаваб балагьун,
Жендолев ватула тохал бакӀазда.
РекӀел рахӀат хвараб гьаб дир хӀалалъе
КучӀдул, цо нужеда батула гӀайиб.

…Дие бокьун буго бечедаб рагӀи
Ва гьелъул пикрабаз керен буго цӀун.
Дие бокьун буго кучӀдузул гьарун,
ВатӀаналъе тӀогьол квацӀаби кьезе.

Дун гьечӀеб мехалда, мискинаб кечӀалъ
Халкъалъе къатӀрадул хъулухъ гьабизе.
Дун жанив вачараб ракьул гьурмада
Дир рекӀел букӀараб бухӀи хьвадизе.

Гьединал пикрабаз куркьбалги рижун,
Воржаян жаниб ракӀ чӀун гьечӀебани,
Ракьалда гӀадада дун вижун вугин
Дица гӀумруялде квер хьвагӀилаан.

## ГӀУМРУЯЛЪУЛ НУХДА

ГьитӀинаб мехалда мадугьалалъул
Горда дица чӀимих речӀчӀун батила.
Цадахъ ясандулей ясалъул дица
ЯсикӀодул гӀадаб гъал цӀан батила.

РакӀалда гьечӀого цо гьалмагъасда
Дица хъачӀаб рагӀи абун батила.

Дидаго лъачIого, лъил бугониги,
РекIеда унтараб иш ккун батила.

УргъичIого рагIи рехараб мехалъ,
Диде адаб гьечIан абун батила.
Балай, лъикIав инсул квешав василан,
Килищ чангияца битIун бтила.

…ГIумруялъул нухда, хиял гьечIого,
Чанги гъалатI ккана гъаримав дихъан.
Дир гьеб гIамалалъул гIунгутIабазда
ТIаса лъугьайилан гьарилеб лъида?

Дун сабаблъун рекIелъ сукIи ккаразда
Санал рахъидал гьеб кIочон батила.
Сабру бугел хераз хехаб лъар гIадаб
Лъимер гурищилан абун батила.

Гьанже гьел ракIалда руго цо дида,
Руго гьел цIулада ноцIал киниги.
Руго учителас дир диктанталда
БагIаралъ рахъарал мухъал киниги.

## КЬ У Р У

МугIрул керемалда кIудияб кьуру,
Бакъуе керен кьун боркьулеб буго.
Цин гьороца бакъван, цин цIадалъ биччун,
Бихьанщинаб хIехьон щулаго буго.

Лъаларо кида гьеб кьуру бижараб,
Чам батIияб заман гьелда бихьараб.
Дандияб къуватгун къеркьолеб букIун
Ругънал руго гьелда гъваридго лъурал.

Гьелда картIал руго гулбуца рахъун,
Гьелда гIужал руго гIоштIоца лъурал,
РукIарал рагъазе нугIлъи гьабулел
Гьелда лъалкIал руго тIинкIараб бидул.

Гьеб кьурухъ балагьун бачIуна цебе
Балагьаз кIвекIараб дир некIсияб ракь.
Лъиего къуркьичIеб, бетIер къуличIеб,
Чарамул кьурулъун щулаго чIараб.

# Кавказалъул халкъалъул кӀалзул асараздаса

## КИНАЗЕГО ГӀАММАБ ТАЛИХӀ

***(асатиназул маргъа)***

ГӀумру-яшав гъабун, бетӀербахъиялда рукӀанила росги лъадиги. Гъезие анцӀила лъабго вас гъавунила. Васал кӀудиял гӀунила. Эбел-инсуца гьезие бахӀарал ралагьана ва цадахъго анцӀила лъабго бертин гъабуна.

Ва гъел бетӀербахъи гъабизе лъугьана.

Лъица щиб гъабизе кколебали инсуца абулаан, анцӀила лъабавго васас магӀишаталда батӀи-батӀиял хӀалтӀаби гъарулаан. Киналго разиго рукӀана. КигӀан заманаялъ гьез гьедин бетӀербахъи гьабурабали лъида лъалеб, ва гьале щивав анцӀила лъабавго вацасе гьавуна анцӀила лъабго вас.

Лъимал кӀудиял гӀуна. Гьезие лъудби рачине заман щвана. Ва гьезиеги лъудби рачана. Херазул азбаралде нусиялда лъабкъоялда ичӀго бахӀарай ячун ячӀана. Цо гуреб – нусиялда лъабкъоялда ичӀго бертин гъабуна гьез.

Заман ана. ГӀолохъаназул щибаб хъизаналъеги гъавуна анцӀила лъаб-лъаб вас. Херасул ва хералъул азбаралда, мина-къоноялда, рикӀкӀун хӀалкӀолареб къадаралда гӀадамал гӀуна. КӀудияб росулъгӀан гӀемераб халкъ букӀана херазул азбар-къоноялда.

Херазул кинабго букӀана, бечедал чагӀиянцин абизе бегьулаан гьезде. ГӀи-цӀцӀаназул рехъаби, чуязул илхъаби, гӀачиязул ва ганщазул рехьедал, гургурал ва хъазал, гӀанкӀуял ва ордекал рикӀкӀенго гьечӀел. ХӀан-нах цӀулал чӀахӀиял къалал цӀун букӀана, тӀощалил цӀун рукӀана цагърал.

Релъи ва кучӀдул киданиги къотӀулароан гьезул азбар-къоноялдаса, мина-карталдаса. Гьез цоцада «дир бакъилан» хӀеренго абулаан, цоцалъ

гьуинго, гьоцIоги нахги гIадин рукIунаан. Щивас хIаракат бахъулаан цогидазе лъикIабщинаб кьезе, щивасе бокьулаан цогидасул лъикIаб партал букIине, гьев берцинго ретIа-къан вукIине. Киназдасаго цIикIкIун гьезие рокьулаан жидерго херав эменги ва ригь арай эбелги.

Гьале тIаде щвана къварилъи-талихI къарал къоял, кIудияб ва гъункараб хъизаналда дагIба-рагIи ккана, цолъи гьечIолъи лъугьана. Дагьаб цебеги лъицаниги абулароан «гьаб дир бугилан», гьаб «нилъер бугилан» абулаан. Гьанжейин абуни, балагье, щивас гIамал гьабулеб буго жиндиего щиб букIаниги босизе, цогидасухъа бахъизе. «Гьаб дир оц буго», - ян абулеб буго цояс. «Гьаб дир чу буго», - ян абулеб буго цогидас. «Гьаб цIцIеда хадув дун ун вукIана, дуца гьелда квер хъваге», - ян абулеб буго лъабабилес. «Дир гIака лъица бечIчIараб?» - ан ахIделев вуго ункъабилев. Гьедин букIана сундулъго, киналъулъго.

Щивас кодоб щвараб жо жиндирго сандукIалъуб бахчулеб букIана, цогидаздаса балъго жиндиего нахърател гIуцIулеб букIана. Щивас жиндирго лъимер кваназабулеб ва беэдулеб букIана ва цогидал лъимал гьесда кинго рихьулел рукIинчIо.

ЦIакъго кIудияб хъизаналда, бищунго ригьалъ цIикIкIарав херасда – инсуда гьеб кинабго бихьулеб букIана ва гьесул ракI къварилъиялъ данде къазабулеб, букIкIинабулеб букIана. МиккицIулал гьабураб жиндирго тахбакIидаги гIодов чIун гьев, сундулъго гIахьаллъи гьечIевлъун, сунцаго асар гьабуларевлъун лъугьун вукIана. Лъиданиги гьев ракIалде щолев, лъицаниги херав кваназавулев вукIинчIо, ургъелалъ цIакъ гIазаб кьолеб букIана гьесие. Гьесул лъадиялдайин абуни, гIодой чIезецин кIолароан, гьей кидаго бусада егун йикIунаан.

Цо нухалъ, ЦIияб соналда цебе кIудияв инсуца жиндирго хъизан данде гьабуна ва дандеруссиналде киналго ахIана.

- ГIенеккея, дир лъимал, къаси сардилъ щивниги къватIиве вахъунге, дун нужее вокьулев ватани, кинацаго дир гьариги тIубазабе.

- ЛъикI буго, - ян абуна кинацаго – нижеца тIубазабила дур гьари, нижгоги минаялъуса къватIире рахъинаро, рахъунелги риччаларо.

Сардилъ гIемераб гIазуги бана. Рогьунеб заманалда тIадеги вахъун, херав рагъде вахъана. Гьесда рихьана нуцIил кIалтIаса кIудияв чиясул лъалкIал рохьорехун унел.

КIудияб хъизамалъул бетIерасул ццин бахъана, гьев жиндирго рокъове лъугьана, тахбакIалда бакIго гIодов чIана ва киналго рокъосел, гьоркьов чи течIого, жиндихъего ракIареян лъазабуна.

ТIолабго хъизан данделъидал, эмен жиндирго рокъоса къватIиве вачIана, киназухъго гIайиб-гъвелгун валагьана ва гьезие бадибчIвай гьабуна:

- Дун махсароде кквезе ккани намус гьечIищ нужеда! Киназго, цо чияс гIадин, нужеца дие рагIи кьуна, сардилъ щивниги рокъоса къватIиве вахъинарилан, нужецаго кьураб рагIи хвезабулеб буго, нич гьечIо нужеда!

- ЗобалхIаги, бакъалхIаги ва ракьалхIаги, эмен, я ниж, яги нижер лъимал, сардилъ щивниги къватIиве вахъинчIо.

- ЛъикI буго, балагьун бихьила, - ян абуна инсуца.

Къвалакь гIаштIиги ккун, херав лъалкIда хадув ана.

Гьев лъикI заманаялъ вилълъанхъана ва бецIаб, гванзаб рохьове щвана. ЛъалкIалъ гьев вачана биццатаб, борхатаб, гIазул гIунсбуз свeрун ккураб гъотIохъе. Гьениб херасул рокъобалдасаги хинго букIана. Гьесул рокъоса къватIиве щив аравали кин лъазабилеб? Хъабчильги гура-сурун херав, тIубараб сордоялъ гъотIокь чIана, амма гьесда щивниги вихьичIо.

«Лъил лъалкIха гьеб? ГъотIол гьодориялъув гIодов чIун вугодай гьев?» - ан ургъизе лъугьана гьев ва херас хIукму гьабуна гьеб гъветI къотIизе. Гьев тIаде вахъана, хъабарча тIаса бахъана ва гъветI къотIизе лъугьана. Циндаго тIасахун херасда гьикъана:

- Дуца гьабулеб щиб, херав? ГIадада гъветI щай шапизабулеб?

- Мун щив кколев?

- Дун буго дур кIудияб, гIемерал данделъараб хъизаналъул киназулго гIаммаб талихI.

- Щайха мун рохьоб гIодоб чIун бугеб?

- Кибха дун гIодоб чIелеб? Дур кIудияб азбаралъуса лъутизе ккана дун. Дун дур рокъосез рикIкIунеб гьечIо. Дун кIочон тедал гьезда мунги кIочана, кIодоги кIочана гьезда, эбелалъулги ургъел-агъаз гьабулеб гьечIо гьез. Дур рокъосез жидерго ва гьезул лъималазул гурони тIалаб гьабулеб, гьезие цогидазул ургъел гьечIо. Дуцаго пикру гьабун бихьеха, кин дун дур азбар-къоноялда букIинеб? Гьениб щивас жиндирго гурони ургъел гьабуларо. Гьениб дие бакI гьечIо, гьединаб бакIалда дида чIезе кIоларо.

- Дур битIараб буго, - ян разилъана херав. – Дир мина-карталда цогидазе зарал-зиян кколеб букIаниги, щивас жиндирго гурони ургъел гьабулеб гьечIо. Дуца херасул адаб-хIурмат гьабе, нижехъе тIадбуссун бачIа. КIвараб куцалда, дир бугеб къуваталда рекъон, цохIо жидерго гуреб, киназулго ва кинабго азбар-къоноялъул ургъел щивас гьабулеб ахIвал-хIал гIуцIила дица дуе.

- Дур азбаралде тIадбуссун бачIине дида кIоларо, дица дур цогидаб рахъалъан адаб-хIурмат гьабила: дур щивав рокъосесе дица кьела гьез дида гьарараб жо. Биччанте, щивас дида цохIо жо гьаризе.

Херав ТалихIалъухъ гIенеккана, гьелъ бицаралда тIад лъикI ургъана, нахъеги ургъана ва гьес абуна:

- Зобалъул ва ракьалъул цIарги бахъун мун гьеде, дуца дир рокъосез гьарараб жо кьуричIого, тIадаб куцалъ тIубазабилилан.

Зоб-ракьалъул цIараладсан, гьедин гьабилилан талихI гьедана, чара гьечIого гьедин букIинилан кIалъана.

Херас жиндирго хъабарча тIад ретIана, къвалакь гIаштIиги къазабун рокъове вилълъана. Рокъове щведал, цо бокIнилъе гIаштIиги рехун, щцин бахъун гьев, жиндирго миккицIулал гьабураб тахбакIида гIодов вукIана.

УргъелчIван рекерахъдизе, кIудиясул тIалаб-агъаз гьабизе лъугьана гьесул васал, гьезулги васал, лъималазулги лъимазул лъимал ва гьезул лъудбиги.

- Нилъер кIудадае лъугьараб щиб? – ан абуна гьез.

- Нолъ къаси кив гьев вукIарав?

- УнтунгIаги гьечIищ гьев?

- Гьесул нилъеда щцин бахъундай бугеб?

- Вакъун ватизе бегьула гьев.

- Сах гьечIогодай вугев?

- Квачанцин вугодай?

- Бусен цIорорабдай бугеб?

Хералъул бусада цереги чIун, гьелъул тIалаб-агъазалда рукIана цогидал, гьелда хIеренал рагIаби абулел, гьей еэдулел рукIана цоял.

Гьедин щивас жигар бахъулеб букIана хъизаналда кIудияй эбел ва эмен рази гьаризе, гьезул адаб гьабизе, тIубараб гIумру хIалтIулаго тIоритIарал, захIаматалъулъ лъадарарал жидерго гуреб цогидазул ургъел-агъаз гьабурал киназулго хъатир гьабизе. Кинав васасда, кинай ясалда яги нусалда лъачIеб, бихьичIеб херав инсул ва херай эбелалъул тIалаб-агъаз.

Херав бицине лъугьана:

- Нилъер талихI нилъедаса нахъе ана. Дир гьари-рахьиялъги кумек гьабичIо. Гьелъие нилъехъе тIадбуссун бачIине бокьун гьечIо. Гьеб лъикIищ бугеб?

- Лъицаниги абичIо «лъикI бугилан», амма, цояс цояв гьоркьов къотIизавулаго, гьикъулеб букIана:

- ГӀаммаб ТалихӀалъ щай нилъеде гӀайиб гьабулеб? Щиб гьелъ абулеб бугеб?

Гьеб суалалъе жаваб кьолаго, херав инсуца абуна:

- Щайгурелъул, нуж дихъ, нужер кӀудиясухъ, гӀенеккулел гьечӀелъул. Щайгурелъул, нужеца нужерго хал гьаби тун букӀиналъ. Щивас жиндирго ургъел гьабизе байбихьун буго, цогидазде гьел регӀулел гьечӀо. Чанаве анани, гӀалхул цӀцӀеялъул къулагӀи жиндиего, чӀужуялъе, жиндирго лъималазе толеб буго, тӀолабго нилъер кӀудияб хъизаналъе кьолеб гьечӀо. Киназго абулеб буго «дирилан», «нилъерилан» лъицаниги абулеб гьечӀо. Нилъеца кӀудияб мина базе ккола, нуж балагье, кигӀан гӀемер нуж ругелали, кӀудияб мина базе лъиениги бокьулеб гьечӀо, щивас абулеб буго: «Дица диего мина бала, цогидазе базе дие бокьун гьечӀо». Киназего гӀаммаб ТалихӀалъ гьадин абулеб буго: «ГӀаммаб лъикӀлъи бокьулареб, щивас жиндего кинабго цӀалеб, цогидас жиндирго гурони ургъел гьабулареб бакӀалда ТалихӀалъе бакӀ букӀунаро. Нужер гьениб дие бакӀ бугебищ?»

Херасул рагӀабазухъ киналго сихӀкъотӀун гӀенеккун чӀана ва щивав жиндаго жанисан ургъулев вукӀана: «ГӀаммаб талихӀалъ битӀараб бицунеб буго».

- Жакъа радал дида ТалихӀалъ абуна: «Мун рокъове а, дица дур адаб гьабила, дица дур щивав рокъосесе рес кьела, цо щиб букӀаниги дида гьаризе.

Киналго, цояс цояв гьоркьов къотӀизавулаго, кӀалъазе лъугьана. Цоясе ТалихӀалдаса щвезе бокьун букӀана кӀиго оц, яги ролъ, цӀиял мачуял, ялъуни ретӀел, кӀиабилезе гӀебаб хвалчен, яги чӀоралгун цадахъ чӀорбутӀ.

Гьедин херав кӀудадада киназго бицана лъие щиб бокьун бугебали, гӀицӀго цо гӀолохъанай нус, рагӀицин абичӀого, юцӀцӀухӀун чӀана. Доб заманалда гьединаб гӀадат букӀана: кӀудиял ругел бакӀалда нусал кӀалъазе бегьуларон. Гьелдаги гьикъана щиб гьелъие бокьилебали. Жиндирго гьари гьелъ васасда шурана, васасин абуни ахӀун абуна:

- Биччанте ТалихӀалъ нилъее гӀаммаб, цадахъаб гӀумру, гӀаммаб хӀалтӀи ва цоцаздехун рокьи кьезе.

Киналго кьижизе регана.

ХъахӀлъи барабго, хӀелказда цадахъ бусалъа тӀадеги вахъун, херав хъабчилъ гура-сурана, бераздеги цӀан, хъибихъизабун тӀагъурги тӀад лъун, гӀаштӀиги босун, бецӀаб рохьобехун нух босана. Дагьав инчӀо херав, хасалил къо бакъаниде щвана, маркӀачӀул гӀуж рещтӀана ва гьев доб жиндаго лъалеб кӀудияб цӀулакьодул гъотӀохъе щвана.

ГьетIа-кIичIараб, кIудияб цIулакьодул гъотIокь хинго букIаниги кIудада хъабчилъ гура-сурана ва вегана.

Нахъияб къоялъ радал цудунго херас тIимугъ тIаса бахъана ва нахъеги рекIараб гIаштIиялъ цIулакьодул гъветI къотIизе лъугьана.

- Щиб дуе дидаса къваригIун бугеб? – ан гьикъана нахъеги лъицаялиго гъотIодаса.

Жиндирго кIудияб хъизаналъул щивав чиясул гьари гьесда бицараб куцалъ, хIарп хисизабичIого херас ТалихIалъухъе кьуна, ахиралда гьес рицана гIолохъанай нусалъ абурал рагIаби.

ГъотIодаса гьаракьалъ гьадинаб жаваб кьуна херасе:

- Дица кинабго тIубазабила. Амма дида цо жо – дур гIолохъанай нусалъул гьари – тIубазабизе дида кIоларо. Гьелъ гьарулеб буго гIаммаб гIумру, гIаммаб хIалтIи ва цоцаздехун рокьи, гьеб кинабго цадахъ босун ккола дун – киназего гIаммаб ТалихI.

КигIан гIемер херас гьара-цIаланиги, талихIалъ цого жо абулеб букIана: «дур гIолохъанай нусалъул гьари тIубазабизе дида кIоларо».

- Зобалъул, ракьалъул цIарги бахъун мун дие гьедана гури, дир рокъосез дуда гьарараб кинабго жо тIубазабилилан, гьедин батани, щайха дуца дир гIолохъанай нусалъул гьари тIубазабулареб? Бараб гьа хвезабулебищ бугеб? Дуца ургъунго цоцалъ къацандизабун батила дир кIудияб хъизан.

- Щиб дуда гьабилеб! – ан жаваб кьуна гьаракьалъ гъотIодаса. – Дун гьедун букIана, дица гьа хвезабиларо, гьелъие дир къуват гIоларо. Дурго рокъове а, балагьун бихьила.

- Сах-саламатго букIа, - ян абуна херас, хъабарча тIад ретIана, гIаштIиги босун рокъове тIадвуссана.

Рокъове гьев щвана ва накъищал рикIун гьарураб жиндирго тахбакIида гIодов вукIана. ТIубараб хъизан бекерун бачIана гьесухъе. Цояз хинал квераца хинлъизабулеб букIана херасул бахьинаб гьумер, цогидас хинаб лъадаца чурулел рукIана херасул хIатIал, лъабабилез гьесие кваназе ва гьекъезе жо бачIана. Херасе ихтилат-кеп, рохел-лазат гIуцIизе гIолохъабаз кучIдул ахIана, ясаз кепал кьурдаби гьаруна.

Нахъисеб къоялъ, радал цудунго киналго, гьоркьов чи хутIичIого, хIалтIизе лъугьана. Цояз рохь къотIана, цогидаз чIалаби цIияб мина балеб бакIалде раччулел рукIана. Лъабабилез гIиялъажалазе, оцазе ва гIачиязе, гамщазе, варанабазе ва чуязе кIалцIи-хер кьолеб букIана. Цояз бокьал, цогидаз азбар-къоно бацIцIад гьабулеб букIана. Цояз пирогал гьарулел рукIана, цогидал рукъарулел, цо-цояз кучIдул ахIулел,

аргъаналда бакъанал рачунел, лъималазе маргъаби рицунел, гIисинал кваназарулел рукIана.

Щивас хIаракат бахъулеб букIана жиндирго хIалтIи, цогидаздаса лъикI ва хехго тIубазабизе.

Киназго абизе байбихьана «нилъер хIалтIи», «нилъер магIишат», «нилъер лъимал». «Дир», «дун» абулел рагIаби лъалелго рукIинчIел гIадин кIалъалел рукIана киналго.

Киналго рокъосезул талихIалъ цIурал берал кенчIезе лъугьана, гьезул кIаркьаби багIарлъана, би-рахь жубараб берцинаб кьер лъугьана гьурмазул. Лъимал риццалъана, жанир цIуна, рацIцIа-ракъадго хьвадизе лъугьана, рази-ракиго расандилел рукIана. Чуял ва варанаби, чахъаби, гIачи ва ганцщал кьаралъана. Гьелги цIвакана, гьезул квас-рас кучI-кунчIана ва гьел чIухIун, гIамал кIодого хьвадулел рукIана. Кутулцин хIеренал, недегьал лъугьана.

ТIубараб къоялъ хъизан-кулпат свак лъачIого хIалтIулаан, къаси-мех щведал, цIияб кIудияб мина рохарал, чIинкъа-кIитIарал гIадамаз цIолаан.

ТалихI миркалъго, кидагоялъе рещтIана кIудияб хъизаналда. Гьеб талихI киназего гIаммаб букIана. Гьеб гьоркьоб щивниги течIеб кIудияб ТалихI букIана.

***Буссинабуна***
***Шарапудин СУЛТАНОВАС***



**ПатӀимат**
**МУХӀАМАДОВА**

*ПатӀимат МухӀамадова гьаюна Шамил районалъул Зивуриб росулъ. ГӀагараб росулъ ичӀго классги лъугӀизабун цӀалана Хунзахъ районалъул ГӀарани школа-интернаталда. ПатӀиматица кучӀдул хъвала байбихьул классаздасанго. Гьел рахъана Шамил районалъул «Цолъи» ва Хунзахъ районалъул «Росдал захӀматчи» газетазда.*

**ДИР МАГӀАРУЛЛЪИ**

**МагӀарухъ магӀишат бокьиларилан**
**МагӀарулъи толеб буго гӀадамаз.**
**ГӀатӀилъуда яшав бигьаябилан**
**Шагьаралъухъ росу буго хисулеб.**

**Рогьалилъ къватӀире, къаси рокъоре,**
**Ругьунаб, рекъараб букӀана гӀумру.**
**ГӀи-боцӀи хьихьиги, хурул хӀалтӀиги**
**ХӀалалаб букӀана гьабулебщинаб.**

**МагӀарухъ магӀишат гӀадлъун бихьарал,**
**ГӀодоблъуда руго апараглъуда.**
**Инсухълъиялдаса рикӀкӀалъанагӀан**
**Кьолбол хасиятал руго рилулел.**

**Кванил тӀагӀам гьезда щибго лъаларо,**
**Щиб къваригӀаниги, тукаде уна.**
**Умумузул хинкӀал, бухун ражигун,**
**НекӀого кӀочана, рукӀинчӀел гӀадин.**

**Рижараб мина-мирк квер хьвагӀунги тун,**
**Лъилали рукъзабахь рещтӀен гьабула;**
**Бащдаб моцӀ иналде хважаинзабаз**
**ХарцӀан бахъун квер цӀун гӀарац босула.**

ХIалтIи-пишаги щиб, щвара-щваралъуб
Щибго гурел кебкахъ гIетI тIун гьабулеб.
РетIел-хьит босани – кваний гIолареб,
Квен-тIехалъухъ кьуни – нахъе жо гьечIеб.

Гьедин магIна гьечIеб гIумруялдаса
МугIрул тIалъиялда тIуран лъикI гурищ?
ТIаде бачIунелъул баракат щакаб
Шагьаралъухъ росдал расги кьеларо.

Баккулеб бакъулцин кунчIи берцинаб,
Киб бугеб тIабигIат магIарухъ гIадаб.
Рогьалил хIанчIазул кучIдул хIайранаб
Батиларо бакIго нилъер гIадинаб.

Эбелаб ракьалъул тIугьдузул махIалъ
ТIаса росун уна дирни ургъелал.
Инсул ватIаналъул бацIцIадаб гьава,
Дарулъун хьвадула дир бидурихьалъ.

## ДИНАЛЪУЛ ЯЦАЗДЕ

Дир диналъул яцал – гIолилал ясал,
ГIолиллъи гIор гIадин, гIедерго уна.
Нилъ нахъ ралагьизе заман гIоларо,
ЛахIзатгIан къокъидго къисмат хисула.

Ургъел гьабичIого риччарал сагIтал
Ургъелазул цIураб гъамаслъун щола.
Пикру хIалтIичIого рорчIарал къоял,
Парахалъи чIвалеб чIорлъун ратула.

МагIнаябщиналде гIамал гьабуни,
ГIумруялъул нухлул шагьра лъугьуна.
Иманалъул цIурал ракIал ругезе
Ахир рохалица чирахъ бакула.

Аллагьасде мугъчIван гьабунщиналде
Бакраталъул гьотIол гьенола пихъал.
Бичасул цIобалде хьуллъунщиназе
Щола киналъего кумек ракьалда.

Дир диналъул яцал – гIолилал ясал,
Эбел-инсул хIурмат – гьеб нилъер налъи.
Вацазул къиматги кьолбол къадруги
Нилъер хьвади бихьун лъола роцада.

**Росдайго цIар буго, цIар борхат ккурай,**
**Намус-яхI цIунарай магIарулалъул.**
**Рогьоялъул гьарчаз тухум гъурула,**
**Тохал хасиятаз напс квегъаралъул.**

**Заманалъул чода чангит бачIони,**
**ЧамгIаллъиялъ ясал гъоркье рехула.**
**Бокьанщинаб ракIалъ тIаса бищани,**
**Балагьал тIалулъун тIаде регула.**

**Дунялгун ахират рекъон ккеялъе**
**Къисматалъул кIулал нилъехъго руго;**
**ЛъикIабги квешабги батIа бахъани,**
**БетIергьанас кумек камун толаро.**

## КIУДАЭБЕЛАЛДЕ

**ГьитIинго гIазаб хIехьон,**
**ХIалхьи черхалъе щвечIей,**
**ГIолохъанлъиялдаги**
**Хинлъи рекIеда чIвачIей.**

**Рагъде рос аралдаса**
**Ургъелабаз кIвекIарай,**
**Нахъвуссиндалги гьесий**
**Хъулухъ гьабун гIорцIичIей.**

**Ракъи-къечгун къварильи**
**БихьанагIан хIехьарай,**
**ХIалтIизе гIемер ккеялъ**
**ГIодой чIезе мех щвечIей.**

**Аваданлъи гIумруялъ**
**РекIеда жеги хъвачIей,**
**КIудаэбел, дур къисмат**
**Дир каранда унтула.**

**Соназул хIал бихьиялъ**
**Бечедаб гIакълу щварай,**
**Бихьанщинаб къулчIизе**
**Бергьараб сабру гIурай.**

**Щибаб жоялъул магIна**
**ГIорхъолъа ун бичIчIарай,**
**БитIарабгун тIекъалъе**
**Къимат дурусаб кьурай.**

**Хирияй кIодоэбел,**
**Дун дудаса чIухIана.**
**Дур къисматалъул тарих**
**Дие дарслъун букIана.**

**Мун дие гIумруялда**
**Даим мисал йикIана,**
**Дур малъиялъ лъадарун**
**Дирго гIакълу куцана.**

**Аллагьасда аскIойги**
**Мун лъикIайлъун ятаги,**
**Алжаналъул каваби**
**Дуе рагьун ратаги.**

**ГIарасат майданалда**
**Иман бугелщиналгун**
**БетIергьанас мунгун ниж**
**Данде гьарун ратаги.**

---

## МАГIАРУЛАЗУЛ ХАЛКЪИЯЛ КУЧIДУЛ

*Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал ракIариялъул кидаго кIудияб кIвар букIана, жакъаги буго. Дун ДГУялъул филологияб факультеталъул гIурус-Дагъистаналъул отделениялда цIалулел I97I–76 соназда ДГУялда НИИФЛИ гIуцIарав мугIалим, хъвадарухъан, фольклорист А.Ф.Назаровичас студентал батIи–батIиял Дагъистаналъул росабалъе ритIулаан халкъиял кIалзул асарал ракIаризе. Гьедин, чанго соналъ магIарул росабалъе хьвадун, дица херал чагIазухъа ракIарарал цо-цо халкъиял кучIдул кьолел руго гьаб номералда. Дидаса цере цогияз ракIарарал халкъиял кучIдузда дагьаб пархен бугел, цо-цо мухъал такрарлъулел ратизеги бегьула, амма гIемерисел кучIдул цереккун тIахьазда рахъичIел руго. Жакъа нилъеца щибаб магIарул халкъияб кечI букIа, маргьа букIа, кицаби, бицанкIаби рукIа ракIарав чиясе кIудияб баркала кьезе ккола. Дир мурад буго фольклор бакIарулел чагIи гIемерлъи. ЦIикIкIараб ригьалъул чагIи гIемер хутIун гьечIо, хасго халкъиял асарал лъалел. Гьеб хазина цIуни ва гьарза гьаби ккола кIудияб иш.*

*ЛъикIаб букIинаан нужехъги гьадинал кучIдул ратани «Гьудуллъиялъул» редакциялде ритIизе.*

***Наби ГIИСАЕВ***

## РОКЬУЛ КЪЕЦАЛ

***Яс:***
**– Балагье, гIадамал, дир вокьулесде,**
**Рокьи гьабилила, гьариларила,**
**Цингиги балагье дир гьудуласде,**
**Балай гьабилила, ячинарила.**

**Балай гьабулелъул, гьаруларелъул**
**Инсул азбаралде щай мун вачIарав?**
**Рокьи гьабулелъул, ячунарелъул**
**Лъадай-нахъеялъул нух ккун щай чIарав?**

***Вас:***
**– Инсул азбаралде дун хьвадана, яс,**
**Дур бахьинаб керен кваназе бокьун.**
**Лъадай-нахъеялъул нухги ккун чIана,**
**Дур чIегIерал берал гьекъезе бокьун.**

*Яс:*
**– Дир бихьинаб керен кваназегIан, вас,**
**Кванайги дур керен гIалхул хъурмаца.**
**Дир чIегIерал берал гьекъезегIан, вас,**
**Гьекъайги дур берал чIегIергъадица.**

* * *

Йокьулей ясалъ ячIине инкар ккураб мехалъ, кинабдай сихIру гьабун лъикIилан ургъанила гIолихъан. Ахирги хиял кканила гьурмада маскаги хун, маликумавтасул сураталда, ясалъухъе ине.

*Вас:*
**– Дун вуго, кьерилай, хас гьабун духъе**
**Аллагьас витIарав тIуварав вали,**
**Дур рухI босизеян зодоса щварав,**
**Зоб-ракьго хIикматав хIакъав ГIизраил.**

*Яс:*
**– Вай, Аставпируллагь, тавбо, дир Аллагь,**
**ГьадигIан гIатIидаб бакъул дуниял,**
**Дун жеги гIечIей жо, гIидралъ йигей жо,**
**ГIезегIан те абе дун Аллагьасда.**

*Вас:*
**– Къадар нахъ бахъулев лагъ вукIунарин,**
**Юсса къилбаялде, къай нуцIа, горду.**

*Яс:*
**– Цо лъикI балагьидал, дур гьумералъухъ,**
**Мун нижер росулъа вас вугин ккола.**

*Вас:*
**– Яс, дуе хабар щай, хех гьабе тавбо,**

*Яс:*
**– Абурав васасул квер босзегIаги**
**Кин дун йиччаларей, гьабсагIат щвела.**
**ГьадигIан гIатIидаб бакъул дуниял –**
**Цо сагIаталъгIаги ялагьун те дун.**

*Вас:*
**– Цо сагIаталъгIаги балагьун тела,**
**Габур сверун дида къвал жеманани.**

*Яс:*
**– АнцIул бокьаниги, къвалги жемила,**
**Къого бокьаниги, сагIатги тела,**
**Я гьаб дунялалда дун чIаго тани.**

Жеян рокьи ккараб каламги гьабун,
Цоцахъги балагьун, данде хурхана.
ТIокIаб хвеларилан халилатги тун,
Къокъуна гIолихъан гьелъухъа нахъе.

Гьанже гьезул гIадаб хабар рагIани,
ЦIорораб гамачIиги белъанхъилаан.

* * *

*Яс:*
– Борхатаб магIарде чан гIадинай дун,
Чиго гурев дуде балагьиларо.
Чундузда гьоркьойги ритIучI гIадай дун,
ИяхI гьечIев дуда дун кIалъаларо.

*Вас:*
– Борхараб магIарда чан гIадинай мун,
Дир чалухал бераз чучизайила,
Чундузда гьоркьойги ритIучI гIадай мун,
Хъван сабабал кьела, таризайила.

*Яс:*
– Дур хъварал сабабаз дун тариладай,
Тамахав гурев вас Бичас вижичIо.
Дур чалухал бераз дун чучиладай,
Биун чаран гурищ черхалде тIураб.

*Вас:*
– Биун чаран тIураб черх букIунебдай,
Чорхой гIечIин, ясай, бицараб рагIи.
Тамахав чиясда гIуж букIунебдай,
РекIей гIечIин, гьудул, берзул балагьи.

* * *

*Яс:*
– Нухал къваридалъуб къорги дий гъоге,
Къорица ккечIей дун кколаро дуца.
КъватIал гIатIидалъуб чанги гьабуге,
Чидай унеи йигин – щвеларо дуе.

*Вас:*
– Нухал къваридалъуб къорги дуй гъела,
Къорица ккечIей мун ккелей дицаго.

**КъватІал гІатІидалъуб чанги теларо,**
**ГІарцул чангитги бан цІалей мун хадуй.**

*** * ***

**Бехе унеб гІорги кІихІи бикьула,**
**КІихІи бикье, васав, рокьул бащалъи.**
**ТІерхьун унеб бакъги нахъги буссуна,**
**Цо дидеги вусса, дир гІамал берцин.**

*** * ***

**Я гьаб дунялалъул багьаяв гьудул,**
**Багьана щиб ккараб дунгун барщизе.**
**Багьана бихьизе урхьарав гьалмагъ,**
**Гьа, бачея цо квер рекъел гьабизе.**

**Я гьаб дунялалда чи тІагІун гуро,**
**ТІоларо, дир гьудул, дудаса рокьи.**
**ТІагъур лъуралщинал лъугІунги гуро,**
**Дуца квараб керен квеш букІун буго.**

*** * ***

**Рокьиялда гьоркьоб кьалги букІуна,**
**Кьалдайищ рукІинел, гъажаби гургин.**
**Балаялда жаниб жахІдаги ккола,**
**Жемараб бичуге дир черхалда къвал.**

*** * ***

**Унтун босноб ккайги меседил лага,**
**Рес рекъанщинахъе яккизе ине.**
**Росулъго тІубаги тІогърол лъей берцин,**
**Радал–бакъанида къойил вихьизе.**

* * *

Васги ясги цоцазе рокьула. Амма васасул эбелалъ рекъай йигилан васасе жиндир рокьи ккарай яс ячине йиччаларо. Гьеб мехалъ ясалъ абула гьал кочІол рагІаби:

**Берцинал ясазул ракІалъул гьудул,**
**Гьанже диде вусса, сипат хвелелде.**
**Сверун мадугьалихъ ругьунаб хъергъу,**
**ХъахІаб дир каранде квергІаги бегье.**

**НикІалай ханасул хъахІаб гІабаси,**
**ХъахІбабаца какун дун квешлъиларо.**

ХIарщулъ ругел тIутIал тIаделъунилан
ТIогьолъ бугеб найил къимат хвеларо.

Рекъай йикIаниги – къатIипа йиго,
Къокъай йикIаниги – Бахтика гуро,
Берцинай йикIине ТIелекьа гуро,
Хунзахъго цIар араб цIорол машина.

* * *

МаркIачIулъ ахIдоге, ихдалил гагу,
Гуллица борлъараб керен унтула.
Рогьалъ зигардуге, зобазул тIавус,
Загьру тIаде тIураб тIул-ракI бухIула.

* * *

Махи-ГIарифасул гIонсода гIадин,
Машааллагь хъварал гIебал гъажаби.
ГIумар-асхIабасул надалда гIадин,
Рокьул мугьру чIвараб чIурканаб лага.

* * *

Дир рокьи бугилан руго кьерилал,
Кьалищха гьабилеб гьудуласулгун.
Балагьи бугилан руго гIадамал,
Балагьизе гурищ берал рижарал.



**МухIамадрасул**
**ДАЦИЕВ**

## Исана 65 сон тIубала шагIир, журналист, юморист МухIамадрасул Дациев гьавуралдаса

*ГIагараб Буйнакск районалъул ХIабщиб росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун МухIамадрасул Дациев ана армиялъул налъи тIубазабизе. Рагъул ралъдал училищеялда цIалун хадуб, анцIила щугониги соналъ хъулухъ гьабуна улкаялъул яргъилал къуватазда – ралъдалъ букъун хьвадулеб гамида.*

*Къисматалъул нух байбихьуда батIияб рахъалде сверaниги, сонал индал МухIамадрасул жиндир рекIелъ рукъ ккураб, жиндилъ Аллагьас гьунар-махщел лъураб рахъалде вуссана. 1980 абилел соназул ахиралда гьев хIалтIана магIарул мацIалда бахъулеб «Гъудуллъи» журналалъул редакциялда. Хадув Дациев вачIана «ХIакъикъат» газеталде. МухIамадрасул сатирик, юморист хIисабалда машгьурлъана магIарулазда гьоркьов. 1990 абилел соназул авалалда «ХIакъикъат» газеталда жаниб рагьараб «Бахьикъос» абураб сатираялъулгун махсаро-хочIалъул гьумер гIуцIаразул цояв вукIана Дациев. Араб соналда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччана МухIамадрасулил «Меседил ччугIа» абураб махсаро-хочIалъул харбазул тIехь. Гьеб тIехьалдаса цо хабар кьолеб буго нижеца.*

### ДИЦА ГАИШНИКАСДА КАРАТІ БАХЪАНА

Дидаго гIадин нужедаги, хасго шоферзабазда, ракIалда батила цебе правабазда цадахъ картоналъул талоналги рукIараб заман. ГIайиб ккарав шоферасул гьеб талоналда гаишникас хасаб цо каратI бахъулаан. Лъабго каратI гьелда гIунани, праваби хисизе, ай цIидасан экзаменал кьезе кколаан.

Къокъго абуни, талоналда лъабго каратI бахъани, гьелъул кIудияб балагьги базарги букIунаан. Гьелда хурхун дирги ккана цо кепаб иш. Шагьаралъул цо къотIносан пирожковозги боржинабун вачIунев дун, ГАИялъул инспекторас, тIилги борхун, хадубго ракIчIеялъе пиштIизеги пиштIун, чIезавуна.

- Мун унев вукIана сагIаталда жаниб нусго километралъул хехлъиялда, - ян абуна гьес. – Гьеб ккола кутакалда кIудияб, бегьизего бегьулареб, хIаталдаса араб нарушение, - ян тIадеги жубана, сумкаялъуса къватIибе картIал рахъулеб жоги бахъулаго. Дун лъугьана гьесие лъикIаб бицине, рецц-бакъ гьабун гьев дагьавниги воха-хинлъизавизе, амма жо ккечIо – гьесул кьварараб, гIунараб сипат гIунухъего хутIана.

- Хабар тун талон гьанибе кье! - ян абуна гьес, тIад речIчIизе къачIарав гIадин, ццидалъ.

Дица нахъеги хIалбихьана гьев дагьавниги тамахлъизавизе, дидасаго гIайиб хъуштIизабизе. КIванагIан гьерсал рицана, мадугьаласул чIужу лъимер гьабизехъин йигин, дирго якьадги рагIалде якIарун йигин, гьел хехго больницаялде щвезаризе къваригIун рукIанин, гурони, гьел кIиялго хвезеги бегьулин абун.

Инспекторасда дир мацI бичIчIичIо. БичIчIаниги гьес гьеб бехе биччачIо.

- Талон гьанибе кье! – ян абуна гьес кIиабизеги хъачIго.

Дица, тIубанго хьулги къотIун, сородулеб квералъ талон гьесухъе бегьана. Гьелда кIиго каратI бахъунги букIана. Гьанже бахъизехъин букIана лъабабилеб – ахирисеб.

Инсперктор, кквезе щвараб гIонкIкIодаса кету гIадин, ракI регьун, дир талоналъул хал-шал гьабулев вукIана.

- Гьалмагъ инспектор, - ан абуна рес къотIарав дица, - каратI бахъичIого кинго тIубалареб батани, бегьиларищ гьеб дицаго бахъизе?

Инспектор гIажаибго валагьана дихъ. Гьесие цIакъ рекIее гIуна дирго талоналда лъабабилеб каратI бахъулев талихIкъарав дихъ, къоркъохъ борохь гIадин, валагьун чIезе.

- Маха, бахъе бокьун батани, - ян абуна гьес, жиндирго согIаб алатги дихъе кьолаго. Дица гьесухъа картIал рахъулеб жоги босун, гьелда жанибе щакърахунаго гIадин, дирго талон бегьана ва данде къана. КъварцIилан гьаракьги бахъун, гIодобе бортун ана кагътил гьитIинаб гор. Гьеб букIараб бакIалда лъугьана берцинаб гургинаб каратI. Ахирисеб – лъабабилеб каратI.

- Рес щун бугелъул цо чанго нахъеги бахъун тезин тIокIалъ киданиги руланда нахъа гIодов чIечIого вукIине, - ян инспекторасдаги абун, дун лъугьана дир талоналда цIи-цIиял картIал рахъизе. Дица гьеб жибго цIалкIу гIадин гьабизе букIана, инспекторас, тIадги речIчIун, дида кодоса картIал рахъулеб жо бахъун инчIебани.

Нахъисеб къоялъ радал вилълъана дун районалъул ГАИялде. ВачIинахъего ана начальникасда тIаде.

- Ма, цо гьалъул хал гьабе, - ян абуна дица ГАИялъул начальникасда, дирго картIахараб талонги гьесда цебе лъун.

- Сундул хал гьабилеб?

- Сундулха букIинеб, гьале гьаб дир таллоналъулха. РикIкIе чан каратI гьелда гьабун бугебали. Мун дида божиларо, амма сон дун чIезавурав нужер инспектор, тамахго абуни, тIуварав вукIинчIо, гIезегIан шарикал камурав вукIана, - ян бичIчIизабуна дица гьесда, гьванщида чIикIарулеб килишги тенкезабулаго.

- ЦохIо каратI бахъизе кколеб бакIалда гьес гьале лъабго-ункъониги бахъана. Дица нухлул гIадлу хвезабун букIарабани батIияб иш бугоха. Щибниги гIиллаго гьечIого жувана гьев велъанхъилаго, дир талоналда картIал рахъизе. ТIадги хурхун, дицаго нахъе бахъичIебани, гьес гьеб битIахъе цIалкIу гIадин гьабизехъин букIана, - ян абуна дица кутакалда ракIхварав чияс гIадин.

Начальникас кодобеги босун таллоналъул лъикI хал-шал гьабуна ва гIемерав хIикмалъиялъ бетIер хьвагIезабизе лъугьана. ХIикмалъичIогоги кинха вукIинев талоналда букIине кколеб лъабго каратIалъул бакIалда анлъгониги букIиндал. Гьел картIалги инспекторасул хасаб алаталда гурони батIияв чиясда рахъизе бажаруларел! Начальникас гъваридго угьун хIухьел биччан ва, секретарша ахIун, гьелда дие цIияб талон хъвайилан лъазабуна. ЦIияб, цониги каратI тIад гьечIеб таллонги босун, нахъе унев дун, начальникас гъажалда кверги лъун нуцIихъе щвезавуна ва нуха регIана. Гьес хIаракат бахъулеб букIана кIванагIан дун разиго хутIизавизе, цогидал тIад ругел хIакимзабазда ГАИялда гIабдалзаби ругилан дица бицинчIого тезе. Дирги гьелда дагIбаго букIинчIо.

## КЪО-МЕХ ЛЪИКI, НИЖЕР ФАЗУ



**ГIуж бан толеб буго щибаб харида,**
**ХатI хъван толеб буго щибаб ганчIида,**
**Дун гьаб дунялалда пархараб лахIзат,**
**ХIайранлъи аниб тун, ина хобалъуй.**

Гьедин хъван букIана Фазу ГIалиевалъ цо кочIолъ. Харида гIужги ганчIида хатIги гуребги, халкъалъул рекIелъ хвелгьечIеб лъалкIги тана шагIиралъ. Пирхараб пирилъун гурей, гвангъун щвараб бакълъун йикIана Фазу гIумру-ялдаги адабияталдаги. ХIайранлъиги, хIеренлъиги, хIасратлъиги анибги тун ана гьей абадияб рокъое. Дие гIадин рокьа, гIадамал, нужги цоцазе абураб васиятги нилъее гьабун, басрияб сон цIиялъ хисулеб лахIзаталъ къо-лъикI гьабуна гьей тIадегIанаб гьунаралъул, бергьараб бичIчIиялъул, бокьарав чи рухIдаллъизесеб гIакълуялъулги, гIаданлъиялъулги, гIадатлъиялъулги чIужугIаданалъ. Шагьаралде исана тIоцебесеб балеб баракатаб гIазуялъ нухда регIана гьей ахираталъул рокъое. Батизе бегьула гьеб киналъулъго нилъеда бичIчIулареб, амма пикру гьабизе нилъ тIамулеб Аллагьасул хIикмат.

Фазу – цохIо гьеб цIаралъ, гьеб ункъо хIарпалъ гIемераб жо жанибе бачуна. Гьеле гьеб жиндирго цIаргIанги кинабго рахьалъ къанагIатаб тIокIлъи-тIаде-гIанлъиялъул инсан йикIана Фазу. Аза-азар халкъ хIайран гьабурал жугьаби, хIажалъи жинде ккарал нус-нус гIадамазе гьабураб кумек, кинаб лъугьа-бахъин Дагъистаналдаги улкаялдаги кканиги, анцI-анцI бакIалда гьабураб маслихIаталъул калам. Кинабго борцине, киналъулго бицине рес рекъеларо. ЦохIо Дагъистаналъул гуребги, Кавказалъулго тарихалда яхъинчIо ФазугIан халкъалда гьоркьой машгьурай, цIар рагIарай чIужугIадан. Гьебгиха цебесан квер цIазе, яги нахъасан квербакъизе щивго чиги гьечIого, жиндирго гьуна-ралдалъун, бажариялдалъун.

Фазу ГIалиева гьаюна 1932 соналъул 5 декабралда Хунзахъ районалъул Гиничукь росулъ.

ЛъугІизабуна Дагъистаналъул руччабазул désinstitut ва Москваялъул М.Горькил цІаралда бугеб Литературияб институт. 1962 соналдаса 1971 соналде щвезегІан хІалтІана Дагъистаналъул цІалулгун педагогияб издательствоялда редакторлъун. 1971 соналдаса гІумруялъул ахирисеб къоялде щвезегІан – «Дагъистаналъул чІужугІадан» («МагІарулай») журналалъул бетІерай редакторлъун.

Фазу ГІалиевалъ къватІибе биччана поэзиялъулги, прозаялъулги, публицистикаялъулги асаразул магІарулги, гІурусги, цогидалги нилъер ва къватІисел улкабазул мацІазда нусгоялдаса цІикІкІараб тІехь.

Дагъистаналъулги улкаялъулги адабият цебетІезабиялъе гьабураб кІудияб хІалтІуе гІоло гьелъие кьуна Советияб Ракълил фондалъул, Рекъел цІуниялъул Советияб комитеталъул, ТІолгодунялалъул рекъел цІуниялъул комитеталъул медалал, къватІисеб чанго пачалихъалъул батІи-батІиял шапакъатал, «ХІурматалъул гІаламат» кІиго орден, «Халкъазул гьудуллъиялъул» кІиго орден. 2002 соналда шагІиралъе кьуна улкаялъул бищунго тІадегІанаб шапакъат – Святой апостол Андрей Первозванныясул орден. Амма бищунго тІадегІанаб шапакъатлъун Фазуца рикІкІунаан «Россиялъул чІухІи» орден. «ТІолабго гІумруялъ дие чІухІилъун букІана Россия. Гьанже гьелъ дун жиндирго чІухІилъун рикІкІуней йиго. Гьелъие ритІухъайлъун йикІине жигар бахъила дица», - ян абулаан Фазуца.

ХІакъикъаталдаги жиндир тІолабго гІумруялъ Фазу ГІалиева ритІухъай йикІана магІарулазеги, Дагъистаналъеги, улкаялъеги. Гьелъ, цо къатІра течІого, жийго сайгъат гьаюна гІагараб халкъалъе. Гьелъ хъвалебги, бицунебги, гьабулебги букІана халкъалъул рекІелъаги босун, ургъун, куцун, берцин гьабун, магІнаялде бачун халкъалъухъего кьолеб.

Фазу жийго Аллагьас кьурал къоял лъугІун ахираталъул рокъое аниги, гьей шагІирги гІаданги хІисабалда Дагъистаналъулги улкаялъулги абадияб тарихалда хутІизе йиго. Гьелъул цІарги, цІаги, цІваги анцІ-анцІ хадусел гІелазе хвелгьечІеллъун рук1ине руго.

Фазул васазда, яцазда, гІагарлъиялда, гинчадерил жамагІаталда, магІарулазда, дагъистаниязда нижеца зигара балеб буго гьей иман-яхІ бечедай инсан къадаралде щвеялда бан.

Аллагьасда аскІойги лъикІайлъун, Алжан насибайлъун ятаги Фазу.

*Республикаялъул Литературиял*
*журналазул хІалтІухъаби, Дагъистаналъул*
*киналго хъвадарухъаби.*

## ФАЗУ РАКІАЛДЕ ЩВЕЯЛЪЕ

**Фазу, фазан хІанчІил хІули гІадинай,**
**Фазу, зобалазда чІараб нур гІадай,**
**Фазу, гІазабазул гІазу хІехьарай,**
**ГІазу балеб къоялъ къаникье арай.**

**КочІол баргъичалда якъут гІадинай,**
**Къарнудул гьурмада гьими гІадинай,**

**Гъунаралъул бакъул къудрат гIадинай,**
**ГIодулеб буго ракI мун хвараб къоялъ.**

**Каранда рещтIуна рагIаби, Фазу,**
**МагIу духъ чвахарал, рохел биларал.**
**Къоло цоабилеб векалъул гъасда**
**Гъаримго хутIана дунги дир кечIги.**

**ГIазу балеб буго Дагъистаналда,**
**Дагъистан чIухIарай яс юкъулелъул.**
**КIиго къарну буго тIаде къулулеб,**
**Къваридаб бакъан гьез буго бачунеб.**

**«Фазуян» ахIтIола къоабилеб век,**
Мун дир зобалазул хIинчIлъун йикIанин.
**КIудияб къисматги, кочIол къисаги**
**Дица кьураб бугин дуе ракьалда.**

**Къоло цоабилеб век нечон буго,**
**Ячине кканин мун, гьаб дунялги тун.**
**Уней йиго Фазу, мусругIан хъахIаб,**
**ГIазу балеб буго ахираб нухде.**

**Хирияй дир гьудул, даимай шагIир,**
**Дагъистан чIухIарай хIикматай Фазу.**
**ХIукумат гIуцIана дуца цIаралъул,**
**ЦIва тана зобазда Фазуйин хъвараб.**

**ШагIирасул къимат хун хадуб лъала,**
**Хун хадув цIидасан гьавула шагIир;**
**Кидаго инаро мун дир рекIелъа,**
**РекIараб свинаро дур цIар каранда.**

**Фазу, фазан хIанчIил хIули гIадинай,**
**Фазу, заманалда чIараб нур гIадай.**
**Фазу, гIазабазул гIазу хIехьарай,**
**ГIазу балеб къоялъ къаникье арай.**

*МухIамад АХIМАДОВ,*
*1 январь, 2016 сон.*



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*Бац1ц1адаб маг1арул мац1,*
*Маг1наяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе «Гьудуллъи».*

*Нилъерго г1адат, г1амал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве «Гьудуллъи».*

